



Viv Lavi nan yon Nouvo Sous

Livre 1

Bill Loveless
Les Ministeres Christ Is Life

Viv Lavi nan yon Nouvo Sous

Lis Sijè yo

Dispozisyon Etid la.....Page 3

Leson I – Ki Diferans ki genyen ant Viv « On » Vi (kreyèn) Avèk Viv « Lavi »

(Kreyèn).....Page 5

Leson II – Ki wòl Bondye epi ki wòl ou Nan Lavi Bondye Nan ou?

.....Page 35

Leson III – Verite Kle Sou Mach Pa Lafwa – Konprann Kris kòm Lavi w’.

.....Page 60

Leson IV – Fè Eksperyans Pwomès Viktwa, Libète ak Gerizon Bondye yo.

.....Page 82

Leson V – Konba Lafwa a. page108

Leson VI – Sa wap atann sou Mach ou Pa Lafwa Page 133

Dispozisyon Etid sa a

Mwen vle remèsye nou paske nou chwazi etidye *Viv Lavi nan yon Nouvo Sous*. Avan m' kòmanse, mwen kwè li t'ap itil pou m' ba ou tout dispozisyon etid la. Etid la genyen 6 leson, epi chak leson genyen 5 lekti pa jou (premye Jou, Dezyèm Jou, etc...). Si nou reyini pa semèn, n'ap gen 7 jou pou nou fini 5 lekti pa jou yo. Nan chak leson sa yo n'ap jwenn **Kesyon, Sijè meditasyon**, epi on seksyon ki rele **Angaje Bondye**.

Kesyon

Kesyon yo se pou ou prensipalman yo ye, pou konpare sa w' genyen kòm kwayans avèk verite ou sot li a. Kesyon sa yo vini antèt lis la, lè wap mete deyò tout fo kwayans ou ta ka genyen.

Meditasyon Lekriti a

Kèk moun nan gwoumen avèk mo meditasyon an akòz lòt sans yo ba li nan moman an. Men se yon mo ki nan Labib, e nou pa dwe wont sèvi avè l'. Kesyon an se pou konnen sou kisa epi sou kimoun n'ap medite a. Rezon meditasyon nou an se Bondye avèk verite li yo. Definisyon pa m' sou mo "medite" nan etid sa a, se reflechi sou verite sa yo w'ap li a.

Engaje Bondye

Seksyon « Engaje Bondye » yo nan chak leson reprezante pati ki pi enpòtan nan etid sa a. Seksyon sa a se pou ou, kote pou mande Sent Espri pou l' ba ou revelasyon pa w', konprann pa w', epi aplikasyon pa w' sou sa w' sot li a. Se yon kalfou kote w' tonbe sou kèk verite kontrè avèk kwayans ou. (Si nou pa chèche Bondye pou li revele nou verite li a, nou p'ap fè on pa kita, on pa nago sou move kwayans nou t'a ka genyen). Konsa, asire nou ke nou pran tan pou nou angaje Bondye pandan n'ap avanse nan etid la.

Revelasyon

Piske m'ap sèvi ak mo « revelasyon » an pandan etid la, mwen vle defini sa m' konprann sou mo sa a. « Revelasyon » vle di tou senpleman ke Bondye pran on fason sinatirèl verite li a, li fè l' vin pa epi nan jan w'ap viv. Revelasyon an soti avè w' nan yon konprann entèlektyèl e li mennen w' nan yon konprann espiyèl sou verite Bondye a.

Verite Kle

Silvoulè kenbe verite sa a pandan tout etid la :

Ou p'ap ka viv deyò sa w' kwè.

Si w' kwè nan yon manti, enben, se konsa w'ap viv.

Sa a enpòtan anpil, paske sa w` kwè gen konsekans sou sa w' panse, jan w' konpòte w', epi chwa w' fè. Konsa, yonn nan objektif Bondye nan etid sa a, se fè limyè sou move kwayans yo , renouvle lespri w', epi libere w` dapre Jan 8 ; 32. Konsa, priyè m' pou nou se pou nou chèche li pandan etid sa a pou l' libere nou anba move kwayans nou yo epi anba move konsekans move kwayans sa yo kreye nan lavi nou.

Premye Leson

Ki Diferans ki genyen ant Viv « ON » Vi (kreyen) Avèk Viv « Lavi » (Kreyen)

Premye Jou

Entwodiksyon

Avan m' kòmanse, mwen panse ke li enpòtan pou nou konnen verite yo ke mwen pral pataje a pa verite teolojik sèlman pou mwen, men se verite ki kontinye ap transfòme panse mwen, santiman mwen yo, kwayans mwen yo, konpòtman mwen, epi chwa yo ke m'ap fè nan moman an. Kòm mwen te travay avèk kèk kreyen nan ministè a, mwen te temwen jan Bondye te libere yo avèk verite sa yo. Mwen kwè ke sa se yon bagay nou bezwen pou lavi nou tou. Bòn nouvèl la sèk transfòmasyon sa a se yon pwomès Bondye pou chak kreyen.

Apèsi sou Premye leson an

- Konprann ki diferans ki genyen ant viv « ON » vi (Kreyen) avèk viv « LAVI » (Kreyen)
- Wè verite Bondye a sou sans « LAVI »
- Sa sa vle di Bondye se sous nou
- Aprann kote PECHE epi kote LAVI la kwa a
- Konprann kòman Bondye ap transfòme lavi nou pandan n'ap viv nan li kòm sous la

« ON » Vi Kont « LAVI »

Tit leson sa a se yon kesyon, paske li enpòtan pou nou konnen diferans ki genyen ant viv «ON » vi kreyen ak viv « LAVI » kreyen. Poukisa ? Paske yonn nan yo mennen nan akonplisman pwomès vikwa, libète, epi transfòmasyon Bondye yo, tandiske lòt la mennen nan plis defèt, plis atachman san chanjman nan lavi nou. Mwen t'a vle pataje istwa pèsonel mwen pou eksplike diferans ant « ON » Vi ak « LAVI ».

Mwen te Viv « ON » Vi Kreyen Pandan Trant An

Avan mwen pataje istwa m' nan, kite m' defini « ON » vi Kreyen.

« ON » Vi Kreyen :

Yo te montre m' sa m' te dwe fè, avèk èd Bondye, pou m' viv lavi kreyen epi pou m' fè plezi epi agreab pou Bondye, pou lòt moun.

Mwen vin Kreyen a 18 tan, men mwen pa t' serye sou sa jiskaske m' te gen 22 zan. Nan pwen sa a, mwen te poze kesyon sa a, « kisa m' sipoze fè pou m' viv lavi kreyen ? » Mwen te poze kesyon sa a paske tout sa mwen te fè nan lavi mwen, mwen te fè yo apre m' te fin aprann fè yo. Se konsa, mwen te panse ke mantalite « aprann epi fè » sa a te ka mache pou viv lavi kreyen. Èske kesyon m' nan sanble li lojik pou nou?

Men kèk repons kèk lòt kreyen te bay pou kesyon m' nan:

- 1- « Yo te montre m' se nan labib pou m' aprann epi pou m' soti al eseye realize sa ki di a. »
- 2- « Yo te montre m' ke m' te bezwen eseye kanpe sou peche. »
- 3- « Yo te montre m' pou m' eseye kenbe prensip ak komandman Bondye yo. »
- 4- « Se mwen ki te dwe chanje tèt mwen avèk èd Bondye. »
- 5- « Mwen te dwe eseye vini pi jis. »
- 6- « Mwen te dwe eseye transfòme konpòtman chanèl mwen an an konpòtman esprityèl »
- 7- « Mwen te ka jwenn libète epi vikwa si m' te eseye anpil. »

M' te panse si m' te ka reyalize bagay sa yo avèk èd Bondye, mwen te ka vini on kreyen total ki fè Bondye plezi avèk lòt moun tou. An palan de sa, èske nou konprann mo « eseye » a nan chak egzanp anlè yo ?

Kesyon : Èske yo te di nou pou nou fè yonn nan bagay sa yo pou nou viv lavi kreyen ?

An « entèlijans », mwen te eseye reyalize tout bagay sa yo pandan trant an kòm kreyen. Pwoblèm nan sèke plis mwen te eseye, bagay yo te vin pi mal. Olye pou m' te goute libète, vikwa, ak transfòmasyon Bondye pwomèt yo, mwen te vin plis fristre sou kondisyon kreyen mwen paske anyen pat sanble chanje. Mwen te gen on santiman echèk chak jou plis paske mwen pa t' ka reyalize sa moun yo te mande m' pou m' realize a. An plis, mwen te vle libere m' anba kèk lit trè pèsònèl.

Lit Pèsònèl mwen Yo se

Pandan peryòd 30 an sa a, m' t'ap mennen gwo lit anndan m' kont mank, laperèz, lakolè, epi endiyite. Konba sa yo te tèlman rèd nan lavi m' ke yo te vini tankou « diktatè » nan mwen k'ap komande santiman mwen yo ak chwa mwen yo. Verite a sèke mwen te vle libere tèt mwen anba atachman avèk konba sa yo. Apre tout, bagay se pwomès la ki nan Jan 8 : 32.

« W'ap konnen verite a, epi verite a ap rann ou LIB »

La a ankò, yo te di m' si m' te eseye fò ase, avèk èd Bondye, mwen t'a ka libere tèt mwen. Men malgre mwen te eseye anpil mwen pa t' ka libere tèt mwen anba santiman ak kwayans laperèz yo, kolè yo, mank yo epi endiyite yo. Sa ki pase sèke santiman yo te vin pi mal. Apre plizyè ane kote m' t'ap eseye libere mwen anba lit sa yo, mwen te fini pa rann mwen kont ke sa m' t'ap fè yo pa t' mache (e yo pa t'ap janm mache).

Verite a sèke, on lè konsa nan trajè trant an an, mwen abandone bagay vi kreyen sa a paske li pa t' transfòme mwen, li pa t' reponn a sa m' t'ap tann yo, epi li pa t' pwodui pwomès libète ak viktya yo. M' te gen santiman ke Bondye te kite m' tonbe e ke m' te lage pou kont mwen. Mwen te vin pi miserab pase avan. Sa k' pase sèke mw te gen on depresyon tèlman rèd ke m' te panse touye tèt mwen.

Èske se sa lavi an abondans la ke Bondye te prepare pou mwen an pandan tout ane sa yo ? Kisa mw te fè ki mal ? Èske te gen yon verite-kle ke m' pa t' konnen sou konprann lavi kreyen nan ? E nou menm ? Èske yo aprann nou kèk nan bagay yo te aprann mw yo e èske nou eseye realize yo ? Si wi, m' gen kèk kesyon pou nou :

- Nan mach kreyen nou, èske nou nan lit avèk estabilite.

- Èske gen yon motif peche nou pa ka libere tèt nou anba l' ?

- Èske gen yon konpòtman osinon yon atitud peche ke nou te vle chanje men ki sanble pa janm chanje kèlkeswa sa nou eseye ?

- Èske nou panse ke gen yon bagay ki manke osinon ki twòp nan lavi kreyen nou?

Si nou reponn « wi » pou yonn oubyen plizyè nan kesyon sa yo , li posib pou, menm jan ak mwen, nou te viv «ON vi kreyen ». A la verite, viv « ON » vi kreyen pa p' janm pwodui on vi reyisi, konfòtab, oubyen transfòme. Si nou kontinye ap viv « ON » vi, l ap sèlman pwodui :

- Plis fristrasyon
- Plis echèk
- Plis atachman
- Plis desepsyon
- Plis toumant anndan
- Plis menm bagay yo oubyen sa ki pi mal (sa vle di pa gen chanjman osinon transfòmasyon)

Lè w'ap gade lis ki anlè a, mwen espere ke w'ap dakò avè m' ke sa a se pa mòd lavi Bondye vle pou nou viv la.

Viv « ON » vi kreyen ap sèlman pwodui plis echèk, plis atachman san transfòmasyon. Èske se lavi sa a Bondye te planifye a ? Oubyen èske gen yon lòt vi nou dwe konnen ?

Kesyon: Èske w'ap viv « ON » vi kreyen? Si wi, koman w' santi w' osijè de lavi kreyen ou jiskela ? Fristré ? Abati? Pèdi ? Vle plis ? Manke on bagay ? Vle abandone ? Vle eseye pi rèd?


Konsa lè w' gade rezilta viv « on vi bay sa fè nou poze kesyon sa a, « Èske Bondye gen on lòt vi pou nou ? » Bòn nouvèl la sèke Bondye gen on lòt vi pou nou konnen, e se « LAVI ». An nou wè sa sa vle di « LAVI ».

Sa « LAVI » kreyen ye ?

Mwen kwè repons kesyon sa a dwe komanse nan konprann sa Jezi ak Pòl te di sou « LAVI ».

« LAVI kreyen » se : sa Jezi di

Jezi te di :



« ... MWEN SE chemen, la verite epi LAVI... »

Jan 14 : 6

« ... MWEN SE la rezireksyon epi LAVI. »

Jan 11 : 25

Kisa jezi vle di nan 2 pasaj sa yo ? Pou mwen menm li klè ke Jezi vle di ke se li menm ki LAVI a. Kisa li vle di lè li di li se LAVI a ? Pandan plizyè ane, mwen t'ap li vèsè sa yo mwen te konprann finalman ke yo te vle di sèlman ke Jezi se te sous lavi etènèl mwen. Sepandan, li posib pou Jezi vle di nou on bagay an plis sou pasaj sa yo ? An nou fouye plis sou repons kesyon sa a pandan n'ap gade sa Pòl te di.

Sa Pòl te Di Osijè de Viv LAVI kreyen

Pòl te pran verite Kris la kòm « LAVI » nan yon nivo plis pèsone lè li te di nan Kolosyen 3 : 4 :

«... Kris se lavi OU... »

Kisa Pòl vle di nan vèsè sa a ? Li vle di ke lavi Kris la plis pase lavi etènèl li te ba ou nan Sali a. Li vle di ke Kris se lavi w' jodi a, konnyè a menm. Nan pwèn sa a, ou kapab grate tèt ou epi w' mande, « De kisa Pòl ap pale ? Sa sa vle di Kris se lavi m' ? Lavi Pòl ap pale a, èske se lavi kreyen ? » Mwen kwè repons la twouve l' nan filipyen 1 : 12 lè Pòl di :

« Pou mwen, viv SE Kris... »

Pòl vle di ke lavvi pou li se Kris nan lavi li. Jezi ak Pòl revele nou on gwo verite ki se :

« LAVI » Kreyen

SE yon MOUN: se Kris LI-MENM MENM!

Kreyen se pa yon vi ke nou kapab pwodui. Se yon vi ke Kris sèlman ka pwodui.

Verite a sèke lavi kreyen se pa on kesyon de viv « on » vi. Kesyon an se viv « LAVI ». Pwoblèm nan sèke oumenm avè m', nou pa ka viv « LAVI ». Se Kris sèlman ki ka fè l'. Kitem' pataje avèk nou jan mwen dekouvri « LAVI ».

Mwen Te konprann anfen Sa sa Te Vle Di Viv « LAVI ».

Mwen pa t' konnen, pandan trant an sa yo, ke Bondye t'ap kondui pwosesis ki te dwe rive nan fen efò pèsonèl mwen yo pou m' viv lavi kreyen. Dimanch 04 oktòb 1998, pandan m' chita nan « parking » legliz nou an, on panse te vin nan tèt mwen sou fòm on kesyon. Kesyon an te di konsa, « **Èske w' fin eseye, avèk fòs pa w' epi ladrès pa w' pou fè lavi kreyen mache ?** » Mwen pa t' gen dout nan tèt mwen se te Lespri Bondye ki t'ap pale avèk mwen. Mwen te reponn Bondye, « Mwen fini ! Mwen pa ka fè l'. » Tan Bondye a te fay paske jou sa a nan legliz la, Bondye te sèvi ak yon predikatè envite yo rele **Ian Thomas** pou pataje verite « LAVI » a. Lè l' te leve pou l' pale jou dimanch sa, premye mo li te di yo se te,

“Bondye pa t' janm vle pou te viv LAVI ke Kris sèlman ka viv nan ou epi a travè ou.”

Mwen te sezi tande mo sa yo paske, se te premye moun padan trant an kòm kreyen ki te di m' se pa mwen menm ki pou ap eseye viv lavi kreyen. Sa Sentespri te vle di m' pa **Ian Thomas** se te verite kle sa a :

VERITE KLE:

An verite se ON sèl moun ki te viv « LAVI » Kreyen TOTALMAN, e se te kris LI-MENM.

Verite sa a ka etonan pou ou menm jan li te ye pou mwen lè m' te tandè l' pou premyè fwa. Sepadan, èske se pa vre ? Pyès lòt moun apre Jezi pa viv on lavi kretyèn total. Pa Konsekan, kisa ki fè nou panse ke nou ka fè menm bagay la ? Reflech sou verite sa a :

Tout sa nou ka fè ak fòs pa nou epi ladrès pa nou se viv « ON » FÒM vi Kretyèn.

SÈLMAN KRIS KA VIV « LAVI ».

Kesyon : Èske Verite bibliki anlè yo konsènan Kris Kòm LAVI kretyèn ale nan menm sans avèk kwayans ou ? Si non, kòman yo te ka chanje jan ou viv lavi kretyèn ou si w' te kwè se kris sèl ki ka viv LAVI ?

Médite: Sou vèsè ki site anlè yo epi mande Bondye pou l' revele w' si se « ON » vi w'ap viv oubyen mande li pou l' pèmèt Kris viv « LAVI » nan ou.

Angaje Bondye: Si veriite sa a tou nèf pou ou, silvoulè pran tan pou ale kote Bondye epi mande li pou l' fè verite sa yo ateri nan lavi w' pèsònèlman. Mande Bondye pou l' revele w' on jan pi fon sa sa vle di Kris se LAVI. Si verite sa a de paman avèk tout sa w' te kwè jiska prezan sou lavi kretyèn, mande Bondye pou l' revele w' si sa w' sot li a se se laverite oubyen se pa laverite. Nan seksyon k'ap vini an, n'ap wè plis sou sa sa vle di Kris se lavi ou.

DEZYÈM JOU

Sa sa Vle Di Kris Se Lavi Ou?

Pwochèn kesyon ou ka poze petèt se, « Kisa Kris se lavi m' vle di ? » Mwen kwè ke Bondye rezime sans la nan 1 Korèntyen 1 : 30 :

« Li se **SOUS** lavi ou nan Kris Jezi, ... » (RSV)

Bondye ban nou repons la nan premye pati vèsè a lè li di li se sous lavi ou nan Kris. Yonn nan definisyon mo « Sous » la se : « on bagay k'ap pwodui ». Sa ka on verite tou nèf pou ou paske anpil kretyen, menm jan avè m' te resevwa fo ansèyman nan sans se yo menm ki te dwe viv lavi kretyèn nan avèk èd Bondye. Tankou w' wè l', ka gen on sèl vrè sous pou nou viv lavi kretyèn ladan n'.

Verite a sèke Bondye, se PA oumenm, se SOUS ladan n' nou ka viv lavi kretyèn.



Gade de lòt vèsè ki revele Bondye se SOUS pou viv lavi Kreyen.

« Paske se **Nan Li** nou gen **lavi**, se **Nan Li** nou ka bay kò nou **mouvman**, se nan li nou **gen legzistans**. »

Travay 17 : 28

« Paske, tout bagay soti nan li, pa li menm, epi pou li menm ... »

Women 11 : 36

Sa yo se 2 nan tout vèsè nan labib ki revele nou se Bondye ki sous nou sou kesyon viv lavi kreyen. Ou ka mande tèt ou, nan pratik sa sa vle di Bondye se sous ou. An nou pran kat(4) egzanp sou sa sa vle di Bondye se SOUS ou.

- **Bondye se Sous pou satisfè bezwen w' yo. Filipyen 4 :19**
- **Bondye se Sous pisans ou sou peche. 1 Jan 3 : 6**
- **Bondye se Sous pou renouvle l'Espri w' pou kwè nan verite li a. Women 12 : 2**
- **Bondye se Sous pou fè tout pwomès transfòmasyon w' yo vin tounen reyalite w'ap viv. Filipyen 1 : 6**

Èske w' eseye fè tèt ou sous pou reyalize yonn nan bagay sa yo ki nan lis anlè a ? Si se wi, kijan sa mache pou ou ? Si nou onèt ak tèt nou, nou t'a dwe di sa pa mache. Verite a sèke si nou eseye fè tèt ou sous pou nou viv lavi kreyen, nou déjà echwe. Si se pa li ki se sous mach kreyen nou (epi nan tout domèn nan lavi nou), konsa nou p'ap janm viv verite Bondye a ak pwomès li yo nan lavi nou.

Bondye kòm SOUS pou viv LAVI Kreyen vle di SÈL Bondye ki ka fè verite li a ak pwomès li yo tounen reyalite W'AP VIV nan lavi w'.

Kesyon : Èske w' kwè nan pwèn nou rive a ke OU dwe fè tèt ou Sous la, avèk èd Bondye pou ka viv lavi kreyen ? Si se wi, alòs kijan lè w' kwè verite ke li se Sous la t'a ka chanje jan w'ap viv lavi kreyen nan ?

Medite: sou 1 Korentyen 1 : 30 , Travay 17 : 28 , epi Women 11 : 36.

Angaje Bondye : Pandan w'ap itilize twa vèsè sa yo, mande Lespri pou l' ba ou pi plis konprann sou sans sa gen pou Li lè li se sous ou pou viv lavi kreyen.

Poukisa Bondye pa Ede Nou pou Nou Ka Sous ?



Mwen tande anpil kreyen ap di, « Bondye pral ede m'. » Sa yo vle di san yo pa rann yo kont sèke « **Bondye pral ede m' pou m' ka Sous solisyon pwoblèm mwen yo, pou m' ka chanje tèt mwen,... .** » On lòt fason yo di, « Bondye ap edem'ede tèt mwen » Ansèyman sa a fo paske Bondye pa t' janm vle pou lòm sous pou viv lavi oubyen pou transfòme tèt li. Reflechi sou kesyon sa a, « Si Bondye se Sous la, alòs poukisa pou l' t'a ede w' vin sous la ? » Ou wè Bondye te planifye l' konsa! Si se pa li ki sous ou pou viv lavi kreyen nan, alòs w'ap konnen plis defèt, plis atachman nan lavi w' san pyès transfòmasyon. Pwojè Bondye a mache on sèl jan, e se avèk LI-MENM kòm sous ou.

Angaje Bondye : Nan pwèn sa a, si w' te kwè se ou menm avèk èd Bondye, ki pou viv lavi kreyen nan, mande Bondye pou l' ba ou on revelasyon ki pi pouse ke se LI sèl ki ka sous pou viv lavi kreyen ladann.

Fo KWAYANS #1 nan Lavi Kreyen:

Lòm ka reyisi lavi Kreyen avèk tèt li kòm sous la pandan l'ap sèvi ak entèlèk pa l' MENM epi ladrès pa l' MENM avèk èd Bondye.

Konnyè a nou genyen yon pi bon konprann sou Bondye kòm sous nou, An nou gade pi fon sa sa vle di Kris se lavi ou.

Kijan Nou fè konnen Bondye dwe Sous Nou ?

Pou konprann pi byen verite sa a ki se, Bondye se sous nou, mwen santi li enpòtan nan pwèn nou rive nan leson an pou nou retounen sou pwojè epi sou plan orijinèl Bondye pou lòm. Mwen kwè sa ap ba ou on prèv an plis sou entansyon Bondye pou l' te sous lòm pou lòm viv lavi depi o kòmansman. Pou kontinye n'ap wè kat (4) bagay :

- **Kimoun ki te sous Adan avèk Èv avan chit la ?**
- **Kisa ki te pase Adan avèk Èv nan chit la ?**

- Kisa ki te kondisyon espirityèl lòm nan nesans li ?
- Kisa Bondye te fè nan lòm pou l' te ka vini Sous lòm?

An nou kòmanse gade kondisyon Adan ak Èv avan epi apre chit la nan jaden Edenn nan.

Ki moun ki te SOUS Adan avèk Èv avan chit la ?


«Le sa a, senyèa, Bondye a, pran pousyè tè,li fè yon nonm.Li soufle nan twou nen nonm nan pou l' ba li lavi.Epi nonm nan vin vivan. » Jenèz 2 :7

«Bondye ki rich anpil la a va ban nou tout sa nou bezwen nan Jezikri .» Filipyen 4 :19

Nan kreyasyon lòm, Bondye se te Sous lòm nan moman li te soufle lavi li nan Adan ak Èv selon Jenèz 2 :7. An plis, Bondye te SOUS yo pou satisfè tout bezwen fizik yo, bezwen espirityèl yo, bezwen emosyonèl yo « Filipyen 4 :19 ». Pwojè Bondye pou l' te Sous lòm te klè depi nan kòmansman paske lòm pa ka satisfè bezwen ke sèl Bondye ka satisfè. Desen ki vini apre a montre relasyon lòm avèk Bondye avan chit la.

Bondye Te SOUS La Pou

Tout Bezwen Adan ak Ève Avan Chit la



**Si Bondye te Sous pou tout bezwen yo, Èske nou ka di ke Adan ak Èv te
DEPANN TOTALMAN de Bondye pou bzwen yo ?**

« Depann » se mo kle pou pale de relasyon ant Bondye ak Adan epi Èv. Yo te depann totalman de Bondye pou tout bezwen yo. N'ap fini seksyon sa a avèk verite kle mwen pral ba nou konnyè a :

VERITE KLE:

Tout tan Adan ak Èv t'ap viv nan depann de Bondye, Li te Sous yo pou satisfè tout bezwen yo.

Bondye te kite Adan ak Èv a tout Libète yo pou yo te Chwazi depann de Li

« SENYÈ a, Bondye a, bay lòm lòd sa a, « Ou mèt manje donn tout pyebwa ki nan jaden an. Men piga ou manje donn pyebwa kifè moun konnen sa ki byen ak sa ki mal la. Paske jou w' manje l', w'ap mouri.» Jenèz 2 :16,17 »



Nan libète pou chwazi sa a Bondye te kite pou lòm nan, lòm te ka chwazi depann oubyen pa depann dapre jenèz 2 : 16, 17. Chwa a se te yo te ka manje fri ki soti nan nenpòt pyebwa nan jaden an sof yonn. Chwa sa a se te on tèssou volonte lòm pou l' te kontinye depann de Bondye. Si yo te chwazi depann de Bondye pandan yo te manje sa ki soti nan tout pyebwa yo sof pyebwa konesans byen ak mal la, yo t'ap viv. Sepandan, si yo te manje sa k' soti nan pyebwa konesans byen ak mal la yo t'ap mouri. Nou tout konnen rès istwa a nan Jenèz 3 : 6

« Fanm nan te wè fri pyebwa te bon nan bouch epi bèl nan je ; eke li kapab ouvri entèlijans, li pran ladann li manje ; epi li bay mari li ki te tou pre li, epi li manje. » Jenèz 3 : 6

Lè sa a Adan ak Èv te pran on desizyon anfavè peche, pou yo pa depann de li, se sa ki te kondui yo nan **lamò esprityèl** dapre premye pati Women 5 : 12

« Se pou sa, Kòm avèk on **sèl moun** (Adan) **peche** te antre nan mond la, epi avèk peche **lamò...** »

Kisa lamò esprityèl vle di ? Mo-kle ki tradui lamò esprityèl la se mo « separasyon » nan tèks grèk orijinal la, mo « separasyon » an vle di « sevre » oubyen « separe avèk ».

LAMÒ ESPIRITYÈL vle di SEVRE oubyen SEPARE AVÈK Bondye.

Separasyon sa a te fèt nan de (2) sans :

- SEPARASYON avèk LAVI Bondye

« Lespri yo bouche, yo p'ap viv lavi Bondye bay la paske yo pa konnen anyen, kè yo fin di » Ephésians 4 : 18 .

Depi Adan ak Èv te chwazi **pa depann** de Bondye pandan yo te peche, yo te tou retire oubyen separe lavi yo avèk li. Menm si Adan ak Èv te toujou vivan, yo pa t'ap ka viv ankò lavi esprityèl Bondye a. Konsa, yo te mouri esprityèlman.

SEPARASYON Avèk Bondye Kòm SOUS la


« Men se krim nou yo ki mete on **separasyon** ant **nou-menm** avèk **Bondye** ; se peche nou yo ki fè nou pa ka wè fas li, epi ki anpeche l' tande nou. » Ésaïe 59 : 2

Jan m' te di sa pi wo a, Adan ak Èv te depann **totalman** de Bondye kòm Sous pou chak bezwen yo. Sepandan, kòm konsekans peche yo, Bondye te separe avèk lòm epi li te vin pa sous pou satisfè bezwen yo ankò.

Lòm te vin lage pou KONT LI, pou li sous PWÔP TÈT li, pou l' satisfè bezwen PWÔP TÈT li, pou l' rezoud pwoblèm PWÔP TÈT li, epi pou l'ESEYE chanje lavi li an siksè.

Gade desen anba a epi wè kijan kondisyon lòm te chanje apre chit la.

Kondisyon Adan ak Èv APRE Chit la



TWAZYÈM JOU

Pwoblèm nan sèke nou eritye Lamò Espirityèl Adan ak Èv la

Sa vle di pou mwen avè w' ke nou eritye nan Adan ak Èv separasyon an ak lanmò espirityèl la nan nesans nou lè nou vini nan kò sa a. Women 5 :12 di nou konsa :


« se poutet yon sel moun **peche** rantre sou late. Peche a louvri **pot pou lanmo**. Se konsa **lanmo vin pou tout moun** ,paske **tout moun fe peche,...** »

Nou wè nan Women 5 :12 ke pa mwayen peche Adan, nou tout fèt tou mouri espirityèlman. Lòt jan nou ka di sa, nou eritye nan Adan, lamò espirityèl nan moman nou fèt la.

Menm jan ak Adan epi Èv, nou fèt tou separe avèk LAVI Bondye epi avèk Li-menm Kòm SOUS.

Desen sa a montre verite ke nou eritye separasyon Adan avèk Bondye kòm LAVI nou epi Sous nou. An konsekans, nou fèt tou mouri espiritèlman.

Lòm Eritye Kondisyon Adan an nan Nesans



**Ou eritye nan Adan lamò espiritèl ki soti nan
SEPARASYON avèk LAVI Bondye epi
SEPARASYON avèk Bondye kòm Sous.
Akoz separasyon an, se oumenm ki vin sous la
EPI K'AP ESEYE viv lavi.**

Kesyon : Si plan Bondye se te depann totalman de limenm kòm sous nou, oumenm avè m', èske nou ka viv san nou pa depann de Bondye, epi pou bezwen nou yo satisfè vrèman, pou pwoblèm nou yo rezoud, epi pou n' reyisi nan lavi kreyen ?

Medite : sou verite ke plan Bondye depi nan kòmansmann se te pou lòm depann totalman de limenm kòm Sous la pou viv lavi kreyen.

Angaje : Mande Senyè a pou l' ba ou plis revelasyon sou sa sous ou vle di oubyen kisa sous ou dwe ye pou viv lavi kreyen (sètadi nan maryaj ou, nan travay ou, epi nan lòt sitiyasyon yo.

Kisa Bondye te Fè pou Restore Sa ki te Pèdi Nan Jaden an Apre Chit la ?

Bondye te konnen lòm t'ap rete separe avèk li pou tout tan si l' pa t' pote on solisyon. Se konsa, te gen de (2) bagay Bondye te dwe fé pou l' sove lòm epi ba li lavi (epi restore tèt li kòm sous lòm). Mwen vle montre de (2) bagay sa yo avèk on desen ke mwen rele De (2) kote lakwa yo. On kote lakwa a reprezante kote PECHE a, epi lòt la reprezante kote LAVI a. An nou gade kote PECHE lakwa a avan, pou nou wè sa Bondye te fè pou regle pwoblèm peche nou.

Kote PECHE Lakwa a – Kris mouri pou peche nou, pou ba nou lavi etènèl.

« Bòn nouvèl » Levanjil la sèke Jezi te vini pou pran peche nou paske nou te nan nesesite yon sovè. Avèk lanmò li, lapèn peche nou yo efase, epi lè nou kwè nan Kris pou sove nou, nou tou resevwa lavi etènèl.

« Granmesi Kris ki mouri pou nou an, nou delivre, nou resevwa **padon pou peche nou yo**. Bondye fè nou wè jan li renmen nou anpil. » Efezyen 1 : 7


Moun ki mete konfyans yo nan pitit la, yo gen lavi ki pa p' janm fini an... Jan 3 : 36 a

Lanmò Kris la pou peche nou yo reprezante Kote PECHE lakwa a.

Desen sa a montre kote
PECHE lakwa a

Kote Peche lakwa a

PECHE



Kris mourl pou

Peché ou Efezyen 1 : 7

Nòt : Si w' pa si ou t'a resevwa Kris kòm sovè w', ou kapab fè sa konnyè a menm. Ou kapab senpleman di priyè sa a pa lafwa epi w'ap resevwa padon ak sali. « Chè Senyè, mwen rekonèt ke mwen se yon pechè e mwen gen bezwen yon sovè. Gras a lanmò ou sou lakwa pou peche m' yo, mwen resevwa ou pa lafwa kòm sovè mwen. Amèn »

Kote Lavi Lakwa – Bondye antre nan Lòm pou l' ka SOUS li pou l' viv lavi a


Menm si Kris mouri pou lòm sove, pwoblèm lòm SEPARE avèk Bondye kòm lavi li epi sous li a te rete entak.

Piske se pa t' desten lòm pou l' te viv separe avèk Bondye, Bondye reyalize twa bagay pou restore tèt li kòm sous lòm. Se twa bagay sa yo ki fè sa mwen rele kote « LAVI » lakwa a. An nou fouye sans kote « LAVI » lakwa a.

Kote LAVI Lakwa a

PECHE

LAVI



Kris mouri pou peche w' yo

Efezyen 1 : 7

Bondye remete TOUT LIMENM

nan lòm.- Kolosyen 2 : 9,10

Bondye mete LAVI li ak

PISANS li nan ou.-

1 jan 5 : 12 ; Travay 1 : 8

Bondye fè Inyon avèk ou

Jan 14: 20

1. Bondye remete tout plenitid li nan Lòm

Nan moman Sali a, ou pa t' sèlman resevwa Jezi Kòm sovè w' men tou, ou te resevwa tout divinite a (Papa, Pitit ak Sentespri). Nou wè sa nan Kolosyen 2 : 9 ,10 :

« Se nan lavi Kris la t'ap mennen nan kò li nou jwenn tout sa Bondye ye. Nou menm tou, Bondye la nan tout lavi nou, paske n'ap viv nan Kris la ki chèf tout dominasyon ak tout otorite. »

Vèsè sa yo di nou ke plenitid Bondye a nan Kris e Kris sa a konnyè a nan ou. Konsa, ou gen Papa a, Pitit la ak Sentespri a nan ou !

Bondye Mete Tout Limenm Nan Ou



Li serye pou w' konprann si ou te resevwa Kris pou Sali a, ke konnyè a ou POSEDE tout Papa a, tout Jezi, epi tout Sentespri a.

Kesyon : Si w' pa konprann verite sa a, ki konsekans sa ka genyen sou lavi w' ?

Medite : Sou Kolosyen 2 : 9,10 . Reflechi sou kesyon sa a, « kisa m' manke si m' gen Papa a, Pitit la ak Sentespri a ?

Angaje Bondye: Mande Bondye pou l' ba ou plis revlasyon sou san etènèl tout limenm nan oumenm konnyè a genyen.

KATRIÈM JOU

2. Èske w' Genyen Konnyè a Tout Lavi ak Tout Pisans Bondye NAN Ou ?

An plis ou resevwa Bondye konplè, ou resevwa tout lavi li avèk tout pisans li.

a.LAVI KRIS LA

« Bondye ban nou lavi etènèl, e **lavi sa a nan Pitit li**, moun ki gen **Pitit la gen LAVI**» 1 jan 5 : 12a

Nou wè ke nan Sali a Bondye ban nou LAVI ki se Kris. Men kèk egzanp Lavi ke nou genyen konnyè a.

Kris kòm lavi w' vle di ke ou gen TOUT BAGAY ou soti nan Kris :

Lanmou san kondisyon	Viktwa	Diyite	Akseptasyon	Lafwa
Libète	Pasyans	Fòs	Lapè	Pisans
Padon	Konprann	Sekirite	brav	Sajès
Disèneman	Adekwasyon	Imilite	Konfyans-Kris	Odas
Dwat	Lanmou pwochen	Repo	Konpasyon	Kouraj
Espwa	Jantiyès	Kontwòl	Fidelite	Lajwa

Kris kòm lavi w' vle di ke Kris se SOUS lapè w', SOUS akseptasyon w', SOUS lajwa w' etc... .

Genyen lavi nan Kris vle di ou genyen tout makfabrik lavi Kris la nou site pi wo yo, disponib pou ou. N'ap aprann nan leson kat(4) la diferans ki geyen ant makfabrik lavi Kris yo ak makfabrik moun yo. (Pa egzanp, diferans ant lanmou Kris la ak lanmou lòm.) . Sepandan pou konnyè a mwen vle sèlman ou konsyan nan moman an ke tout makfabrik Kris la nou site pi wo yo se pou ou.

Kesyon : Kòman lavi w' t'a ka diferan si w' te viv lapè, pasyans ak viktya Kris la ?

Angaje Bondye : chwazi yonn oubyen de(2) nan makfabrik lavi Kris yo ke w' vle viv plis epi kòmanse chèche Bondye pou l' ka fè lis sa a tounen on eksperyans reyèl nan lavi w'.

Medite : sou fraz sa a. Mo kle fraz la se « NAN » :

Bondye mete tout LAVI LI konplè nan ou pou ka viv NAN lavi Li.


« W'ap resvwa **pisans** la lè Sent Espri a desann sou ou... »

Reflech sou sa on moman. Piske ou genyen Bondye konplè, enben tout pisans Bondye abite nan ou. Bondye te konnen san pisans li nan lòm, pa t'ap gen transfòmasyon nan lòm. Pa konsekan, li mete tout pouvwa li konplè nan nou pou transfòme lavi nou. N'ap pale plis nan leson Twa (3) a de dimensyon ak rezondèt pisans Bondye a ki abite anndan nou.

Bondye mete PISANS li nan ou pou transfòme w' an modèl-Kris.

Desen an apre a montre ke ou posede lavi avèk pisans Bondye.

Bondye Mete Lavi Li ak Pisans Li Nan Ou



Kesyon : Poukisa li te esansyèl pou Bondye pou l' mete pouvwa li nan ou ? Ki bagay w' ap eseye chanje pou ou, pou madam ou, pou fanmi w', oubyen pou kolaboratè w' avèk pwòp pisans pa w' ? Èske sa mache ?

Medite : sou 1 Jan 5 :12 avèk Travay 1 : 8 epi Reflechi sou kesyon sa a, « Poukisa li te nesesè pou Bondye pou l' mete lavi li ak pouvwa li nan mwen ? »

Angaje Bondye : Kòmanse mande Bondye pou l' ba ou pi plis eksperyans de Pisans Li nan ou.

3. Bondye mete l' nan INYON Avèk Ou.

Non sèlman Bondye mete li nan ou, men li menm ale pi lwen. Li mete l' nan INYON avèk ou. Nou wè verite sa nan twa (3) vèsè sa yo :

« ... Bondye reba nou lavi avèk Kris » Efezyen 2 :5

« Men **moun ki atache a Senyè a** fè **avèk li** on **sèl Espri** » 1 Korentyen 6:17

« Jou sa a, w'ap konnen ke Mwen nan papa mwen, ke ou nan mwen, eke mwen nan ou. »
jan 14 : 20.

Nan inyon avèk Bondye oubyen « konekte avèk Bondye » vle di nou p'ap JANM ka separe avèk Bondye ankò. Lòt bagay, nan inyon vle di ke ou p'ap janm ka pèdi Sali w' eke ou te antre nan lavi etènèl avèk li jou ou te sove a. Se poutèt sa li di nan dezyèm pati Ebre 13 : 25 :

« Mwen p'ap janm abandone w. »

Meditè: Sou Efezyen 2 : 5 ; 1 Korentyen 6 : 17 ak Jan 14 : 20 epi Refléchi sou kesyon sa a si w' kwè ke ou ka pèdi Sali w'. « Si se Bondye ki mete l' nan inyon avèk mwen, kijan mwen ka soti nan inyon sa a ? »

Angaje Bondye : Si w' nan lit avèk sekirite Sali w', chèche Bondye pou konvenk ou ke pa gen anyen ki ka fè w' pèdi Sali w' oubyen separe w' avèk Bondye ankò.

Ki rezilta sa bay lè lavi ak pisans Bondye nan ou ?


REZILTA A:

Bondye mete LAVI LI ak PISANS LI nan ou epi li mete l' nan inyon avèk ou, pa mwayen sali a, vle di se pa ou menm ankò ki pou sous lavi w'. Bondye LI- MENM vini SOUS ou pou viv lavi a.

An nou gade on fwa ankò kote PECHE ak kote LAVI lakwa a.

De(2) Kote Lakwa a

PECHE LAVI



Kris MOURI pou Peche w' yo

Efezyen 1 : 7

Bondye remete TOUT LI-MENM

nan lòm Kolosyen 2 : 9, 10

Bondye mete LAVI LI ak

PISANS LI nan ou

1 jan 5 :12 ; Travay 1 :8

Bondye mete li nan Inyon avèk ou

Jan 14 : 20

Dieu se Sous lavi lòm

Jan 14 : 6

GWO nouvèl levanjil la sèke anplis ou sove, ou genyen Bondye anndan w' kòm LAVI w' epi kòm SOUS ou.

Se pa oumenm ANKÒ ki pou Sous la, epi k'ap eseye fè lavi mache.

Kris Kòm Lavi w' Vle di Li Vle Viv Lavi Li NAN Ou.

Piske Kris mete li nan ou, li vle viv LAVI Ke SÈL Li-menm ka viv NAN OU.

« Mwen te krisifye avèk kris ; si m'ap viv, **se pa mwen k'ap viv ankò, se Kris k'ap viv NAN mwen ... »**

Reflechi sou sa Pòl di nan vèsè sa yo. Lè li di, « Se pa mwen k'ap viv ankò, » li vle di pa konsekan ke li PA KA sous pou viv lavi kretyèn nan. Se pa bagay moun t'a ka kwè lè nou konsidere nivo konesans entèlektyèl, nivo kalifikasyon Pòl. Li rekonèt klèman ke okenn nan bagay sa yo pa ka fè l' vin sous la. Piske li admèt li pa ka viv lavi kretyèn nan, li di, « Kris nan mwen ». Pòl rekonèt ke de tout fason li bezwen Kris pou viv lavi kretyèn nan li.

Kris k'ap viv lavi li nan ou kapab yon konsèp nouvo pou ou. Se te on konsèp radical pou mwen, espesyalman apre m' te eseye (epi echwe) pandan trant an pou m' viv lavi kreyen ak pwop fòs mwen. Sepadan, kòm Bondye ban mwen on pi gwo revelasyon sou Kris k'ap viv nan mwen, sa te konvenk mwen ke mwen pa ka viv LAVI ke sèl Kris ka viv.

KLE pou viv LAVI kreyen nan se Kris la k'ap viv lavi Li nan ou.

Mwen espere konnyè a menm, w'ap kòmanse mande Senyè a pou li ba ou on revelasyon ki pi fon sou verite enpòtan sa a. Nan rès etid la n'ap fouye sans pratik sa genyen, Kris k'ap viv lavi Li nan ou.

Kesyon : Avan sa, èske w' te reyalize ke lavi kreyen se Kris k'ap viv lavi li nan ou ? Kijan verite sa a t'a ka chanje fason w' panse, fason w'ap viv lavi kreyen nan?

Medite : Sou verite ke ou pa ka viv lavi kreyen. Sèl Kris k'ap viv nan ou, ap kreye pou tout tan, chanjman reyèl la nan lavi ou.

Angaje Bondye : Mande Bondye pou l' revele w' sa Kris viv lavi li nan ou, vle di.

Kisa Bondye ap reyalize nan Lavi w' Pandan L'ap Viv Lavi l' Nan Ou ?

Ou ka mande tèt ou, « kijan sa ye lè Bondye ap viv lavi l' nan mwen ? » Nou jwenn on pati repons la nan sa Li pwomèt epi Li akonpli nan lavi w'. An nou gade kèk nan pwomès sa yo.



Viktwa – Bondye ba ou viktwa sou pouvwa peche, lachè, lemond epi sou pisans Satan.

« Men, ann di Bondye mèsi pou **viktwa** li ba nou sou lanmò Gras a Senyè Jezi Kris » 1 Korentyen 15 : 57

LIBÈTE – Bondye ap libere ou anba fo kwayans, anba defèt devan sijè peche w' yo, anba lit san rete anndan w' yo.

« Se pou n' te ka lib tout bon ki fè kris la te delivre nou. Pou tèt sa, ann rete fèm nan libète sa a. Veye kò nou pou n' pa tounen nan esklav ankò. » Galat 5 : 1

GERIZON : Bondye ap geri blesi pase ak prezan w' yo.

« L'ap bay moun ki nan gwo lapenn yo kouraj, l'ap geri moun ki blese yo. » Sòm 147 : 3

PWOVIZYON- Bondye ap satisfè tout bezwen w' yo.

« Bondye ki rich anpil la va ban nou **tout** sa nou bezwen nan **Jezi Kris** » Filipyen 4 : 19

ENTIMITE- L'ap atire w' nan on relasyon pèsònèl entim avèk li.

« Bondye te deside depi davans pou l' te adopte nou pou pitit li nan jezi Kris volonte li. »
Efezyen 1 : 5

Sa yo reprezante sèlman kèk nan pwomès yo pou ou kòm kretyen pandan ke Kris ap viv lavi li nan ou.

Lè Bondye ap viv nan ou, ou viv pwomès Li yo.

Kesyon : Èske w'ap viv pwomès libète, vikwa, gerizon epi entimite ke w' deire a avèk Bondye ? Si non, èske w' vle viv pwomès sa yo ?

Médite : sou lis pwomès anlè yo. Panse a pwomès ke w' vle plis fè eksperyans li a.

Angaje Bondye : Si w' p'ap viv pwomès sa yo jan w' t'a swete a, mande Bondye pou l' kòmanse fè pwomès sa yo vini on reyalyite ke w'ap viv nan lavi w'.

On Lòt Pwomès kle : Reyalizasyon Destine Espirityèl

OU

Oumenm avè m' kòm kwayan, nou gen on destine espirityèl. Women 8 : 29 ; 2 Korentyen 3 : 18 ; Galat 4 : 19 pral pale nou de destine espirityèl nou kòm kretyen.

« Paske, moun Bondye te **konnen depi davans** pou moun pa l' yo, depi davans tou li te mete yo apa pou yo te kapab **sanble ak pitit li a**. Konsa pitit sa a pase pou premye pitit nan yon bann frè.» Women 8 : 29

« Nou tout, nou pa kouvri figi nou. Tankou yon glas k'ap fè moun wè pouvwa Bondye : konsa chak jou n'ap transfòme, pouvwa li a ap grandi nan nou, jouk tan **n'a rive sanble nèt ak Seyè a**. Sa se travay Seyè a, Lespri Bondye. » 2 Korentyen 3 : 18

« Pitit mwen yo, m'ap soufri anpil pou nou toujou, tankou yon manman k'ap soufri doule tranche, m'ap soufri pou nou jouk tan **Kris la va fin fòme nèt nan nou**.

Sou twa (3) vèsè sa yo, mwen vle pataje on definisyon senp sou destine esprityèl.

Destine Espirityèl ou:

Dwe TRANSFÔME an MODÈL-Kris, ki vle di ke w'ap PANSE, w'ap vin KWÈ, w'ap vin CHWAZI epi w'ap vin KONPÔTE W' menm jan a Kris.

a p'ap viv eksperyans nèt ale transfòmasyon Kris la. Mwen konprann totalman paske, pou premye trant an lavi m' yo mwen pa t' viv okenn transfòmasyon reyèl non plis. Rezon an sèke mwen t'ap viv avèk on fo kwayans sou sans lavi kretyèn . Kle a sèke si w' pa konnen, si w' pa kwè epi viv verite a sou lavi kretyèn, p'ap gen gwo transfòmasyon.

Piske ou gen tout lavi ak pisans Bondye nan ou, ou kapab fè eksperyans on transfòmasyon sinatirèl jan w'ap vin panse, kwè, epi jan w'ap vin konpòte w' pi plis menm jan a Kris.

Sonje : Se pa on transfòmasyon ke ou ka ni pwodui ni viv san kris k'ap viv lavi Li nan ou. Li pa kesyon non plis pou n'ap imite oubyen eseye menm jan a Kris avèk pwòp kapasite w'.

Kesyon : Si w' te panse, santi, kwè, chwazi, epi si w' te konpòte w' menm jan a Kris, kijan sa t'ap chanje lavi w' ?

Meditè : sou Women 12 : 2 ; 2 Korentyen 3 : 18 epi reflechi sou pwèn sa : Kòm Kris ap viv lavi Li nan ou, l'ap chanje fason w' panse, santi, chwazi epi fason ou konpòte w'.

Angaje Bondye Mande Bondye pou l' kòmanse transfòme w' nan domèn ou vle fè eksperyans plis yo.

Ki Rezilta Reyalizasyon pwomès Bondye nan Ou ?

Rezilta lavi kris la nan ou sèke w'ap viv **lavi an abondans**. Li fè pwomès sa a nan 1 Jan 10 :10

« ... Mwen vini pou nou ka gen lavi epi lavi an abondans. »

Dapre ou, kisa Jezi te vle di lè l' di lavi an abondans la ? M' pa kwè l'ap pale de yon abondans sou deyò ki ka disparèt fasil. Li posib pou abondans Jezi ap pale a se on abondans anndan ? Kite m' sèvi ak pwomès nan lis seksyon avan an pou nou ka konprann pi byen sans lavi an abondans la. M'ap fè sa sou fòm on kesyon.

Si w' t'ap :

- Viv laviktw sou peche, lachè, lemond ak Satan.
- Viv libète sou defèt sijè peche w' yo
- Fè eksperyans gerizon blesi pase yo oubyen prezan yo
- Fè eksperyans bezwen w' yo k'ap satisfè
- Viv transfòmasyon nan jan w' panse, santi, chwazi, epi jan w' konpòte w' tankou Kris
- Fè eksperyans on relasyon pèsònèl, entim avèk Bondye

Èske w' t'ap konsidere sa kòm lavi an abondans ?

Mwen kwè ke oumenm avè m', n'ap konsidere sa kòm lavi an abondans. Konsidere sa a tou.

Si Kris se lavi w' e lavi Li se ABONDANS, alòs lavi an abondans pèmèt Kris viv nan ou pou w' ka fè eksperyans pwomès Li yo ki se LIBÈTE, VIKTWA, GERIZON, TRANSFÒMASYON, epi ENTIMITE

Kesyon : Si yon moun t'a mande w' jodi a èske w'ap viv on lavi an abondans, kisa repons w'a t'ap ye ?

Lavi Nou Soti nan Bondye men Nou p'ap Viv POU Li.

Nou sot' aprann ke tout bagay soti nan Bondye k'ap viv lavi Li nan nou. Sepandan, kòm mwen t'ap viv « ON » vi, mwen te kwè lavi kretyèn nan se te viv POU Bondye. Mwen vle di nan sa ke yo te aprann mwen ke Bondye te bezwen mwen pou m'evanjelize, pou m' fè disip etc. Èske yo te aprann ou sa tou ? Verite a sèke ou dekonekte. Bondye p'ap tann nan men w' pou viv lavi ke sèl Kris ka viv. Lòt jan nou ka di sa, se pa oumenm ki pou fè on bagay POU Bondye. Verite a sè ke Bondye pa bezwen anyen nan men nou, piske li se founisè a epi pwodiktè a. Filipyen 1 : 6.

« Mwen sèten Bondye ki **te kòmanse bon travay sa a nan nou, li gen pou l' kontinye l' jouk li va fini l' nèt** lè jou Jezikri a va rive.»

Piske Bondye se founisè nou epi pwodiktè nou, alòs lavi nou dwe soti NAN Li, men se pa viv POU Li. An nou fè on ramase konsa :

MANTI A :

Nou dwe viv pou Bondye paske nou BEZWEN on bagay nan men li.

VERITE A :

Nou dwe viv Nan Bondye paske LI se Sous lavi a.

Kesyon : Èske w' kwè Bondye bezwen w' pou fè on bagay POU Li ? Daprè ou, kisa sa vle di, ou dwe viv nan Bondye kòm sous ou ? Kisa ki t'ap chanje si w' te kwè ke ou dwe viv nan Bondye oubyen viv pou Li ?

Etap FINAL Bondye k'ap Viv Nan Ou

Pou konprann dènye etap Bondye nan nou, fòk nou konprann dabò plan li pou lòm nan Efezyen 1 : 5

« Nan amou li, li te chwazi nou davans **pou nou pitit adoptif li** nan Jezikri, jan sa te fè plezi volonte l'. »

Plan Bondye pou ou PA KA CHANJE, se atire w' sou li pou ka fè eksperyans on relasyon PÈSONÈL, ENTIM avèk Li.

Ou wè, ou te kreye pou te ka an relasyon avèk Bondye. Kwè l' ou pa, Bondye vle on relasyon pèsonèl avèk ou. Se pou tèt sa li mete l' nan inyon ki pa ka separe sa a avèk ou. Verite a sè ke Bondye pa nan nesesite on relasyon avèk ou. Sepandan, li vle on relasyon avèk ou. Motivasyon Bondye dèyè on relasyon pi sere avèk ou se lanmou san kondisyon li. Nou wè li nan Efezyen 1 : 4

« Byen lontan anvan **Bondye** te kreye lemond, li **te chwazi nou** nan Kris la pou nou te ka viv apa pou li, pou n' te san repwòch devan li. »

Verite a sou sa sè ke Bondye renmen w' pou yon letènite. Reflechi sou sa. Bondye t'ap tann nesans ou avan sa te rive pou l' te ka vide lanmou li sou ou. Reflechi sou evènman syantiifik sa :

Nan aksyon ki pou bay nesans la, te gen 500 MILyON konbinezon jenetik ki te posib, epi pami tout konbinezon sa yo, Bondye te chwazi w' pou fèt ! Bondye pa mete lavi l' sèlman nan ou pou akonpli pwomès li yo nan ou, men li mete lavi l' nan ou tou pou ka viv gwo lanmou Li pou ou epi dezi li pou l' genyen on relasyon avèk ou.

Medite : sou Efezyen 1 : 5 epi Efezyen 1 : 4 pi wo a. Medite sou verite ke Bondye te kreye w' pou an relasyon avèk li. Reflechi ke se Bondye ki te chwazi w' pou fèt epi li t'ap tann nesans ou pou li kouvri w' ak lanmou Li.

Angaje:Bondye Si w' nan lit nan relasyon w' avèk Bondye, mande li pou l' konfime nan ou tout lanmou li epi lanmou etènèl li pou ou.

Kisa ki te pase apre w' fin tande tout verite sa yo pou premyè fwa ?

Apre m' fin tande verite sou Kris la kòm lavi 4 oktò 1998, mwen te kòmanse on nouvo voyaj pandan m' pèmèt Kris viv LAVI li nan mwen. Se konsa Bondye te kòmanse chanje jan m' panse, jan m' chwazi epi jan m' konpòte m'. Piske m' kwè nan Kris k'ap viv nan mwen, mwen te libere (sou plizyè pwèn) anba lit avèk mank, laperèz, lakolè, endiyite. Li tèlman transfòme lavi m' ke mwen kite on trè bon biznis pou m' antre nan ministè a, epi pataje verite sa yo avèk kretyen menm jan avè w', ki bezwen jwenn plis nan mach kretyèn nou an. Priyè mwen nan pwèn sa a pou ou se angaje Sentespri a an on revelasyon epi on konprann an plis sou sans Kris ap viv LAVI nan ou.

Apèsi « On » vi Kont « Lavi »

Pou gen on apèsi sou diferans ant « ON » vi ak « Lavi », gade paj an apre a. Chak fwa n'ap tounen sou paj sa a pandan n'ap avanse nan etid sa a

Ramase sou Premyè Leson an

- Se Kris **Li-menm menm** ki lavi kretyèn nan. Jan 14 : 6
- Kris kòm lavi w' vle di ke Bondye dwe **Sous** lavi w'. Travay 17 : 28
- **Bondye** te sous lavi Adan ak Èv avan chit la. 1 Korentyen 1 : 30
- Adan ak Èv te pran **desizyon pou yo peche, pou yo endepandan**, pou yo dezobeyi Bondye epi yo mouri espiyèlman Women 5 :12 a
- Lòm eritye separasyon Adan e Èv avèk Bondye kòm lavi epi kòm Sous la, Women 5 : 12b
- Non sèlman Bondye konsidere peche nou yo, men **li remete lavi li nan nou** pou l' ka on lòt fwa ankò sous lavi lòm. Efezyen 1: 7 ; 1 Jan 5 :12
- **Pisans** ak **lavi** Bondye nan nou pwomèt pou transfòme lavi nou. 2 Korentyen 3 :18.
- Wòl Bondye nan pwosesis transfòmasyon sa a se pou li **kòmansman** an epi **koz** la epi **konsekans** chanjman an. Filipyen 1 :6

- Rezilta final transfòmasyon w' nan se se yon **relasyon pèsònèl, entim** avèk Bondye. Efezyen 1 :5

Diferans Ant « Yon » VI Avèk « LAVI »

« Yon » VI

(Viv nan ego a kòm sous la)

Lavi nan endepandans

Viv nan endepandans vizavi Bondye, eseye viv lavi kreyèn.

Lavi Kreyèn se on lavi pèfòmans

Lavi kreyèn se yon ekip règ
swiv oubyen on lis kontwòl pou verifie

Ou se sous lavi kreyèn

Se ou ki pou sèvi ak pwòp fòs ou
Epi pwòp ladrès ou avèk èd Bondye
Pou viv lavi kreyèn.

Viv pou Bondye

Eseye fè Bondye plezi avèk pwòp fòs ou
epi jwenn on bagay nan men li.
(Lanmou, akseptasyon,)

Transfòmasyon pwòp tèt ou avèk èd Bondye

Eseye avèk efò paw avèk èd
Bondye pou pwodui libète, vikwa,
Gerizon, epi transfòmasyon.

Lafwa nan oumenm avèk èd Bondye

Lafwa nan entèlèk ou, ladrès ou

« LAVI »

(Viv nan Kris kòm sous la)

Lavi nan depandans

Viv nan depandans vizavi Bondye moman pa moman
kòm Sous ou pou viv lavi Kreyèn.

Jan 15 :5

Lavi kreyèn se Kris

Lavi kreyèn se Kris limenm
Jan 14 :6 ; Filipyen 1 :21

Bondye se sous lavi kreyèn

W'ap viv nan lavi ak nan pisans
Bondye kòm sous pou viv lavi kreyèn.
Jan 14:6 ; Travay 17 :28

Viv nan Bondye

Kwè nan Kris pou l' viv lavi li nan ou epi
atravè ou. Galat 2: 20

Bondye–transfòmasyon fèt

Depann de Bondye kòm sous la
pou pwodui libète, vikwa
Gerizon, epi transfòmasyon.
1 korentyen 1 : 30

Lafwa nan Bondye

Lafwa nan Bondye sèlman ki genyen pou rezilta

Disiplin ou, epi volonte w' avèk
Èd Bondye pou pwodui lavi Kreyèn.

Konsekans

Plis lachè, peche, fristrasyon,
Defèt, blesi.
Dezilizyon epi Elwayman de lavi
Kreyèn oubyen w'ap eseye sèlman plis
Pou fè lavi fonksyone.
Pa gen transfòmasyon
Kontinye viv on vi kreyèn
Ki sifi pou tèt li
Toumant yo ak Lit yo ap kontinye.
Plis menm bagay yo oubyen pi mal

Lavi li, pisans li epi
Volonte li k'ap koule nan ou epi
Pa oumenm pou pwodui
Transfòmasyon an modèl-Kris.
1 Jan 5 :12 ; Efezyen 1 :19,20

Ebre 11 :6

Konsekans

Libète, viktwa, gerizon -
Galat 5 :1 ; 1 Korentyen 15 ; 57
Sòm 147 :3
Pi plis depandans de Bondye
Jan 15 :5 ;
Entimite pi fon avèk li,
Phillipiens 3:8
Transfòme an modèl-Kris.
2 Korentyen 3: 18; women 8:29
Lavi an Abondans – Jan 10 :10

Dezyèm Leson

Ki Wòl Bondye epi ki wòl ou pou Bondye ka viv Lavi Li nan Ou?

PREMYE JOU

Apèsi sou dezyèm Leson an

- Wòl Bondye pandan l'ap viv lavi li nan nou
- Wòl Lòm pandan Bondye ap viv lavi li nan nou
- Lè Bondye ap viv lavi li nan nou
- Konprann kijan Jézi te viv nan relasyon avèk papa li
- Poukisa n'ap gwoumen avèk depandans la ?
- Poukisa nou pa ka viv nan endepandans de Bondye ?
- Kat(4) sans mo Lafwa
- De(2) sipò Lafwa nou
- Poukisa n'ap gwoumen avèk lafwa ?

Entwodiksyon

Mwen espere premye lesan an te fè w' konprann klè sa verite a ye osijè de Kris ki vle viv lavi li nan ou. Nan lesan sa a nou pral wè sa ki wòl Bondye ak sa ki wòl ou pou Kris ka viv lavi li nan ou.

Ki wòl Bondye nan viv lavi l' nan ou ?

Pati sa a nan etid la enpòtan paske anpil kretyen pa konprann wòl yo oubyen wòl Bondye nan kesyon pou Bondye viv lavi l' nan yo. Konsa, mwen vle gade sa labib di osijè de wòl Bondye, epi n'ap wè sa ki wòl lòm nan lavi Bondye nan nou.

Bondye se KÒMANSMAN epi KOZ la epi KONSEKANS la ki fè pwomès li yo vin on reyalite pou viv nan lavi w'.

«Mwen sèten Bondye ki **te komanse** bon travay sa a **nan nou ...**» Filipyen 1 : 6 a

Kisa Pòl di w' nan premye pati vèsè a ? Li di Bondye kòmanse travay li vle realize nan ou a. Li kòmanse travay la nan ou nan Sali a. Li fini travay sa a lè l' voye Jezi mouri sou lakwa pou sove limanite anba peche l' yo. Sepandan, Bondye pwomèt pou l' fè plis pase sove w' sèlman. Gade dezyèm pati Filipyen 1 : 6 :

« ...Bondye ki te komanse bon travay sa a nan nou ,li gen pou l' kontinye l jouk li va fini l' nèt, lè jou jezikri a va rive... » Filipyen 1 :6 b

Nou wè nan dezyèm pati Filipyen 1 : 6 ke non sèlman Bondye kòmanse travay la men l'ap FINI travay li kòmanse nan Sali a, nan ou. Vèsè sa a montre nou ke :


Se Bondye ki kòmanse epi ki se koz epi ki se konsekans la pou on chanjman reyèl nan ou.

Selon fo kwayans la, se nou ki pou kòmanse, epi ki pou koz epi ki pou konsekans transfòmasyon an nan lavi nou. Lòt jan nou ka di sa, si on chanjman dwe fèt, se oumenm ki pou transfòme tèt ou (avèk èd Bondye). Se akòz fo kwayans sa a anpil kwayan abandone oubyen kontinye ap eseye pi fò pou yo viv lavi kreyen. Verite a sèke sèl Bondye ki ka koz epi konsekans chanjman an pandan l'ap akonpli pwomès li yo. Lòt fason sa ka di sèke Bondye se pwodiktè pwomès li fè w' yo. Ki bagay sa yo Bondye vle pwodui nan ou ? Li vle :

- **Libere w' anba fò peche ke w' pa ka travèse. Galat 5 : 1**
- **Geri w' anba blesi prezan ak pase w' yo. Sòm 147 : 3**
- **Satisfè bezwen w' yo. Filipyen 4 : 19**
- **Viktwa w' sou peche, lemond, lachè epi Satan. 1 Korentyen 15 : 57**
- **Transfòme lavi w' pou fèw fè eksperyans modèl-Kris la. 2 Korentyen 3 :18**
- **Atire w' nan on relasyon entim avèk li. Efezyen 1 : 5**

Pwochen foto a montre ke lavi nou dwe soti anndan pou vin deyò avèk Bondye kòm koz la epi konsekans la k'ap reyalize pwomès renouvle lespri, pwomès viktwa, pwomès libète yo etc...

Viv Soti ANNDAN Pou vin Deyò



Kesyon : Ki kèk nan bagay sa yo nan lis anlè a ke ou vle viv plis ?

Angaje Bondye : Mande Bondye pou l' kòmanse akonpli bagay sa yo.

On lòt pwen mwen vle pataje sèke mwen tande anpil kwayan poze kesyon sa a, « Èske Bondye vle transfòme lavi m' vrèman ? » Gade ankò nan Filipyen 1 : 6 paske li demontre klèman ke Bondye te Kòmanse on travay nan ou avèk Sali a epi li vle kontinye transfòme lavi w'.

« Mwen sèten Bondye ki te kòmanse bon travay sa a nan nou li gen pou l' kontinye l' jouk li va fini l' nèt, lè jou jezikri a va rive... » Filipyen1 :6 b

Sa m' jwenn ki vre nan lavi anpil kretyen sèke se pa Bondye ki pa vle, se lòm ki pa vle pèmèt Bondye transfòme lavi li.

Kesyon : Èske w' te kwè se ou menm ki pou transfòme lavi w' ? Kijan lavi kretyèn ou t'ap chanje si w' te kwè ke Bondye se koz epi konsekans transfòmasyon w' nan ?

Medite : Sou Filipyen 1 : 6. Panse a Bondye sa a nan ou, ki plis vle chanje lavi w' an pwofondè.

Angaje Bondye: Si w'ap reziste ak volonte Bondye pou chanje lavi w', mande li pou l' konvenk ou ke li kapab depase w' epi li disponib.

San Bondye kòm sila ki kòmanse travay sa a nan ou epi ki se pwodiktè chanjman an, p'ap gen okenn chanjman serye nan lavi w'.

Relasyon Ant Pye Rezen an avèk Branch la Montre Wòl ou



Menm si Bondye se koz ak konsekans transfòmasyon an nan lavi w', ou gen on wòl nesèsè pou jwe pou l' ka viv lavi Li nan ou. An n' gade nan Jan 15 : 5 pou w' ka gen on pi bon lide sou wòl sa a.

« **Mwen se pye rezen an nou se branch yo.** Moun ki rete nan mwen epi mwen rete nan li pote anpil fri ... » Jan 15: 5a

Jezi vle di, menm jan ak branch ou ka touche a fèt pou depann totalman de pye a pou l' viv, oudenm kòm branch esprityèl, ou fèt pou viv totalman de Bondye, pye rezen esprityèl la, pou viv. Mo "Rete" a se on lòt fason pou di « **depann** ».

Nan pwèn nou ye a, li enpòtan pou konprann on verite kle :

VERITE KLE:

Bondye te kreye lòm pou l' te depann de Li. PLAN Li depi nan kòmansman se te pou te depann de Li.

Mo kle a se « plan ». Sonje nan premye leson nou an nou te aprann ke plan Bondye pou nou depi nan kòmansman se te pou Adan ak Èv viv totalman nan depandans de Li pou l' reponn a bezwen yo. Plan Bondye pa chanje. Oumenm tou fèt pou viv totalman de Bondye. Si Bondye se sous nou, li rezonab pou wòl nou se depann de Li kòm sous nou ? Se pou sa Jezi itilize egzanp pafè branch la ki depann totalman de pye rezen an pou l' viv.

Pa konsekan, plan Bondye pou ou nan Kris k'ap viv lavi li nan ou se :

Viv nan yon ATITID DEPENDANS TOTAL

De Bondye kòm Sous ou.

Ti nòt : Mo « Pote » nan Jan 15 : 5 pa vle di « pwodui ». Mo « pote » a vle di « transpòte ». Pwèn kle a sèke branch la pa pwodui fri a. Pye rezen an se sous ki pou pwodui fri a, tandiske branch la se mwayen li pase pou pwodui fri a.

PWEN KLE

Tandiske w'ap mache nan yon atitid depandans de Bondye, Limenm, kòm Sous ou, ap PWODUI nan ou pwomès libète, viktwa, gerizon li yo. L'ap reyalize destine ESPIRITYÈL ou pou transfòme w' an modèl-Kris.

Kesyon : Èske ou kwè jis konnyè a ke se ou ki pou pwodui fri a ? Kijan atitid ou t'ap chanje pa rapò a mach kretyèn ou si w' te konprann ke wòl ou se depann de Bondye epi wòl Bondye se pou pwodui fri a nan ou ? Kijan lèw depann de Bondye, li diferan de sa kilti nou aprann nou?

Medite : Mwen konnen ke Jan 15 : 5 se on vèsè byen koni epi kretyen yo sanble site l' anpil san yon pa reyalize pwofondè etènèl sa Jezi vle di a. Pa konsekan, pran tan pou w' medite dousman epi san anbarasman sou vèsè a.

Angaje Bondye : Mande Bondye pou l' ba ou plis konprann esprityèl sou bagay ki etènèl nan relasyon branch-pyerezen an ki rakonte jan w' depann de Bondye.

DEZYÈM JOU

Pou n' Konprann Pi byen Depandans la, An n' Wè Kijan Jezi t'ap Viv.

La, ou ka mande tèt ou kisa ki depandans la. Pou nou genyen on konprann total sou depandans la, an nou gade kijan Jezi te viv lavi li sou latè. Avan tout bagay, nou dwe konprann ke Jezi kòm « lòm epi Bondye » te mete sou kote tout privilèj li te genyen kòm Bondye. Nou wè sa nan Filipyen 2 : 6, 7

«Sa Bondye ye a ,se sa l' te toujou ye. Men , li pa 't janm konsidere sa tankou yon avantaj pou l' te chache kenbe ak tout fòs. Okontrè, se li menm pou tèt pa l' ki chwazi **mete sa sou kote**. Li te pito tounen yon domestik. Li pran fòm yon moun , li vin tankou tout moun. »

Sa pa vle di ke gen on lè kèlkonk nan lavi li sou tè a, Kris pa t' Bondye totalman. Sa vle di pito ke Jezi te mete sou kote dwa ki te fè li **egal** ak papa a pou l' te ka viv tankou yon moun. Konsa, kijan Jezi t'ap viv pa rapò a relasyon l' avèk papa a ?

An nou gade nan twa pasaj ki pale de relasyon Jezi avèk papa li :

«Lè sa a , Jezi reponn yo : “Sa m’ap di nou la a , se vre wi .**Pitit Bondye a pa fè anyen pou kò li**. Sa l' wè Papa a fè , se sa li fè tou.Tout sa Papa a ap fè, Pitit la fè l' tou. » Jan 5 :19

« **Mwen pa kapab fè anyen pou kò mwen**, M' ap jije dapre sa Bondye di mwen,Jijman mwen bon paske sa m' ap chache fè a se pa sa m' vle, men sa moun ki voye m' nan vle. » Jan 5 :30

« Lè n'a leve Moun Bondye voye nan lachè a byen wo, n'a konnen se mwen menm ki li menm. Lè sa a n'a konnen **mwen pa fè anyen pou kont mwen**. Se sèlman sa Papa a moutre m' mwen di. » Jan 8 : 28

Pwen komen nan vèsè sa yo sèke Jezi te di li pa t' ka **fè anyen separe avèk Papa a**. Lòt jan nou ka di sa, Jezi te viv on depandans moman pa moman avèk papa li kòm Sous Li pandan lavi li sou tè a. Kisa sa vle di, Jezi te viv de Papa li kòm Sous Li ?

Sa vle di Jezi pa t' viv de pwòp vi li ak pwòp pisans li, men de lavi ak pisans PAPA li.



« Gen lè ou pa kwè mwen nan Papa a ? Ou pa kwè Papa a nan mwen tou ? Tout pawòl mwen di nou yo , se pa nan mwen yo soti. **Papa a ki fè yonn ak mwen an ,se li menm k' ap fè travay li.**

Sa vèsè sa a aprann nou sèke sete lavi epi pisans papa a nan Jezi ki t'ap geri bwate yo, fè avèg yo wè epi resisite Laza nan lanmò. Nou ka di Jezi te viv nan depann de de papa a, epi papa a te konn fè mirak yo nan Kris. Lavi Jezi, nan relasyon avèk papa L', sete yon egzanp pafè relasyon Branch ak Pye rezen an.

Si avèk depandans Jezi a, pisans ak lavi papa a te koule nan li pou fè mirak, kisa menm vi sa a ak menm pisans sa a pa ka fè nan ou si ou mache nan depann de Bondye ? Sa mennen nou nan kesyon sa a.

Si Jezi kòm moun, te viv nan depann nèt ale de papa li kòm Sous la eke papa a te viv lavi li nan Jezi epi pa mwayen li, alòs

KIJAN OU TA DWE VIV LAVI ?

Pwen Kle: Jezi te non sèlman vin mouri pou peche nou, men li te vini tou pou montre nou kijan pou nou viv.

Kesyon : Lè nou tounen sou pwomès viktwa, libète, gerizon ak transfòmasyon yo nou te pale nan premye lesan an, kisa w'ap atann pou Bondye fè nan lavi w' si w' chwazi pou viv nan depann de Bondye ?

Medite : Sou vèsè Jan yo epi Reflechi sou kesyon sa a: si Jezi kòm modèl nou te viv nan depann totalman de pisans ak lavi papa l', alòs, kijan Bondye vle pou nou viv ?

Angaje Bondye : Ou ka pa konprann jiskela relasyon ant Jezi ak papa li epi aplikasyon relasyon sa a avèk pa w' la avèk Bondye. Pa konsekan, mande Bondye pou l' revele w' kijan pou aplike relasyon sa a nan lavi w' chak jou.

Poukisa N'ap Gwoumen avèk Depann de Bondye a ?

Lè m' te kòmanse nouvo pakou m' nan pou m' te pèmèt Kris viv lavi li nan mwen, mwen te gwoumen avèk bagay depann ale nèt de Li sa a. Nan travay ankadre kretyen yo nan ministè a, m' te twouve ke nou tout ap gwoumen avèk depann de Bondye a. Poukisa ? Kite m' ba nou twa nan rezon ki pi kouran yo ki fè nou tout ap gwoumen avèk depandans sa a.

1-Lemond di ke nou dwe ENDEPANDAN.

Yon koz nan gwoumen nou avèk depandans la sèke n'ap viv nan yon mond k'ap fè pwomosyon pou, « endepandans, otosifisans, otonomi. » Nou tèlman inonde epi pwograme avèk mesaj endepandans mond la ke sa fè n'ap gwoumen lè pou nou viv nan depann de Bondye.

2-Mond la voye mesaj ke depandans egal FEBLÈS tou



Non sèlman lemond endepandans la jarèt, men li voye tou on mesaj egalite ant « depandans » ak « feblès ». On fwa ke ou pa vle yo konsidere w' kòm fèb (Espesyalman mesye yo), alòs yo chwazi pou yo « fò » nan endepandans yo (FYI : (depandans=feblès se yon fo kwayans).

3-Gen yon pati ... nan lòm k'ap reziste kont lide pou depann de Bondye a : LACHÈ.

Avan nou sove, nou te endepandan de Bondye. Konsa, lè nou aprann ke lavi kretyèn se depandans, gen on bagay nan nou ki rele « lachè » (wè Women 7 :1 8) k'ap reziste ak lide sa a. Lachè se senpleman on atitud nan nou ki di, « M' pa bezwen Bondye pou m' viv lavi paske mw ka fè l' pou kont mwen. »

Viv nan lachè se rezon # 1 ki fè nou ap reziste avèk lavi nan depann de Bondye a.

N'ap pale plis de lachè nan leson kat (4) la, men li enpòtan pou n' konnen ke gen on pati nan nou k'ap TOUJOU reziste avèk depann de Bondye a.

Verite a Sèke Lòm pa t' fèt pou viv Separe Avèk Bondye.

An nou retounen nan Jan 15 : 5 epi an nou gade dènye mo yo nan vèsè sa a kote Jezi di :

« Paske **san mwen** ou pa ka fè **anyen** »

Kite m' poze w' on kesyon, « Kisa ki rive on branch rezen lè li separe avèk pye a? » Li kòmanse mouri paske li pa depann ankò de pye rezen an epi li pa atire lavi pye a. Si oumenm, kòm branch esprityèl deside eseye viv separe avèk Kris la, pye rezen esprityèl la, alòs kisa w' ka espere?

Kisa Jezi vle di lè li di, « san mwen ou pa ka fè anyen? » Pati sa a nan Jan 15: 5 bay anpil kretyen pwoblèm. Poukisa ? Se paske lòm ka fè anpil bagay san Bondye.

Jan nou te pale de sa nan premye leson an, lòm aprann fè on travay, metrize on lwazi oubyen on spò, jere kòb li. Alòs, kisa Jezi vle di ?

Jezi vle di SAN Li ou pa KAPAB pwodui lavi Bondye pwomèt la.

San depann de Bondye p'ap genyen :

- **Pouvwa** sou peche
- **Viktwa** sou lachè
- **Libète** anba defèt koz peche w' yo
- **Gerizon** anba blesi pase ak prezan yo
- **Fri Lespri** nan lavi w'
- **Transfòmasyon** nan lavi w'
- **Entimite** avèk Bondye.

Li posib pou li lis sa a ankò dousman epi kite rezilta yo rive si w' chwazi viv san depann de Bondye sa.

Medite : Sou Jan 15 : 5b epi panse sou ki fason pou aplike vèsè sa a nan pwoblèm san solisyon yo ou ka genyen nan relasyon w' yo, nan koz peche yo kote w' vle gen viktwa, nan chanjman ou swete ki rive nan lavi w'.

Angaje Bondye: Mande Bondye pou l' fè parèt domèn nan lavi w' (Travay, Maryaj, Famiy, etc...) kote w' ka petèt viv endepandan de Li. Mande li pou l' konvenk ou ke san lavi ki

depann de lavi Li epi pisans Li, ou p'ap fè eksperyans libète Li a, vikwa Li a, gerizon Li a epi transfòmasyon Li a.

PWEN KLE:

Pwoblèm nan sèke viv nan pwòp pouvwa w', nan pwòp fòs ou, nan pwòp ladrès ou, epi nan pwòp volonte w' PA KA PWODUI lavi kretyèn ke Bondye SÈL ka pwodui.

Depann DE Bondye = LAFWA nan Bondye

« San **lafwa**, li enposib pou w' fè Bondye plezi. » Ebre 11 : 6

Dapre mwen, depann de Bondye egal a mache pa lafwa nan Bondye. Si w' se on kretyen, kèlkeswa dat la, ou konnen wòl nou nan mach kretyèn nan se lafwa. Sepandan, sa m' dekouvri sèke oubyen moun yo mal konprann oubyen yo gen fo kwayans sou kesyon lafwa a.

Mwen di sa paske, sa moun yo kwè sou lafwa pa soti nan koerans, nan libète, nan vikwa, nan gerizon oubyen nan transfòmasyon. Pa konsekan, oframezi w'ap pwogrese nan rèson an, gade pi pre kwayans ou sou lafwa epi mande Bondye pou l' montre w' tout fo kwayans ke ou t'a ka genyen sou sijè a. Men premye kesyon ou ka poze tèt ou.

Èske sa m' kwè sou mache pa lafwa a transfòme lavi m' ?



Poukisa m' di depandans = Lafwa ? Kite m' ba ou on egzanp. Lè w' gen on pwoblèm nan dan, sa mande on dentis. Ou depann ale nèt de dantis sa a pou trete dan an. On lòt fason nou ka di ou depann sa vle di ou gen lafwa nan ladrès dantiis ou pou fè sa w' pa ka fè pou tèt ou. Se menm jan avèk Bondye. Lafwa se senpleman depann de Bondye pou reyalizasyon pwomès li yo (ke ou pa ka reyalize) nan lavi w'.

Gade ankò nan Galat 2 : 20 epi wè wòl Pòl pou pèmèt Kris viv nan li.

«Se sa ki fè , se pa mwen k'ap viv ankò , **se kris k'ap viv nan mwen** : lavi m'ap mennen nan kò m' kounyè a, **m'ap viv li nan konfyans mwen gen nan Pitit Bondye a** ki te renmen m' sitèlman li te rive bay lavi l' pou mwen.» Galat 2 : 20

Pòl di : Pèmèt Kris viv nan li se on kesyon de **lafwa**. Sa Pòl vle di esansyèlman sèke li dwe depann ale nèt de Kris la pou l' ka fè sa limenm sèl ka fè. Ou konprann, anpil kretyen mande m', « Kijan m' dwe viv lavi kretyèn ? » Kesyon sa a pa bon. Verite a sèke, piske se Kris k'ap viv lavi li, kesyon an t'a dwe,

Kijan m' dwe PÈMÈT Kris viv lavi li nan mwen ?

Repons la se : nan depann de Kris oubyen pa lafwa nan li. Nou pral wè nan fen leson sa a poukisa tout kretyen sa yo pa transfòme akòz fo kwayans yo nan lafwa.

Mache pa lafwa vle di, Kris ap viv lavi Li nan ou pou pwodui

Lavi an abondans li pwomèt w'a.

Lafwa se « CHEMEN » an pou Kretyen an.

Viv pa lafwa pèmèt Sentespri pwodui nan ou :

- **LIBÈTE** anba defèt koz peche w' yo.
- **VIKTWA** sou lachè, pouvwa peche, Satan ak demon yo.
- **GERIZON** blesi pase ak prezan yo.
- **TRANSFÒMASYON** an Modèl-Kris.
- **ENTIMITE** avèk Bondye.

Kat(4) Jan pou Defini Lafwa.

Pou konprann pi byen lafwa, mwen vle ba ou kat definisyon pratik ki te ede m' pandan plizyè ane. Mwen espere y'ap fè menm bagay la pou ou.

Lafwa se yon Asirans Epi yon Konviksyon

« Lè yon moun di li gen konfyans nan Bondye , sa vle di li **sèten li gen pou l' resevwa sa l' ap tann nan. Li gen konviksyon bagay nou pa ka wè ak je nou egziste tout bon vre.** » Ebre 11:1

Kèk sans mo « asirans » la nan Eebre 11 : 1 nan Leksik Fò, se : Fèmte lespri, rezolisyon, konfyans, epi fèm kwayans. « Konviksyon » se on mak sètitud. Avèk tout mo sa yo, men on definisyon lafwa:

LAFWA

Se yon ASIRANS, yon KONFYANS epi yon SÈTITID ke se Bondye ki di l'ap akonpli pwomès li.

kisa li ka fè nan lavi w' ? Èske manke depann de Bondye t'a on koz nan manke asirans ou ak manke konfyans ou ?

Medite : sou Ebre 11 : 1 epi reflechi sou sitiasyon kote w' pa asire nèt epi w' ka manke konfyans ke Bondye ap travay sou sa.

Angaje Bondye : Nan sans sa a, mande Bondye pou l' ba ou plis asirans epi plis konfyans ke se limenm ki di li la epi l'ap akonpli pwomès li nan lavi w'.

1. Lafwa Se yon KONVIKSYON epi yon ATANT

LAFWA

(Menm jan sa defini nan kòmantè Mathieu Henry a)

« Se yon fèm KONVIKSYON epi yon ATANT ke Bondye ap akonpli TOUT pwomès li yo anvè nou nan Kris. »

Mwen renmen definisyon sa a akòz mo konviksyon epi atant. Poukisa se Bondye dabò ? Se Bondye paske nan yon nivo, se Bondye ki di li la epi l'ap akonpli pwomès li yo. On lòt jan nou ka di sa, nou gen konviksyon nan on degre ke Bondye ka akonpli pwomès Li yo nan nou.

sepandan, pou tout rès lavi nou n'ap bezwen Bondye pou konvenk nou plis akòz de enkredilite nou. « Konviksyon sou Bondye » se on pati nesesè nan transfòmasyon nou. Pòl te pale de Abraam ki te gen konviksyon sou pisans ak kapasite Bondye pou l' fè sa l' pwomèt nan Women 4 : 21 :

« Li te gen fèm **konviksyon** Bondye te gen pouvwa pou l' te fè **sa l' te pwomèt la.** » women 4 :21

Aplikasyon : Yon aplikasyon definisyon sa a ka fèt konsa, « Kòm m'ap mache nan depann de Bondye, Li konvenk mwen ke Li renmen m', epi L'ap transfòme lavi m'. »

Kesyon : Ki degre konviksyon w' sou kapasite Bondye epi volonte li pou transfòme lavi w' ? Èske w' bezwen plis konviksyon sou Bondye?

Meditè : Sou Women 4 : 21 epi Filipyen 1 : 20 . Reflechi sou kesyon sa a, « Nan ki domèn nan lavi w' ou plis bezwen konviksyon sou lanmou Bondye, karaktè Bondye epi/oubyen sou pwomès Bondye yo ? »

Angaje Bondye: Kòmanse mande Bondye pou konvenk ou plis sou domèn w'ap reflechi yo.

3. Lafwa se kwayans ke « MWEN PA KAPAB », men « BONDYE KAPAB »

MWEN KAPAB - «... **San** mwen ou pa ka **fè anyen**. » Jan 15 : 5b

BONDYE KAPAB - «Mwen sèten **Bondye ki te kòmanse bon travay sa a** nan nou, li gen pou l' kontinye l' jouk **li va fini l nèt** , lè jou jezikri a va rive. » Filipyen 1 :6

Nou dwe kòmanse avèk « Mwen Pa Kapab » paske verite a sèke se Bondye sèlman ki ka fè pwomès transfòmasyon li yo vini reyèl nan lavi nou. On lòt pasaj ki pale de verite Bondye kapab la se Sòm 37 : 5

«Remèt koz ou nan men Senyè a, mete konfyans ou nan li, l'a **ede w'**» Som 37 : 5

Lafwa

Vini lè w' reyalize ke ou PA KA fè sa BONDYE sèl KA fè nan lavi w'. Enben, KWÈ ke li kapab.

Bondye di nou epi li redi nou nan pawòl li ke Li kapab, epi L'ap fini travay Li te kòmanse a.

Aplikasyon : Yon aplikasyon definisyon sa a kapab konsa, « Mwen pa ka libere tèt mwen anba laperèz, men piske m'ap mache pa lafwa, Bondye ka libere m' (e l'ap) libere m'.

Kesyon : Ki twa bagay ou pa ka fè, men ke Bondye pwomèt poul' fè ?

Meditè : Sou Jan 15 : 5b epi Filipyen 1 : 6 epi reflechi sou sa w'ap eseye fè osijè lavi kretyèn men ke ou pa ka fè.

Angaje Bondye : Kòmanse kwè nan Bondye pou l' fè sa w' pa ka fè.

4. Lafwa se koperasyon avèk Bondye

«Mwen pa kapab fè anyen pou kò mwen, M'ap jije dapre sa Bondye di mwen, Jijman mwen bon **paske sa m'ap chache fè a se pa sa m vle, men sa moun ki voye m' nan vle.**» Jan 5 :30.

Lafwa vle di ke ou pran desizyon pou kopere avèk Bondye. Sa vle di ou pa fè rezistans avèk travay Bondye a ankò. Ou pa eseye fè ankò bagay sèl Bondye ka fè. Koperasyon an se on atitid lafwa ki di, « Senyè mwen kwè nan ou pou viv lavi w' nan mwen epi pou transfòme lavi m' jan w' vle. »

LAFWA

Se KOPERASYON VOLONTÈ w' avèk Bondye pou transfòme lavi w' Selon volonte L'.


Aplikasyon : An n' sipoze w'ap gwoumen avèk mank. Koperasyon avèk Senyè a ka fèt konsa, « Senyè, mwen mande w' on volonte pou m' kopere avèk ou e pou m' pa reziste a travay ou pou libere m' anba mank. »

Kesyon : Ki domèn nan lavi w' kote koperasyon avèk Bondye a ka difisil sa vle di kote w'ap reziste a travay li nan ou ?

Meditè : sou Jan 5 : 30 epi mande tèt ou, « Poukisa m'ap reziste a travay Bondye nan domèn sa yo nan lavi m' tandiske li pwomèt pou libere m', pou l' ban m' vikwa, epi pou l' satisfè bezwen mwen yo ? »

Angaje : Kòmanse mande Bondye pou l' ba ou on volonte pou kouri dèyè rezistans a travay transfòmasyon li nan lavi w'.

Desen sa a fè on ramase sou kat definisyon lafwa yo.



Kesyon : Kiyès nan definisyon lafwa sa yo ki pi pratik pou ou ? Poukisa ?

Meditè : sou kat definisyon lafwa yo epi mande Bondye pou l' ba ou on pi gwo revelasyon avèk on volonte pi fèm pou mache pa lafwa.

KATRIYÈM JOU

Twa Verite kle Osijè de Lafwa

Avan nou fini etid nou an sou lafwa, an nou fè on koudèy sou twa verite kle an plis, sou lafwa.

1. Èske se oumenm ki pou pwodui lafwa a ?

Se on kesyon kle pou nou reponn paske tèlman gen kretyen ki panse se yo menm ki pou pwodui lafwa ki nesesè pou viv lavi kretyèn. Pou kòmanse, an nou gade twa dènye mo Jezi yo sou kwa a nan Jan 19 : 30 :

« Tout Bagay Fini. »

Twa dènye mo Senyè a sou kwa a gen yon sans etènèl pou ou menm avè m' kòm kretyen.



Yonn nan sans yo sèke Kris peye pou peche nou yo on fwa pou tout. Sepandan gen on lòt sans ki gen rapò avèk mach kretyèn nou. Kite m' poze w' on kesyon. "Kisa nou ka ajoute nan yon bagay ki fini?" « Anyen. »

Lòt jan nou ka di sa, Bondye pa mande nou ajoute anyen nan travay li ki fini. Bondye pa bezwen w' pou fini on bagay pou li. Wòl ou nan tout sa se senpleman RESEVWA : Kolosyen 2:6

« Se konsa, nou menm **ki asepté** Kris la pou Senyè nou an ,se pou nou **viv yon jan ki dakò ak li.**»

Kijan nou ka aplike sa nan lafwa ? Gade nan Kolosyen 2 : 9, 10 ke nou etidye nan premye lesan an.

« **Se nan lavi Kris la** t'ap mennen nan kò li a nou jwenn **tout sa Bondye ye. Nou menm tou, Bondye la nan tout lavi nou**, paske n'ap viv nan Kris la ki chèf tout lespri ki gen otorite ak pouvwa.»

Sa ki vin apre a se yon verite kle baze sou kolosyen 2 : 9, 10 :

Si w' te resevwa plenitid NAN Kris, sa vle di ke ou genyen PLENITID LAFWA Kris la nan ou.

Marye vèsè sa a avèk Filipyen 4 : 19

« Bondye ki rich anpil la **va ban nou tout sa nou bezwen** nan Jezikri. »

Piske Bondye se Sous la k'ap nourri lafwa w', alòs se pa ou menm ki pou pwodui oubyen fabrike lafwa. Piske Kris nan ou epi ou nan Kris, ou gen tout lafwa pou tout tan. Wòl ou selon Kolosyen 2 : 6 se RESEVWA lafwa a ki déjà pa w'.

Bòn Nouvèl !

**Bondye p'ap tann ou pou pwodui lafwa.
L'ap tann ou pou resevwa PWOVIZYON lafwa li.**

« Kisa Jezi vle di pa TI LAFWA oubyen TI FWA » ?



« Jezikris di yo : **Poukisa nou pe konsa ? Ala moun manke konfyans !** Apre sa Jezi leve kanpe, li pale byen fò ak van an ansanm ak dlo a. Lamenm yon gwo kalmi fèt.» Matye 8 : 26
Sa Jezi te vle di pa « tipiti » fwa nan vèsè sa a se te ke disip yo pa t' **egzèse** lafwa yo nan tout kapasite li. Poukisa ? Nan nivo sa a, disip yo pa t' ko genyen tout lafwa Kris la paske yo te toujou ap tann jou pannkot la pou yo te ka resevwa tout plenitid Bondye nan yo.

On lòt kote, ou gen plenitid lavi Kris la nan ou, paske ou gen tout lafwa Bondye. Kesyon an se : Èske w'ap sèvi pi plis avèk plenitid lafwa ki nan ou, oubyen èske w'ap viv avèk on « ti fwa » tankou disip yo ?

Kesyon an SE PA « Ki nivo lafwa w' genyen ? » Kesyon an se : « Èske w' EGZÈSE plenitid lafwa ke w' deja genyen NAN Kris ? »

Kesyon : Kijan sa t'a ka chanje pèspektiv lafwa w' lè w' konnen ou genyen nan ou tout lafwa ke w' bezwen an nan Kris ?

Angaje Bondye : Chèche Senyè a pou plis konprann ke w' gen tout lafwa ou bezwen an nan ou e ke wòl ou se egzèse plenitid lafwa ke w' posede deja.

Travay Bondye nan lavi w' pa Marye Nesesèman avèk fwa w'.

« Bondye nou an, se nan syèl la li ye, **li fè sa l' vle.** » Sòm 115 : 3

Travay Bondye nan lavi w' pa marye nesèsèman avèk jan w' egzèse lafwa w'. Bondye souvren, li ka fè sa l' vle nan lavi w' san pa bezwen gen rapò avèk si w' mache pa lafwa oubyen si w' pa mache pa lafwa. Menm si w' ka pa sou chemen lafwa, sa pa anpeche Bondye travay nan lavi w. (Mwen rele sa gras). Sepandan, mwen ka di w', kòm eksperyans pèsone, dènye ane sa yo, mwen mache ak plis konsyans pa lafwa kontrèman a trant premye ane vi kreyen mwen yo. Bondye akselere chanjman li yo nan lavi m'. On verite kle pou nou sonje se :

Pwosesis transfòmasyon Bondye nan lavi w' ap AKSELERE Selon jan w' mache pa lafwa.

Lafwa Dwe Toujou Genyen Yon Sipò



Lafwa ka gen anpil sipò. Lè w'ap kondui machin ou, ou gen fwa nan fren w' yo, oubyen ou gen fwa nan konstriksyon kay w'ap travay ladann chak jou a, oubyen w' gen fwa nan chèz ou chita sou li a. Se pa lafwa ki kle a.

Kle a se sipò lafwa w' la. Sipò fwa w' kòm kreyen t'a dwe Jezi. Nou wè sa nan vèsè sa yo:

«An n' kenbe je nou kole sou jezi. **Se nan li konfyans nou soti, e li menm tou k'ap kenbe nou nan konfyans sa a jouk sa kaba.** Li kite yo fè l' soufri sou kwa a. Li pa pran wont sa a pou anyen, paske li te toujou sonje apre l' te fin soufri a, Bondye t'ap fè kè l' kontan. Kife kounyè a li chita sou bò dwat fotèy Bondye a. » Ebre12 : 2

« Nou wè nonm sa nou konnen an, **se pouvwa ki nan non jezi a mete ak konfyans nou gen nan non sa a** ki ba li fòs ankò. Se konfyans nou gen nan Jezi kifè l' geri nèt, jan nou ka wè l' la.» Travay 3 : 16

Pwoblèm nan Sèke nou gen on Lòt Sipò pou Lafwa Nou.

Mwen konnen depi w'ap viv lavi kreyen on sèten tan, ou konnen ke sipò lafwa nou t'a dwe Jezi Kris. Piske mwen fè akonpayman pou anpil kreyen nan ministè a (yo kreyen depi 10, 20, 30 tan e plis), mwen fè eksperyans la pèsonèlman epi mwen temwen ke lafwa yo gen on lòt sipò. Sipò sa a **se pwòp kosyan entèlektiyèl yo, pwòp kapasite yo ak volonte yo**. Reflechi sou fraz sa a :

Si w' kwè se ou menm ki pou viv lavi kreyen avèk èd Bondye, li posib pou sipò REYÈL lafwa w' se Kosyan Entèlektiyèl ou (KE), Kapasite w' ak Volonte w' ?



Kite m' ba nou on egzanp. Si w' kwè se ou ki pou viv lavi kreyen, avèk èd Bondye, pran pwomès viktwa, libète ak transfòmasyon Bondye yo epi eseye avèk pwòp kapasite w', pwòp fòs ou epi pwòp volonte w' pou fè pwomès sa yo vin reyèlite w'ap viv nan lavi w'.

Sa w' fè a esansyèlman, se mete lafwa w' nan ou menm, epi w' mande Bondye pou l' ede w' pou ka vin sous pou fè pwomès sa yo reyèl nan lavi w'. Sepandan, kisa nou konnen ki vre ? Nou konnen nan premye lesan an nan 1 Korentyen 1 : 30 ke Bondye se sous lavi nan nou e ke li p'ap ede nou vin sous la. Nan pwèn sa a, mwen vle fè on bagay on ti jan pèsonèl pandan m'ap poze w' kesyon sa a :

Si w'ap eseye viv lavi kreyen avèk pwòp fòs ou epi pwòp volonte w', èske w'ap fè eksperyans transfòmasyon reyèl la ?

Jan yo te aprann mwen, y'ap aprann anpil kreyen jodi a ke yo dwe « aplike » verite Bondye a nan vi yo. Pandan ke sa sanble on bagay ki esprityèl anpil, yo entèprete l' kòm si mwen dwe pran verite Bondye a epi eseye fè l' fonksyone nan lavi m' pandan m'ap sèvi ak pwòp kosyan entèlektiyèl pa m', pwòp kapasite m', pwòp disiplin mwen epi pwòp volonte m'. Pwoblèm ki genyen nan sa sèke si se mwen ki pou fè l' fonksyone, **m'ap echwe** paske mwen p'ap ka fè l' fonksyone !

Verite a sèke nou depann ale nèt de Bondye ki pou pran verite li a epi fè l' fonksyone nan lavi nou.

Kesyon sa yo ka ede w' wè kijan mach pa lafwa pa w' la ap dewoule.

Èske mach pa lafwa w' la pwodui :

- Viktwa ale nèt sou defèt koz peche w' yo ak Satan ?
- Libète ale nèt anba konpòtman koupab yo ?
- Gerizon ale nèt anba blesi pase ak prezan w' yo ?
- Transfòmasyon ale nèt pou rive nan modèl-Kris la ?

Si w' pa ka reponn « wi » pou chak kesyon sa yo, li posib ke w' mete lafwa w' nan pwòp kapasite w' kont lafwa nan kapasite Bondye ? Mwen pa mande sa pou fè w' santi w' koupab oubyen (pou fè w' wont). Rezon an sèke, lè nou mache pa lafwa nan Kris, l'ap pwodui yo epi w'ap fè eksperyans viktwa ale nèt, libète ale nèt, gerizon epi transfòmasyon ale nèt. Gade desen an pou wè rezilta lafwa nan pwòp kapasite nou rezilta lafwa nan Bondye.

Lafwa nan ou menm kòm Sous ou


San Èd Bondye =

***San mouvman, San Pisans,
Lavi san chanjman (plis menm bagay yo)***

Lafwa nan Bondye kòm

Sous ou =

***Lavi, Pisans,
Transfòmasyon***



Ki Chwa w'ap fè ?

Si w' mete fwa w' nan ou menm, sa vle di ou p'ap fè eksperyans lavi Kris la oubyen pisans li, epi transfòmasyon reyèl la p'ap janm rive fèt nan lavi w'. Sepandan, viv pa lafwa nan Bondye kòm sous ou ap mennen nan fè eksperyans pisans ak lavi Kris la epi w'ap viv reyèlman transfòmasyon total la.

Angaje Bondye : Mande Lespri a pou l' montre w' si wi ou non vrè sipò lafwa w' se nan kapasite w' epi/oubyen nan volonte w' oubyen nan kapasite Bondye.

Kesyon : Kisa desen sa a montre kòm konsekans, si se ou ki sipò lafwa w' ?

Angaje Bondye Si w' dekouvri w'ap mache reyèlman pa lafwa nan kapasite pa w' kont lafwa nan kapasite Bondye, alòs mande li pou l' ba ou volonte pou mache nan depann de li kòm Sous ou.

SENKYÈM JOU

Poukisa n' ap Gwoumen avèk Lafwa nan Bondye ?

« Lè sa a, yo mande li : **Kisa pou n' fè si nou vle fè travay Bondye ?**

Jezi reponn yo : Sèl travay Bondye mande nou pou n' fè, se pou nou **mete konfyans nou nan moun li voye a.** » Jan 6 :28-29

Avan nou kontinye, mwen panse li enpòtan pou nou wè twa rezon mwen dekouvri nan ane pase yo ki fè kreyen yo ap gwoumen avèk lafwa nan Bondye.

1. Nou vini avèk mantalite « APRANN epi FÈ » a nan lavi kreyèn.



Mwen kwè se rezon #1 ki fè n'ap gwoumen avèk kesyon lafwa a. Poukisa ? Li fasil anpil pou nou mache pa lafwa nan pwòp kapasite nou paske se konsa nou viv lavi nou. Reflechi sou lavi w'. Kijan w' viv lavi jiskela ? Pou anpil nan nou, nou aprann sou lavi epi nou ale (mete an pratik) fè eksperyans sou sa nou te aprann nan.

Pa egzanp, ou aprann kijan pou fè travay ou, epi apre ou fè l'. Ou aprann kijan yo jwe gòlf, kijan yo peche, kijan yo chase, epi w'al pratike yo. Nou aprann kijan pou nou leve timoun nou yo epi nou sèvi ak sa nou te aprann nan pou nou leve yo. Kle a sèke nou itilize entèlèk nou avèk kapasite nou pou « aprann » epi answit « fè ». « Se konsa nou toujou viv lavi nou. Kesyon an se, èske mantalite « aprantisaj epi pratik sa a mache nan viv lavi kreyèn ? » Reflechi sou kesyon sa :

Èske w' kwè ke w' dwe APRANN verite Bondye a osijè de viv lavi kreyèn epi answit nan kapasite pa w' (avèk èd Bondye) soti al pratike sa Bondye di ?

Verite a : Mantalite « Aprantisaj epi pratik » la pa mache nan kesyon viv lavi kreyèn. Poukisa ? Paske nou pa ka fè l'. Se sèl Sentespri ki ka fè l'. E li pwomèt pou l' fè l' nan lavi nou. Èske w' sonje Filipyen 1 : 6 ? Menm jan nou te aprann nan premye lesan an, se pisans Bondye epi sèlman li menm k'ap kreye transfòmasyon espirityèl la. Jan m' te pataje l' avèk ou, atravè istwa pa m', mwen te eseye « aprann epi fè a » nan lavi kreyèn men mwen te echwe on jan mizerab. Pwoblèm nan sèk lavi transfòmasyon Bondye pwomèt la pa t' janm rive. Se sèlman nan depann de Senyè a ke chanjman veritab sa a te vin rive.

2. Nou vle nan KOZ epi nan KONSEKANS transfòmasyon espirityèl nou.

On lòt pwoblèm osijè de lafwa sèk nou pa kapab, avèk entèlèk nou, kapasite nou epi talan nou yo, koz epi/oubyen konsekans transfòmasyon espirityèl la. Se yon pwoblèm paske nou tilize entèlèk nou, kapasite nou yo avèk talan nou yo nan aktivite nou yo, nan maryaj nou yo epi nan levasyon fanmi nou yo. Se natirèl pou nou vle eseye transfòmasyon tèt nou oubyen pou n' ede Bondye transfòmasyon nou avèk efò nou yo, men nou pa ka fè on bagay ke se sèl Bondye ki ka fè l'.

Verite : Nan mach pa lafwa nou an nou depann de Bondye k'ap mete entèlèk li, pisans li epi kapasite l' pou l' fè nan nou sa nou pa ka fè nou menm. Èske w' sonje Jan 15 : 5b ? Se yon lit li ye lè pou mete kapasite w' akote epi pou atire kapasite Bondye. Mwen espere ke ou kòmanse gen konviksyon ke se Bondye sèl, kòm Sous ou, ki ka pote tout chanjman ki fè sans nan fason w' panse, ou santi, ou chwazi, oubyen ou konpòte w'.

Nòt : Sa pa vle di ke w' pa dwe sèvi ak entèlèk ou epi kapasite w'. Sepandan bagay sa yo p'ap sèvi a anyen nan kesyon transfòmasyon espirityèl.

3- LEGALIS la BAY JARÈT Kreyèn « aprann epi fè » a.

Si w' pase anpil tan nan on legliz legalis menm jan avè m', alòs li pwobab pou te viv avèk on « aprann epi fè » lavi kreyèn. Kisa m' vle di lè m' di « legalis » ? Sa m' rele legalis la se lè w'ap eseye viv lavi kreyèn pandan w'ap itilize pwòp kapasite w' pou kenbe epi swiv kèk règ pou ka pwodui transfòmasyon. Legalis la ankouraje fo kwayans ke se ou ki pou sous la pou eseye kenbe on estanda oubyen kèk règ pou vin on bon kreyen oubyen pou fè Bondye plezi. Nan ka pa m' nan, legalis la bay on vi anpil efò pandan m'ap eseye fè Bondye plezi epi libere tèt mwen. Èske se konsa pou ou tou ?

Verite a : Eseye viv nan konfòmasyon w' avèk kèk estanda oubyen kèk règ p'ap janm pwodui on transfòmasyon reyèl. Eseye pi fò oubyen fè plis pou Bondye p'ap pote anyen nan kad chanjman w' vle yo. Oubyen w' abandone, oubyen w' fè plis efò pou viv lavi kreyèn. Vrè

libète a vini lè w' mete lafwa w' nan pisans ak kapasite Bondye pou l' pwodui pwomès transfòmasyon l' yo nan ou.

Èske sa pa vle di viv on lavi pasif san fè anyen ?

«Konsa ,**konfyans** nou gen nan Bondye a pa chita sou bon konprann lezòm, men sou **pouvwa Bondye**.» 1 Korent 2 :5



Mwen tande souvan kòmantè sa a nan bouch kèk kanmarad lè y'ap eseye konprann sans mache pa lafwa nan Kris k'ap viv lavi li nan yo : « Èske viv pa lafwa vle di ke mwen pa sipoze fè anyen ? » Oubyen kèk kòmantè tankou : « mach pa lafwa sa a pasif anpil », oubyen « Ki responsablite pa m' ? » Verite a sèke mach pa lafwa a se tout bagay sof on vi pasif.

VERITE KLE a:

Sèke lavi kretyèn AKTIF anpil, men se Bondye ki se SOUS AKTIVITE a (transfòmasyon espirityèl) ki fèt la.

Pou Konprann verite anlè a, an nou gade lavi ak ministè Jezi. Èske w' t'a di ke Jezi te pasif ? M' pa kwè okenn nan nou t'ap di sa. Sepandan, kisa nou aprann sou fason Jezi te viv ? Li te DEPANN ale nèt de papa a. Pandan l' t'ap mache nan depandans la, kisa ki te pase ? Papa a libere lavi Li ak pisans LI NAN Jezi pou transfòme lavi yo. Pa konsekan, ou gen on responsablite.

Responsablite w' se DEPANN de Kris

Moman apre moman pour l' ka viv lavi Li nan ou.

Konsa, Bondye libere lavi Li ak pisans Li nan ou pou chanje ale nèt jan w' panse, jan w' senti, jan w' chwazi epi jan w' konpòte w'.

Medite: Sou panse ke on fwa ou aktif nan depann de Bondye, Li se sous aktivite a (transfòmasyon espirityèl) k'ap fèt nan ou.

Angaje Bondye : Chèche Bondye pou l' ka ba ou on revelasyon sou kesyon pasivite a, reponsablite ak aktivite a.

Ranmase sou Dezyèm Leson an

Mwen espere ke leson sa a te fè w' konprann pi byen wòl ou nan pwosesis transfòmasyon Bondye a. Mwen espere ke w'ap kenbe pwèn sa yo nan etid sa a :

- Wòl ou nan kesyon viv lavi kretyèn nan se DEPANN de Bondye kòm Sous ou.
- Depandans se yon lòt mo ki vle di lafwa.
- Se pa ou menm ki pou pwodui lafwa. Wòl ou se RESEVWA lafwa ke w' genyen nan Kris.
- Sipò lafwa w' ap oubyen nan OU MENM Kòm sous la, oubyen nan Bondye kòm sous la.
- N'ap gwoumen avèk vrè sans lafwa akòz mantalite « Aprann epi Fè », akòz de enkapasite w' pou itilize talan w' epi ladrès ou yo epi akòz on legalis ou anbrase pou ka fè eksperyans.
- Lavi kretyèn nan pa pasif. Se Bondye ki Sous aktivite Li nan ou pou transfòme chak domèn nan lavi w'.
- Viv lavi pa lafwa nan Kris pwodui chanjman nan panse nou, nan kwayans nou, nan konpòtman nou epi nan chwa nou.

Gade Desen paj 34 la ankò konsènan diferans ant « ON VI » avèk « LAVI »

TWAZYÈM LESON

Verite Kle osijè de Mach pa lafwa epi konprann Kris kòm Sous ou

PREMYE JOU

Apèsi sou Leson Twa a

- Kisa ki rive w' lè w fè kèk pa nan lafwa?
- Rezilta yo lè w' viv nan pisans Bondye.
- Sans on travay sinatirèl Bondye.
- Konprann lafwa avèk Santi epi fè eksperyans.
- Sans konfyans Kris la.
- Konprann kijan Kris kòm lavi nou pran fòm nan lavi chak jou nou.

Entwodiksyon

Mwen espere ke dènye lesan an fè ou plis konprann kesyon depandans epi lafwa a. piske nou konprann wòl nou nan pwosesis transfòmasyon Bondye a, An nou gade sa ki pase lè nou fè on pa nan lafwa. Nan fen lesan an, n'ap kòmanse aplike sa nou te aprann pou nou ka wè kisa atire Kris kòm lavi nou nan lavi chak jou nou an ye.

Pakou Lafwa a kòmanse avèk on Pa nan Lafwa.

«Lezòm fè plan travay yo nan kè yo. Men, **se Senyè a k'ap dirije sa y'ap fè a.**» Pwovèb 16 : 9

Imajine ou demenaje pou al viv Endonezi. Ou t'ap soti nan on kilti w' abitye avè l' pou al viv nan on lòt ki diferan a 180 degre de sa w' fèk kite a. Fòk w'al aprann viv nan kilti tou nèf la. Se menm jan an, Bondye deplase w' nan kilti lavi « ego » pwòp kapasite w' yo pou l' mete w' nan yon kilti « espiyèl » pou viv kapasite li a ki p'ap fini. Se on tranzisyon ki difisil anpi tou. Sepandan Bondye pwomèt pazapa nan mach la, l'ap akonpli transfòmasyon an abondans li pwomèt la, nan lavi w'. Pa konsekan, kite m' kòmanse defini on pa nan Lafwa :

PA NAN LAFWA A

Se yon MOMAN egzat ou ANGAJE Bondye avèk PISANS Li epi LAVI Li pa Lafwa.

Kisa ki Pase nan Moman Ou Fè on Pa nan Lafwa ?

Sonje verite premye lesan an, nan moman sa a menm TOUT pisans ak lavi Bondye a anndan ou selon kolosyen 2 : 9, 10 :

« Se nan lavi Kris la t'ap mennen **nan kò li a nou jwenn tout sa Bondye ye. Nou menm tou, Bondye la nan tout lavi nou, paske n'ap viv nan Kris la ki chèf tout lespri ki gen otorite ak pouvwa. »**

Piske w' genyen pisans ak lavi Bondye, kisa ki pase lè w' fè on pa nan lafwa ?

Lè w fè on pa nan lafwa, TOUT PISANS ak LAVI Bondye LIBERE nan ou pou transfòme panse w', kwayans ou yo epi konpòtman w'.

N'ap pale plis de lavi Bondye libere nan nou nan fen lesan sa a. Sepandan an nou gade pi pre pisans Bondye epi sa ki pase lè li libere nan nou. Gade kijan pòl marye lafwa avèk pisans Bondye :

« Konsa, **konfyans** nou gen nan Bondye a pa chita sou bon konprann lezòm, men, **sou pouvwa Bondye.** » 1 Korent 2 : 5

« Se poutèt sa, mwen p'ap janm sispann lapriyè pou nou. M'ap mande Bondye pou l' ede nou pou nou viv yon jan ki dakò ak lavi li mande nou pou nou viv la. M'ap mande l' pou li ba nou **pouvwa li** pou nou ka fè tout byen nou vle fè, pou nou fin **reyalize nèt travay n'ap fè ak konfyans nan Bondye.** » 2 Tesalonisyen 1 : 11

Lèw fè on pa nan lafwa Bondye pa ba w' sèlman on pati nan pisans li ak lavi li. Li libere tout fòs pisans Li nan ou pou transfòme chak domèn lavi w'.

Ki Sòt de Pisans Pisans Bondye a Ye ?

« Men, nou tout **k'ap pote richès Bondye** sa a nan kè nou, nou tankou veso ki fèt an tè. **Tou sa se pou tout moun ka wè gwo pouvwa sa a pa soti nan nou, men se nan Bondye li soti.** » 2 Korent 4 : 7

« Mwen mande l' pou nou ka konnen tou ki jan pouvwa li k'ap travay nan nou menm ki kwè nan li a, se yon gwo pouvwa ki san limit. Se menm gwo pouvwa sa a Bondye te fè moun wè, lè li te fè Kris la leve soti vivan nan mitan mò yo, li fè l' chita sou bò dwat li nan syèl la. » Efezyen 1 : 19,20



« M'ap priye pou nou kòmanse konprann **enkwayab grandè pisans** Li pou nou menm ki kwè

Reflechi Sou Sa !

MENM pisans pouvwa ki te resisite Jezi a nan NAN OU !

An plis, pisans Bondye nan ou a se menm pisans ki :

- **Kreye syèl la ak tè a.**
- **Te ouvri lamè wouj.**
- **Kenbe inivè a ansanm.**

Li toutafè nesèsè pou nou viv nan pisans Bondye paske san li nou p'ap janm fè eksperyans pwomès transfòmasyon Bondye yo. Li pwobab ke w' te eseye, nan pouvwa w' ak volonte w', rezoud koz peche yo, oubyen eseye pa peche tou senpleman. Si wi, kijan sa te pase pou ou ? Verite a sèke nou dwe viv nan pisans anndan ki soti nan Bondye pou nou ka fè eksperyans transfòmasyon an nan tout sans li.

Viv NAN pisans Bondye anndan w', ap chanje latètopye fason w' panse, ou kwè, ou chwazi, epi fason w' konpòte w'.

Kesyon : Nan pwen nou rive a, èske w' reyalize grandè pisans Bondye ki abite nan ou ?

Medite : Sou 2 Korentyen 4 : 7 epi Efezyen 1 : 19, 20 epi reflechi sou grandè pisans Bondye ki abite nan ou.

Angaje Bondye : Mande Bondye pou konvenk ou pi plis sou pisans diven ke w' posede epi sou fason li vle itilize pisans sa a pou libere w'.

Kisa Pisans Bondye a ka Fè Lè li Libere Anndan w' ?

Kisa pisans Bondye a ka akonpli anndan w' ? Pòl eksplike sa klè nan Efezyen 3 :20

« Tout lwanj la se pou Bondye . Paske, **ak pouvwa** k'ap travay nan nou an, **li kapab fè pi plis pase tout sa nou ka mande, pi plis pase tout sa nou ka mete nan lide nou.**» Efezyen 3 :20

Reflechi sou vèsè sa a on moman. Pòl fè on deklarasyon avèk odas lè li di sa bondye ka fè avèk pisans li depase « byen lwen, tout sa nou mande yo oubyen tout sa nou panse yo » Pòl deklare verite sa a paske li fè eksperyans pouvwa sa a avèk pisans nan li, ki mennen li nan kèk zòn transfòmasyon li pa t' kwè ki te posib. Si pisans Bondye ka fè sa nan lavi l', kisa w' pansse ke pisans Bondye t'a ka fè nan lavi pa w' ?

Pisans Bondye NAN Ou:

- **RENOUVLE l'espri w' pou kwè nan verite Li. Women 12 : 2**
- **LIBERE W'anba fò peche w' yo. Jan 8 :32**
- **Geri blese w' yo. Sòm 147 : 3**

- Ba w' viktwa sou lachè, peche, Satan epi lemonn. 1 Korentyen 15 : 57
- Transfòme jan w' panse, santi, chwazi epi jan w' konpòtew'. 2 Korentyen 3 : 18
- Ap ATIRE W' nan on relasyon entim avèk li. Efezyen 1 : 5

Kesyon : Ki dènye fwa ou te fè eksperyans pisans Bondye k'ap chanje fason w' panse, fason w' kwè, fason w' chwazi, oubyen fason w' konpòtè w' ? Ekri twa chanjman ou t'a renmen fè eksperyans yo nan kat domèn sa yo.

Meditè : Sou Efezyen 3 : 20 epi panse a chanjman ke Bondye t'a vle reyalize nan lavi w' pou ka rive di menm jan a Pòl, « Pa pisans k'ap aji nan nou an, li ka fè san limit, depase tout sa nou mande oubyen panse »

Angaje Bondye : Kòmanse mande Bondye pou l' transfòme lavi w' pa rapò a chanjman ke w' t'a renmen fè eksperyans yo a.

Aprè plizyè ane nan ministè a mwen rive nan konklizyon ke majorite Kretyen yo pa konprann vrèman GRANDÈ pisans Bondye paske yo pa fè ase pa nan lafwa pou fè eksperyans Bondye a.

DEZYÈM JOU

Sonje Pisans Bondye ki Anndan w' nan p'ap Sèvi w' Anyen de Bon si w' Chwazi pou pa Mache pa Lafwa.

Mwen achte dènyèman yon òdinatè pòtatif (on laptop). Li gen plis RAM ak plis pisans lontan pase sa m' te achte 2 zan avan an. Menm jan ak tout òdinatè, mwen gen aksè a tout enfòmasyon ke m' bezwen, sou Entènèt. Sepadan, tout pisans ak tout aksè sa yo p'ap sèvi m'anyen si m' pa limen òdinatè a. Sof si m' fè sa, apre sa, se on près-papye ki koute byen chè !

Se menm bagay tou pou pisans Bondye a. Nan moman sa a ou genyen tout pisans Bondye a. Sepandan, pisans Bondye a san zefè pou ou, sof si w' peze bouton pou ouvè l' la.

Se lè nou fè kèk PA nan lafwa ke nou PEZE bouton limyè Bondye a.



Kite m' ba ou yon imaj ou ka wè, pou m'eksplike sa. Imajine on boutèy dlo an plastik ki plen dlo epi ki genyen on bouchon. Dlo nan boutèy la reprezante plenitid Divinite a epi tout PISANS Bondye. Imajine dlo ki nan boutèy plen an k'ap antre anndan w' nan moman Sali a (paske nan Sali a ou te resevwa plenitid pisans ak lavi Bondye nan ou).

Sepandan, san w' pa retire bouchon boutèy la, ou p'ap janm ka bwè dlo boutèy la oubyen atire pisans Bondye. Lè w' fè kèk pa nan lafwa, Bondye ouvri bouchon an epi li vide pisans Li sou ou pou transfòme panse w', kwayans ou epi konpòtman w'. Sa ki fè m' tris sèke anpil kretyen ap viv konnyè a jan mwen t'ap viv pandan trant an. Yo gen nan yo pisans pou transfòme lavi yo men yo pa mezire grandè pisans Bondye oubyen yo pa konprann kijan pou yo gen aksè a pisans Li. Rezilta a sèke lavi yo rete san chanjman. Y'ap viv nan defèt nan mitan viktwa. Pisans ki ka libere yo epi transfòme yo a, yo pa pwofite l'. Y'ap viv tankou moun ki pa kretyen. Y'ap viv nan pwòp entèlèk, nan pwòp kapasite yo epi nan pwòp volonte yo olye yo viv nan pisans Bondye.

San w' pa peze bouton limyè Bondye a pa lafwa, p'ap gen transfòmasyon KI GEN SANS nan lavi w'.

Pisans Bondye ap Fè on Travay SINATIRÈL nan Ou

On mo ki enpòtan pou konprann osijè travay Bondye nan lavi nou se mo « sinatirèl. » Fòk nou konprann enpòtans li, paske tout sa Bondye fè nan lavi w', « sinatirèl. » Pa konsekan, avan nou ale pi lwen, kite m' defini kisa travay « sinatirèl » la ye.

ON TRAVAY « SINATIRÈL »

Se on travay Bondye fè nan nou epi atravè nou lè nou mache pa lafwa ki limenm pa gen okenn eksplikasyon natirèl oubyen imen ki egziste pou li.

Kite m' montre on travay « sinatirèl » avèk istwa chit mi Jeriko a nan Jozue 6 : 3-5



« **Fè tou vil la**, nou tout nèg lagè yo, fè tou vil la on fwa. Fè menm jan an pandan 6 jou. Lè yo sonnen lanbi a, lè n'a tande son twonpèt la, tout pèp la ap rele fò. Alòs, **mi vil la ap tonbe**, epi pèp la ap monte yonn dèyè lòt. »

Mwen t'a renmen ou li pasaj sa a ankò epi antre nan istwa a. Kisa ki t'ap rive si Bondye te di pou yo fè tou jeriko pandan 7 jou, pou soufle twonpèt yo setyèm jou a, rele epi mi yo t'ap tonbe ? (FYI- Bondye pa t' di jwif yo pote boulèt kanon pou demoli.) Ebyen, pasaj la montre nou sa yo te fè egzateman epi mi yo te tonbe. Pwen-kle pou nou konprann sèke wòl yo se te mache, soufle twonpèt epi answit rele. Yo te fè tout sa pa lafwa. Sepandan se pa okenn nan bagay sa yo ki fè mi yo te tonbe. Nan kwonòmèt san fay Bondye a, Limenm, nan pisans sinatirèl li, te jete mi yo.

Panse a sa: li posib pou Bondye vle reyalize menm travay sinatirèl la nan ou ? Èske l' pa pwomèt pou l'ap jete mi fo kwayans ou yo, defèt anba koz peche w' yo pi blesi w' yo pou l' ka libere w' ? Pa konsekan, wòl ou se mache pa lafwa epi kwè nan pisans sinatirèl li, fè sa sèlman. Konsa, lè mi yo tonbe, menm jan ak Jwif yo, w'ap nan admirasyon Li.

Kesyon : Ki travay sinatirèl ou t'a renmen pou Bondye reyalize nan lavi w' ? Èske se viktwa sou on lit anndan, èske se libète anba defèt on koz peche, èske se transfòmasyon on konpòtman chanel ?

Medite: Medite sou Jozue 3 : 5-6 pi wo a epi reflechi sou kesyon sa, « Si Bondye ka ranvèse mi fizik Jeriko yo, èske l' p'ap ranvèse mi fo kwayans ou yo, mi koz ak fò peche w' yo, si w' mache pa lafwa ?

Angaje Bondye : Kòmanse fè kèk pa nan lafwa, epi mande Bondye pou l' ranvèse mi sa yo.

Sa Nou Bezwen Konprann Sou Travay Sinatirèl Bondye Nan Nou

Nou kapab di avèk asirans ke majorite kretyen konprann pisans Bondye a sinatirèl. Sepandan, lè mwen di Bondye vle reyalize on travay sinatirèl nan yo, yo gen tandans pran plis tan epi nan difikilte pou yo konprann konsèp sa a. Alòs, sa sa vle di sinatirèl lè li kesyon de pisans Bondye nan nou ? An nou wè 2 verite kle pou nou reponn kesyon sa.

Ou ka, pi plis, PA SANTI OUBYEN PA FÈ EKSPERYANS pisans sinatirèl Bondye a k'ap travay nan ou.

Si w' patisipe avè m' yon moman, mwen panse m' ap ka demontre w' sa m' vle di. Fè yon pa nan lafwa avè m' konnyè a menm. Di senpleman, « Seyè, mwen kwè nan moman an pisans ou ap koule nan mwen. » Si w' fè sa pa lafwa, èske w' santi on bagay ? Èske w'ap viv fòs pisans Bondye k'ap desann nan ou ? Pou majorite a, nou p'ap santi pisans Bondye nan nou pandan n'ap mache pa lafwa. Poukisa sa konsa ? Gade nan 2 Korentyen 5 : 7 pou repons la :

« Paske **N'ap mache pa lafwa, e NON pa sa nou wè. »**



Pòl vle di nou nan vèsè sa a ke se pa lafwa mach la ye, se pa on mach pa santiman oubyen eksperyans. Byen souvan ou p'ap santi oubyen fè eksperyans ni lavi Bondye ni pisans Li olye de lekòtrè a. Poukisa sa ka fristre moun ? Kòm imen, nou santi epi nou fè eksperyans lavi nan yonn oubyen plizyè nan 5 sans nou yo tout tan. Santi epi fè eksperyans fè pati lavi

nou. Konsa li fasil pou nou di n'ap santi epi n'ap fè eksperyans travay Bondye a lè nou fè kèk pa nan lafwa.

Pou pi plis nan nou, verite a sèke, nou p'ap fè eksperyans ni pisans ni lavi Bondye k'ap koule nan nou lè nou fè kèk pa nan lafwa.

On Egzanp pèsonèl

Lè m' te kòmanse vwayaj pa lafwa mwen an, yonn nan bagay mwen te vle se te pou Bondye geri blesi papa m' te koze m' yo. Wout mwen vè gerizon an te kòmanse avèk premye pa mwen nan lafwa ki te fèt konsa : « Senyè, mwen mande w' geri blesi papa m' koze m' yo pa abi vèbal, emosyonèl, fizik. » Menm lè a, tout pisans Bondye pou geri mwen t'ap koule sou mwen.

Sepandan, mwen pa t' santi ni fè eksperyans okenn pisans gerizon Bondye. Mwen pa t' santi pisans Bondye, men kisa verite Bondye a di nou ? Santi l' oubyen pas anti l', pisans Bondye a te koule sou mwen. Verite a sèke pa fè eksperyans gerizon Bondye a pa chanje anyen nan travay Bondye pou geri m' nan moman sa a. Pa konsekan, men on verite kle nan mach pa lafwa.

Yon KLE nan Mach pa Lafwa:

KWÈ ke Bondye ap travay nan ou piske w'ap mache pa lafwa menm si W' SANTI ou pa santi, FÈ EKSPERYANS ou pa fè eksperyans pisans Li ak lavi Li k'ap travay nan ou.

Kesyon : Èske w' te eseye mache pa lafwa avan, men ou dekouraje epi w' abandone mach la paske w' pa t' santi oubyen w' pa t' fè eksperyans travay Bondye a nan ou ? Konnyè a w' konnen verite ki di ke w' ka pa santi oubyen ou ka pa fè eksperyans pisans Li ak lavi Li k'ap bouje nan ou menm si travay la ap fèt, èske sa ede w' pi byen konprann mach pa lafwa a ?

Medite : Sou verite ki se, menm si w' pa santi oubyen w' pa fè eksperyans pisans Bondye a, l'ap travay piske w'ap mache pa lafwa.

Angaje Bondye : Mande Bondye pou l' ba ou on revlasyon pi avanse sou verite ki se, ou ka pa santi oubyen w' ka pa fè eksperyans pisans Li ak lavi Li nan ou nan moman kote w' fè on pa nan lafwa. Kòmanse fè kèk pa nan lafwa nan on domèn ou vle chanjman. Menm si ou pa santi chanjman an ap vini, chèche Bondye pou l' konfime l'ap travay nan ou.

Pa KWÈ epi Pa KONNEN verite a se yonn nan rezon prensipal ki fè moun yo abandone mach pa lafwa a.

TWAZYÈM JOU

1. Ou p'ap konnen KIJAN pisans Bondye travay nan ou



« Remèt sò w' bay Letènèl, mete konfyans ou nan li epi l'ap aji. »

An plis, nou pa konnen epi nou p'ap konnen kijan pisans Bondye travay nan nou pou chanje nou. Militè yo gen yon jagon ke m'utilize souvan. Li di konsa : « ou sou on baz bezwen-konnen. » Se menm bagay avèk Bondye. Piske Bondye pa di nou kijan li transfòme nou, nou pa konnen. Sa ka fristre anpil paske nou toujou bezwen konnen kijan tout bagay epi anyen mache. Sepandan pou majorite nan nou Bondye p'ap di kijan li travay. Li sèlman pwomèt ke l'ap travay nan ou si w' mache pa lafwa.

SINATIRÈL vle di tou ke Bondye P'AP di w' ki PWOSEDE Li itilize pou transfòme lavi w'.

Yonn nan pi gwo difikilte ke m' genyen lè m'ap pataje verite sa yo sè ke mwen pa ka dekri pou ou pwosede Bondye itilize nan transfòmasyon lavi w'. Li pa kite nou konnen (Li p'ap kite nou konnen non plis) jan li opere. Li vle sèlman pou w' fè kèk pa nan lafwa nan Li epi pou w' konnen pa lafwa ke l'ap reyalize travay sinatirèl Li nan ou. Se pou sa pa gen fòmil oubyen lis kontwòl nan domèn sa a piske travay Bondye a nan ou taye pou ou sèlman, pa pou pyès lòt moun.

Piske travay Bondye a se on travay SINATIRÈL epi ki taye pou chak moun apa, nou pa ka fè lavi kretyèn tounen on fòmil oubyen on lis kontwòl.

Reflechì sou kesyon sa a : Èske li nòmal pou Bondye pa di nou kijan li opere pou konstui lafwa nou ?

Kesyon : Poukisa dapre ou, nou gen bezwen konnen sa Bondye ap fè nan lavi nou olye nou rete nan pa konnen nou? Kisa kèk nan konsekans negatif yo te ka ye si nou pa t'a negosye bezwen konnen sa a?

Èske w' gen on pi bon konprann de rezon ki fè nou pa ka fabrike fòmil oubyen lis kontwòl pou moun yo swiv pou yo viv lavi kreyen ?

Medite : Sou Sòm 37 : 5 epi mande Bondye voye w' lwen bezwen pou konnen jan l'ap opere nan lavi w'.

Angaje Bondye : Kòm w'ap fè kèk pa nan lafwa nan yon domèn ke w' vle chanje, mande Senyè a pou l' fè w' alèz nan lide ou pa bezwen konnen jan l' opere.

Sa Pa Vle di Ou P'ap Fè Eksperyans Chanjman.

Menm si ou pa ka santi oubyen w' pa ka fè eksperyans pwosede Bondye, ou ka fè eksperyans chanjman yo nan panse w', nan sa w' kwè, nan konpòtman w', epi nan chwa w' fè.



Bondye vle pou ka fè eksperyans chanjman apwopriye yo Li pote nan lavi w', e w'ap fè eksperyans yo. Sepandan, ou ka pa santi oubyen fè eksperyans travay Li nan ou pa rapò a chanjman k'ap fèt yo.

Pa egzanp w'ap kòmanse chèche Bondye pa lafwa pou libere w' anba laperèz echèk. Pandan w'ap mache pa lafwa, pisans Bondye ap travay nan ou pou libere w', men ou ka pa fè eksperyans pwosesis libète a k'ap mache. Sepandan, nan mont kwonomèt san fay Bondye a w'ap dekouvri un jou ke w' pa pè echèk ankò. Kle a sè ke ou dwe mache ase pa lafwa pou w' ka fè eksperyans chanjman w' dezire a.

Pa konsekan, kesyon kle nan mach pa lafwa a se :

Èske w'ap mache ase pa lafwa pou fè eksperyans chanjman yo nan lavi w' ?

Piske nou pa konnen (e Bondye p'ap janm di nou) konbyen tan sa ap pran depi kòmansman mach pa lafwa a pou fè eksperyans chanjman an nan on domèn, nou dwe kontinye mache pa lafwa jiska eksperyans sèten transfòmasyon an nan lavi nou. N'ap pale plis sou sa nou dwe atann nou nan mach pa lafwa a pi devan nan etid sa a. Kisa ki pase lè n'ap fè vrèman eksperyans chanjman sinatirèl ?

Transfòmasyon an pwodui KONFYANS-KRIS La

«**Mwen sèten Bondye** ki te komanse bon travay sa a nan nou li gen pou l' kontinye l' jouk li va fini l' nèt, le jou jèzikri a va rive » Filipyen 1 : 6

Ki sòt de konfyans Pòl ap pale ? Li p'ap pale de on konfyans nan tèt ou. Pòl ap pale pito, de konfyans kris la ke Bondye bay. Poukisa ? Pòl siyen ke li fè eksperyans chanjman sinatirèl Bondye yo tèlman ke konfyans li se pa on konfyans nan tèt li, nan kapasit l'. Pòl ap pale de on konfyans menm jan avèk pa kris la nan kapasite Bondye.

KONFYANS-KRIS la parèt lè w' komanse fè eksperyans chanjman sinatirèl yo nan lavi w'.

M'ap onèt avèk ou ke m' pa wè anpil konfyans nan Bondye kay kretyen yo paske anpil nan yo pa mache ase pa lafwa pou fè eksperyans sinatirèl yo. Pa konsekan, mwen ankouraje w' kontinye mache pa lafwa ase pou w' ka fè eksperyans konfyans nan Kris la epi pou w' ka di on jou avèk Pòl :

« Tout lwanj lan se pou Bondye. Paske, ak pouvwa k'ap travay nan nou an, **li kapab fè pi plis pase tout sa nou ka mande, pi plis pase tout sa nou ka mete nan lide nou.** » Efezyen 3 :20

Sepandan, sonje ke devlope konfyans-Kris la se yon pwosesis. Pòl itilize mo « konvenki » pou revele pwosesis sa a nan 2 Timote 1 :12 :

« E se akòz de sa m'ap soufri anba bagay sa yo ; men sa pa fè m' wont, paske mwen konn nan ki moun mwen kwè, epi mwen **konvenki ke li genyen** pisans pou l' kenbe depo m' nan jiskaske jou a rive. »

Se konsa l'ap ye pou nou k'ap mache pa lafwa epi k'ap fè eksperyans travay transfòmasyon Bondye nan lavi nou.

Pa konsekan, piske nou mache ase pa lafwa pou nou fè eksperyans chanjman an nan lavi nou, KONFYANS nou nan Bondye ap GRANDI.

Kesyon : Si w' te ka fè eksperyans chanjman pisans Bondye pwomèt yo, kisa sa t'ap pote pou konfyans ou nan dezi ak kapasite Bondye pou chanje lavi w' ?

Medite : Sou 2 Timote 1 : 12 epi mande Lespri a pou revele w' pwofondè kwayans ou nan Bondye.

Angaje Bondye : Mande Bondye pou l' kòmanse konvenk ou on fason pi avanse sou dezi li ak kapasite li pou transfòme lavi w'. Mande li pou l' ba ou plis konfyans nan sila a ki reyèl la epi nan sa li pwomèt pou l' fè yo.

Egzanp : « Senyè konfyans mwen nan Bondye pa anpil pase sa. Mwen mande w' pou transfòme lavi m', pou w' konstui konfyans nan kapasite w' pou chanje mwen. »

KATRIYÈM JOU

Viv Nan Kris Kòm LAVI W'

Nou wè verite a ki se pisans Bondye ki libere nan nou lè n'ap mache pa lafwa. An plis, lavi Kris la libere nan nou tou lè nou fè on pa nan lafwa. Pa konsekan, nan seksyon sa a, mwen vle pou nou gade plis an pwofondè sans epi aplikasyon pratik Kris la kòm lavi nou epi kòm libere nan lavi nou.

Sonje 2 vèsè sa yo nan premye leson an ki revele ke Kris se lavi

« ... **Kris** ki **lavi W'** » Kolosyen 3 : 4

« **Mwen se** chemen an, verite a epi **LAVI** a » Jan 14 : 6

Kisa sa vle di Kris se lavi w' ?

Kris kòm lavi w'

Vle di ke ou genyen nan ou tout KARAKTERISTIK SINATIRÈL lavi Kris la ke Kris sèl ka bay.

viiv pou li. Se poutèt sa, se pou nou gen **kè sansib** anpil, pou **n'aji byen** yonn ak lòt, **san lògèy**, avèk anpil **dousè**, anpil **pasyans**.» Kolosyen 3 :12,14_

« Pou fini, **chache fòs** nou nan lavi n'ap mennen ansanm ak Senyè a ak nan gwo pouvwa li. » Efezyen 6 :10

Fri Lespri yo nan Galat 5 :22,23, sa nou dwe kouvri nou avèk yo nan Kolosyen 3 :12-14 (sètadi konpasyon, amabilite, imilite,...), epi se pou n' « Fò » nan Kris menm jan Efezyen 6 : 10 deklare sa, se kèk egzanp nan karakteristik Kris yo.

An nou gade ankò lis kèk nan karakteristik lavi Kris la nou te wè nan premye leson an osijè de kisa sa vle di Kris se lavi w' :

Lanmou san kondisyon	Vikwa	Diyite	Akseptasyon	Lafwa
Libète	Pasyans	Fòs	Lapè	Pisans
Padon	Konprann	Sekirite	brav	Sajès
Disèneman	Adekwasyon	Imilite	Konfyans-Kris	Odas
Dwat	Lanmou pwochen	Repo	Konpasyon	Kouraj
Espwa	Jantiyès	Kontwòl	Fidelite	Lajwa

Panse a sa on moman : Tout bagay sa yo nan lis pi wo a disponib pou ou nan Kris tout tan. Pa konsekan, tounen sou lis la epi pran tan pou reli li.

Nan ki karakteristik ladan yo ou plis vle fè eksperyans ?

Ki Diferans ki genyen ant Karakteristik lavi Kris yo avèk Karakteristik lavi Moun?

Pou pi byen konprann sans karakteristik lavi Kris yo, nou dwe konprann premyèman ke genyen yon sans moun bay karakteristik sa yo epi genyen yon lòt sans espiyèl pou yo. Nou konnen ke nan wayòm imen an nou kapab fè eksperyans santiman lapè, pasyans, sekirite, etc. Pa konsekan, an nou konpare karakteristik imen yo avèk karakteristik Kris yo :

Karakteristik IMEN yo – Kèk eksperyans oubyen kèk santiman lòt kreye e ki ka chanje selon sikonstans yo ak/oubyen relasyon yo.



Par egzanp ann sipoze w'ap pase on bon jounen. Ou santi on lapè, on jwa, epi on sekirite imen. Ou rive lakay ou, ou jwenn yo kase kay ou, kay ou inonde akòz yon tiyo ki kase epi pitit gason 2 zan w' nan fè on kriz kòlè. Sa ki pase touswit avèk santiman lapè, lajwa, ak sekirite imen w' yo ? Y'ale touswit ! Kijan menm sitiyasyon sa a t'ap ye si w' t'ap viv apati karakteristik lavi Kris la ? Avan nou reponn kesyon sa a, an nou defini karakteristik lavi

Kris la.

KARAKTERISTIK LAVI KRIS YO – Karakteristik SINATIRÈL lavi Kris la se Kris ki bay yo e

Pa gen sikonstans oubyen relasyon ki ka chanje yo.

« M'ap rejwi konnyè a nan soufrans mwen yo... » Kolosyen 1 : 24

Nan mach pa lafwa Pòl la, li te rive nan on pwen kote l' t'ap fè eksperyans jwa total la menm nan mitan soufrans. Se pa t' yon jwa imen paske li prèske toutafè enposib pou viv jwa imen an nan soufrans. Pòl t'ap viv on jwa lavi Kris la ke menm soufrans pa ka retire.

Pandan n'ap itilize menm egzanp pi wo a, an nou sipoze ke yo kase kay ou, kay la inonde, avèk timoun k'ap kriye, epi ou kòmanse genyen santiman kòlè, ou santi w' fristye, oubyen w' pa gen pasyans. Nan moman sa a pa lafwa, ou ka atire karakteristik lapè, lajwa epi pasyans nan lavi Kris la. (Sonje, depi w' posede plenitid Kris la, tout karakteristik lavi Kris yo disponib pou ou.) Kijan sa pase nan pratik la ?



« Senyè, m'ap pèdi jwa imen mwen epi m' kòmanse santi kòlè, fristasyon, enpasyans. Mwen mande w', nan pouvwa ou, pou ranplase santiman sa yo pa lapè, lajwa epi pasyans lavi kris la nan moman sa a. »

Nan menm moman an, pisans lespri a domine kolè w' la, fristasyon w' nan ak enpasyans w'a piske Kris ap fè koule lapè Li ak pasyans Li sou ou. Ou ka pa santi l' touswit, men ofiramezi w'ap kontinye w'ap kontinye atire lapè Li ak pasyans Li, santiman kolè ak enpasyans ou yo ap kalme.

Diferans KLE ki genyen ant yon karakteristik IMEN avèk yon karakteristik lavi kris la sèke ni relasyon yo ni sikonstans negatif yo pa ka VÒLÈ eksperyans karakteristik lavi Kris yo.

Kesyon : Si w' te ka viv nan karakteristik lapè, repo, jwa, pasyans, padon Kris la, kijan sa te ka gen enfluyans sou lit ak konfli ki devan w' yo jodi a ?

Medite : sou fason lavi w' t'a diferan si w' t'ap fè eksperyans karakteristik lavi Kris yo ke w' vle viv la.

Angaje Bondye: Kòmanse fè kèk pa nan lafwa epi chèche Bondye pou transfòme w' pou w' ka fè eksperyans lapè, lajwa epi padon Kris la.

Egzanp: « Senyè dezi mwen se mache nan lapè w'. Mwen kwè nan ou pou transfòme lavi m' pou m' ka fè eksperyans lapè w'. »

An nou gade pi lwen kijan sa ye lè w' atire Kris kòm lavi w' nan mitan lit chak jou yo n'ap fè fas avèk yo a.

Atire Kris Kòm Lavi w' Nan Mitan Lit Anndan Tankou Deyò Yo

Avan nou pale de atire Kris kòm lavi w', m' te vle pataje kèk panse kle sou lit n'ap fè fas yo. Men premye a :

Bondye ap ITILIZE sikonstans negatif ou yo oubyen lit difisil ou yo pou fè w' sonje ke w' toujou BEZWEN Kris nan lavi w'.

Chak fwa m'ap fè ansèyman pou yon moun oubyen pou 2 moun k'ap lite ansanm, yo toujou vle konssantre sèlman sou efase lit la oubyen efase doulè lit la koze a. Sepandan, li enpòtan pou w' konnen ke Bondye itilize lit la pou atire yo pou fè yo tounen depann de Li pou yo ka atire Kris kòm lavi yo nan sitiyaasyon sa yo. Si nou pa rekonèt nesesitye pou nou genyen Kris kòm lavi nou nan sitiyaasyon sa yo, n'ap tounen nan kapasite pa nou pou nou eseye rezoud oubyen efase. Souvan, mwen pataje pawòl sa a sou lit nou yo :

Bondye pèmèt ou twouve w' nan yon lit ou pa ka konbat paske l' vle pou vin jwenn ni pou relge règ la ke Limenm SÈL ka regle.

Kesyon: Ki règ w'ap fè fas avè l' jodi a ke w' sanble pa ka regle sou kesyon lit anndan w' yo, relasyon w' yo oubyen sikonstans negatif ou yo ?

SENKYÈM JOU

Atire Kris Tankou « JE SUIS »

Tout lit kreye yon bezwen. Pa egzanp, lit ou yo te ka kreye on bezwen pou lapè, pasyans, sajès...Senyè avèk Pòl nan Filipyen 4 :19 :

« Bondye ki rich anpil **la va ba nou tout sa nou bezwen nan Jezikri.** ».

Pòl vle di ke Jezi se solisyon bezwen nou yo. Jezi satisfè bezwen sa yo avèk lavi Li menm. An plis Jezi di nan Jan 14 : 6

« Mwen se chemen an, verite a, epi lavi a ... »

Lè pou Jezi satisfè bezwen nou yo, li di Li se « JJE SUIS » a pou satisfè tout bezwen nou yo. Pou konprann sa m' vle di a, gade silvoulè nan paj ki rele « JE SUIS » a nan fen leson sa a. Jan w' ka remake l' nan lis la, Kris se « JE SUIIS » a pou kèlkeswa bezwen nou yo. Kite m' ba ou kèk egzanp pratik sou sa epi kijan nou te ka konprann Kris la kòm « JE SUIS » a.

Egzanp # 1 : An n' sipoze se refi w'ap pran nan men madanm ou nan moman an. Bezwen an se akseptasyon ki soti nan Kris la. Jezi di, « MWEN SE akseptasyon w'. » Pa konsekan, on egzanp sou fason pou atire akseptasyon Kris la te ka konsa, « Senyè, mwen santi madanm mwen ap repouse m'. Mwen kwè nan ou kòm akseptasyon m'. »

Egzanp #2 : An n' sipoze travay ou an danje akòz konpresyon y'ap fè nan konpayi a. Ou santi w' sou presyon. Ou bezwen lapè Kris la. Jezi di, « MWEN SE lapè w'. » Pa konsekan, on egzanp sou jan w' atire lapè Kris la te ka konsa, « Senyè, mwen enkyete epi m' sou presyon lè m' panse mwen ka pèdi travay mwen. Mwen kwè ou kòm lapè mwen. »

Medite : Sou verite ki se Kris se « JE SUIS » a.

Egzèsis : Kisa w' bezwen osijè de lit anndan ak lit deyò yo w'ap mennen jodi a ? Ale nan lis « JE SUIS » a pou ka jwenn « JE SUIS » ki koresponn plis a lit w'a.

Angaje Bondye : Chèche Kris. Li se tout sa w' bezwen nan lit w'a. Selon gwosè lit la ou ka toujou bezwen chèche Kris.

On Dènye Panse Sou Kris Kòm Lavi Nou



Mwen tande kèk Kretyen ap di yo mande Bondye pou ba yo de bagay tankou : pasyans, lapè, etc... Se on ti jan tankou mande on famasyen on preskripsyon. Sepandan, piske nou gen tout lapè, tout lajwa ak repo Kris la nan nou, (Kolosyen 2 : 9), alòs èske nou bezwen vre on bagay nou posede déjà ? On lòt jan nou ka di sa, Jezi pa on famasyen divan k'ap ba nou sa nou bezwen. Li pito, « MWEN SE » sa w' bezwen. (Sètadi mwen se lapè w', lajwa w' epi repo w'.) Pa konsekan, jan nou wè sa nan egzanp avan yo, ou pa bezwen mande Kris lapè Li, lajwa Li avèk sajès Li. Ou bezwen kwè senpleman nan li kòm lapèw', lajwa w' epi sajès ou.

Verite a sèke Kris se lavi w'. Li p'ap ba ou on bagay. Li toujou pran plezi l' pito kòm lavi w'.

Kèk Pa nan Lafwa pou atire Kris pou Satisfè Bezwen nou yo nan Sikonstans n'ap Fè Fas yo

An n' gade kèk egzanp sou sa k' rele atire Kris kòm « JE SUIS » nan travay la, nan maryaj la, epi nan sikonstans yo.

Nan travay ou

Egzanp #1 : An n' sipoze ke w' gen on travay ki bay estrès. Ou rive nan travay on jou epi ou dekouvri ke estrès anvayi w' epi li retire lapè w'. On pa nan lafwa pou atire Kris kòm lavi w' ka fèt konsa :

Pa nan lafwa : « Senyè, estrès anvayi m' epi l'ap peze m' akòz travay mwen. Mwen kwè nan ou kòm lapè m' ak repo m' ».

Verite kle : Sa ka pran plizyè pa nan lafwa avan pou rive elimine estrès la tout bon vre epi kòmanse lapè Kris la, men li posib pou fè eksperyans lapè Li a.

Egzanp #2 : Ou sot pèdi travay ou, epi w' kòmanse pè, ou sou presyon oubayen w' sou kolè. Nan moman an ou bezwen kouraj, repo epi konfyans nan Kris.

Pa nan lafwa : « Senyè, mwen sot pèdi travay mwen. Mwen santi m' sou presyon epi m'enkyete. Mwen kwè nan ou kòm lapè mwen nan mitan sitiyasyon sa a. »

Egzèsis : Gade nan paj « JE SUIS » a. Kijan travay w'a kreye on bezwen pou Kris ka « JE SUIS » a k'ap satisfè bezwen sa a ? Kòmanse mande Kris pou l' « JE SUIS » a k'ap satisfè bezwen sa a.

Nan Maryaj ou

Mwen sipoze ke w' vle renmen madanm ou avèk lanmou Kris la. (si non, an nou pale.) Ou konnen ke ni anndan w' ni deyò w' ou pa ka pwodui lanmou san kondisyon Kris la ke madanm ou bezwen an. Pa konsekan, on pa nan lafwa pou atire lanmou Kris la ka fèt konsa :

Pa nan lafwa : « Senyè, mwen pa ka pwodui lanmou san kondisyon an pou madanm mwen. **Mwen mande w'**, pa lafwa pou w' renmen madanm mwen ATRAVÈ mwen avèk lanmou san kondisyon Kris la.

Sonje : Lè w' di priyè sa a, li posib pou pa santi lanmou Kris la k'ap koule nan ou, men konnen pa lafwa li la. Sonje si w' mache pa lafwa Bondye renmen on fason sinatirèl madanm ou atrevè oumenm.

Defi: Fè pa sa a nan lafwa chak fwa lide a monte nan tèt ou nan trant jou ki vini apre yo, epi pran nòt sou chanjman yo nan fason ou wè madanm ou epi fason li (Mesye oubyen Madanm) wè w'. W'ap kòmanse wè on chanjman sinatirèl nan relasyon maryaj ou.

Egzanp #2 : An n' sipoze ke madanm ou fè w' de bgay pou pèdi pasyans ou. Nan moman yo, ou ka atire pasyans Kris la pandan w'ap fè kèk pa nan lafwa.

Pa nan lafwa : « Senyè, madanm mwen ap mete pasyans mwen nan eprè. **Mwen mande w'** pou se pasyans mwen anvè madanm mwen. »

Nòt : Èske w' wè ke m' pa di, « Jezi, ede mwen pou m' vin gen pasyans ? » Jezi pa la pou ede w' gen pasyans. Li se pasyans ou.

Egzèsis : Gade maryaj w'a epi reflechi sou sa w' bezwen nan men Kris la kòm lavi w' nan domèn konfli materyèl yo. Kòmanse fè kèk pa nan lafwa pandan w'ap atire Kris kòm « JE SUIS » a. On lòt fwa ankò ou ka ale nan paj « JE SUIS » a.

Aplikasyon nan sikonstans ou yo: An n' sipoze ou gen difikilte nan finans ou. Ou vin sou presyon epi w' enkyete sou kisa w' pral fè. Olye w' pran posasyon anksyete a avèk enkyetid la, angaje Bondye pa lafwa pou l' jere yo.

Pa nan lafwa : « Senyè, mwen vrèman sou presyon epi mwen enkyete sou sa m' pral fè pou peye bil mwen yo. Mwen kwè nan ou kòm souvren epi m' mande w' pou se lapè m', repo m' ak konfyans mwen e ke w'ap ouvri on chemen pou reyalize yo.

Egzanp #2 : An n' sipoze ou dekouvri kay doktè ke w' fè on maladi grav. Laperèz kòmanse pran plas, men ou deside fè on pa nan lafwa.

Pa nan lafwa : « Seyè, mwen pè pou sa ki ka rive m' nan kondisyon sa a. Mwen kwè nan ou kòm kouraj mwen ak fòs mwen pou retire laperèz sa a nan mwen. »

Egzèsis: Gade nenpòt ki sitiyasyon oubyen sikonstans negatif ou twouve w' yo (Finans, Sante etc...) epi wè ki bezwen sitiyasyon sa yo vin kreye. On fwa ankò, ale nan paj « JE SUIS » epi kòmanse fè kèk pa nan lafwa nan domèn sa yo.

Pwen kle yo pou sonje lè w' ap atire Kris kòm lavi w'.

1. Lè w kwè nan Kris pou l' jwe wòl sa yo nan plas ou, ou resevwa plenitud lavi Kris la (Tout lapè li, Fòs li ak lanmou san kondisyon li, etc.) nan menm moman an.
2. Sonje ke Kris k'ap simaye lavi Li nan ou se yon pwosesis sinatirèl.
3. Piske se sinatirèl ou KA PA santi oubyen fè eksperyans toutswit sa w' kwè Kris ye a (sètadi lapè, plenitud, pasyans).
4. Sepandan sa PA chanje verite a ki SE Kris K'ap simaye tout lapè Li, pasyans Li etc...nan ou nan moman an.
5. KE nou santi KE nou pa santi oubyen KE nou fè eksperyans KE nou pa fè eksperyans lavi Kris la nan moman nou mande l' la, nou konnen pa LAFWA ke Li bay lapè Li, pasyans Li, etc...

Ramase sou leson Twa (3) a

1. On pa nan Lafwa LIBERE pisans Bondye nan nou.
2. Se menm pisans sa a ki te resisite Jezi nan lanmò.
3. Se gras a pisans sa a ki libere nan nou an ke n'ap kòmanse fè eksperyans renouvèlman lespri, vikwa, libète epi transfòmasyon.
4. Pisans Bondye a se on pisans SINATIRÈL nan sanss ke pa gen plas pou eksplikasyon lèzòm sou chanjman k'ap fèt yo.
5. Sinatirèl vle di ke nou P'AP oblije santi oubyen nou P'AP oblije fè eksperyans pisans Bondye nan nou, ni nou p'ap konprann fason Bondye opere.
6. Sepandan, menm si nou pa ka santi travay pisans Bondye, nou KA fè eksperyans transfòmasyon Bondye pwomèt la.
7. Pandan n'ap fè eksperyans chanjman sa yo, Bondye ap pwodui on KONFYANS DIVEN nan nou.
8. Nou ka atire karakteristik MODÈL-KRIS yo nenpòt moman osijè lit ki devan nou yo nan travay la, nan maryaj la, nan fanmi an oubyen nan sikonstans negatif yo.

« MWEN SE LAVI W' »

Kòm pwoblèm yo ap vini nan lavi w', Kris se « JE SUIS » a pou rezoud pwoblèm sa yo. Mete pwoblèm pèsònèl ou yo epi jwenn nan lis la kijan Kris ap rezoud sa.

Pwoblèm ou yo ? _____ Jezi di, « MWEN SE _____ ou. »

MWEN SE lanmou ou - Galat 5 : 22	MWEN SE souverènte w' - 1 Timote 6 : 15
MWEN SE jwa w' - Jan 15 : 11	MWEN SE entimite w' - sòm 139 : 3
MWEN SE plenitid ou - 2 korentyen 3 : 5	MWEN SE amabilite w' - Galates 5 : 22
MWEN SE Sajès ou - 1 korentyen 1 : 30	MWEN SE imilite w' – Matye 11 : 29
MWEN SE Chemen w' - Jan 14 : 6	MWEN SE Akseptasyon w' - Women 15 : 7
MWEN SE verite w' - Jan 14 : 6	MWEN SE Fidelite w' - Galat 5 : 22
MWEN SE repo w' - Matye 11 : 28	MWEN SE Founisè w' - Galat 4 : 19
MWEN SE Lespri w' - 1 Korentyen 2 : 7	MWEN SE Liberatè w' - Sòm 18 : 2
MWEN SE Dezi w' - Sòm 73 : 25	MWEN SE libète w' - Jan 8 : 32
MWEN SE Konpleman w' – Kolosyen 2 : 10	MWEN SE Vickwa w' - 1 Korentyen 15 : 57
MWEN SE sanntifikasyon w' - 1 Korentyen 1 : 30	MWEN SE jantiyès ou - Galat 5 : 23
MWEN SE bi ou - Efezyen 1 : 10	MWEN SE Pasyans ou - Galat 5 : 22
MWEN SE identite w' - 2 Korentyen 5 : 17	MWEN SE kouraj ou – Jan 16 : 33
MWEN SE sekirite w' - Pwovèb 1 : 33	MWEN SE konkeran w' - Women 8 : 37
MWEN SE Bonte w' - Galat 5 : 22	MWEN SE Sentete w' - Kolosyen 3 : 12
MWEN SE Konfyans ou - 2 Korentyen 3 : 4	MWEN SE Kontwòl ou - 2 Timote 1 : 7
MWEN SE Konpasyon w' - Sòm 25 : 6	MWEN SE Sali w' - Sòm 27 : 1

MWEN SE padon w' - Danyèl 9 : 9

MWEN SE Siksè w' - Women 8 : 35

MWEN SE andirans ou - Ebre 10 : 36

MWEN SE Lapè w' – Efezyen 2 : 14

MWEN SE pèseverans ou - Ebre 12 : 2

MWEN SE Kwayans ou - Women 15 : 5

MWEN SE fòs ou - Women 6 : 10

MWEN SE Kwayans ou - Jeremi 17 : 7

MWEN SE Gid ou - Sòm 48 : 14

MWEN SE bèje w' – Sòm 23 : 1

MWEN SE Konfò w' - Jan 14 : 16

MWEN SE Aba w' – Galat 4 : 5-6

MWEN SE espwa w' - Kolosyen 1 : 27

MWEN SE Lavi w' - Jan 14 : 6

Katriyèm Leson

Fè Eksperyans pwomès Viktwa, Libète ak Gerizon Bondye yo

PREMYE JOU

Apèsi sou Katriyèm leson an

- Konprann « epi fè fwa » pou fè eksperyans transfòmasyon an.
- Pwosesis Bondye renouvèlman Lespri nou pou verite Li.
- Fè eksperyans viktwa ak libète sou defèt koz peche yo ak fò yo.
- **Pwosesis Bondye pou geri blesi pase ak prezan nou yo.**

Entwodiksyon

Nan pwèn sa a nan etid la mwen kwè ke w' kòmanse fè kèk pa nan lafwa nan on domèn nan lavi w' kote w' vle fè eksperyans transfòmasyon an. Mwen espere w' fè eksperyans chanjman an nan on nivo nan panse w' yo, santiman w' yo, oubyen chwa w' yo. Nan leson sa a, nou pral wè kijan mach pa lafwa a ap pwodui chanjan yo nan lavi nou.

- Genyen lespri nou renouvle pou nou kwè nan verite Bondye a kont fo kwayans yo. Women 12 : 2
- Fè eksperyans viktwa ak libète sou konpòtman chanèl yo ak defèt koz peche yo. 1 Korentyen 15 : 57
- Fè eksperyans gerizon blesi pase yo. Sòm 147 : 3

Avan m' poze kesyon sa yo, mwen t'a vle pataje avèk ou on verite ki kritik anpil osijè de mach pa lafwa a.

« Fè Fwa » kont Fè eksperyans

Mwen kwè ke se yon nan pati ki pi enpòtan nan tout etid sa a. Pa konsekan, pran tan pou panse epi medite sou sa w' pral li a.

Sonje ke pou majorite nan nou, nou p'ap santi oubyen nou p'ap fè eksperyans lavi ak pisans Bondye a k'ap travay nan nou lè nou kòmanse on mach pa lafwa nan on domèn nan lavi nou ke nou vle chanje. Sepadan, apre on tan nan mach pa lafwa a, w'ap kòmanse fè eksperyans chanjman nan panse w', kwayans ou yo, chwa w' yo epi konpòtman w' yo. Dapre mwen, mach pa lafwa a konplè lè n'ap fè vrèman eksperyans chanjman « fè fwa ». Kisa « FÈ FWA » vle di ?

“FÈ FWA”

Vle di jiskaske w' fè VRÈMAN eksperyans on chanjman, ou KONTINYE kwè ke Bondye ap travay menm si w' pa santi l', menm si w' pa fè eksperyans li k'ap travay nan ou.

Kle mach pa lafwa a se kontinye « FÈ FWA » on bon tan jiskaske w' fè eksperyans chanjman yo nan panse w' yo, nan chwa w' yo, nan kwayans ou yo epi nan konpòtman w' yo. Kite m' bay yon egzanp pou montre sa.

An n' sipoze ke w'ap lite avèk on lanmou pou on moun. Menm jan w' te wè sa nnan dènye lesan an, tout lanmou Kris la disponib pou ou. Pa konsekan, w' ap kòmanse fè kèk pa nan lafwa pandan w'ap resevwa lanmou Kris la.


On pa nan lafwa t'a ka konsa, « Senyè, mwen pa ka renmen moun sa a, m'ap atire lanmou ou pou m' renmen moun sa a. »

Nan kòmansman nan pwosesis sa a, ou p'ap santi oubyen w' p'ap fè eksperyans lanmou kris la. Sepandan si w' mache pa lafwa, kisa nou konnen kòm verite ? Kris mete san rete lanmou li nan ou pou moun sa a. Tandiske nan pwensip sa a ou p'ap fè eksperyans lanmou Kris la, mwen rele sa on lanmou « lafwa ». Sepandan, si w' kontinye « FÈ FWA », w'ap rive nan on pwensip kote w'ap kòmanse fè eksperyans lanmou Kris la pou moun sa a. Sonje ke aji pa lafwa pou fè eksperyans se on travay sinatirèl lespri ki ka pran tan. Men yon desen ki reprezante aji pa « lafwa » pou « fè eksperyans »


Lanmou
Pa « Lafwa »



Lanmou
« Pa Eksperyans »



Lafwa



Istwa pèsonèl

Kite m' pataje avèk ou on istwa pèsonèl sou fason Bondye fè m' soti nan lanmou pa lafwa pou m' antre nan lanmou pa eksperyans. Mwen te gen jisteman on fanmi m' ke m' pa t' ka renmen. Te gen bagay sou moun sa a ki te fè m' gen konpòtman refi sa a chak fwa nou twouve nou menm kote. (Èske w' konnen on moun konsa ?) Apre kèk tan m'ap anseye verite sa yo, Senyè a fè moun sa a monte nan tèt mwen epi li mete panse sa a nan mwen : « E paran sa a ke w' p ka renmen an ? Èske w' vle mete an pratik sa w' anseye lòt moun nan ka moun sa a ? ». Premye reaksyon m' se te, « Mwen pa kapab. » Pwoblèm mwen se te ke mwen pa t' gen volonte pou m' renmen paran sa a. Alòs, Senyè a mete on lòt panse nan tèt mwen. « Mwen konnen w' pa gen volonte pou renmen moun sa a, men èske w' ka kite m' renmen moun sa a atravè oumenm? » Mwen di, « wi, mwen vle pou renmen li atravè mwen. »


Pa konsekan, mwen te kòmanse « FÈ FWA » pandan m'ap fè kèk pa nan lafwa epi pandan mwen kwè nan seyè a pou renmen paran sa a atravè mwen. Pwosesis « FÈ FWA » a te kontinye pandan dizwi (18) mwa. Pandan tout tan sa a mwen pa t' santi okenn lanmou pou moun sa a, men mwen te kontinye renmen pa lafwa. Pati ki enteresan nan istwa sa a sèke pandan tan sa a, mwen remake kèk chanjman nan relasyon moun sa a avèk mwen. Li vin plis koute m' epi li vin pi emab anvè m'. Mwen te etone paske mwen pa t' gen okenn santiman lanmou pou moun sa a.

On jou apre 18 mwa sa yo mwen antre lakay paran sa a. Mwen te kòmanse santi nan mwen lanmou san kondisyon Bondye a pou moun sa a. Mwen p'ap janm bliye jou sa a tout lavi m' paske mwen te fè jisteman eksperyans yonn nan aksyon pi sinatirèl yo ke Bondye janm akonpli nan lavi m'. Mwen te etone pou m' te wè mèvèyè pisans transfòmasyon Bondye a. Èske w' ka imajine sa chanjman sa a fè nan mwen (epi nan li) osijè de konfyans mwen nan Bondye ?

Kesyon : Èske w' gen jisteman on moun nan lavi w' ke w' pa ka renmen ? Èske w' gen volonte pou kite Bondye renmen moun sa a atravè oumenm ? Si wi, kòmanse fè kèk pa nan lafwa, epi si w' « FÈ FWA » pandan on bon tan, oumenm tou w'ap fè (menm jan avè m') eksperyans lanmou Kris la pou moun sa a. Si w' pa gen volonte pou mande Bondye pou l' renmen moun sa a atravè ou, mande li pou l' deplase volonte w' ale nan on zòn kote li ka renmen moun sa a atravè oumenm.

De(2) Rezon ki fé N'ap gwoumen avék « FÈ FWA » Pandan Lontan

1. N'ap viv nan yon kilti gratifikasyon ENSTANTANE



On rezon ki fé n'ap gwoumen avék « FÈ FWA » séke n'ap viv nan on kilti enstantane ki di, « Mwen vle sa », « epi mwen vle li konnyé a ! » Mwen rele sa kilti « mikwo-ond ». Nou trennen menm lide a nan mach pa lafwa nou yo epi nou vle fé ekspéryans chanjman an, epi fé ekspéryans li rapid. Verite a sèke pou pifò nan nou, mach pa lafwa nou an ap yon pakou men li p'ap yon Sprint. Sa ka pran yon ti tan pou fé ekspéryans transfòmasyon an.

Map onèt avék nou. Mwen kwè ke rezon # 1 ki fé anpil kretyen pa janm fé ekspéryans transfòmasyon sinatirel la. Yo tèlman prese pou yo fé ekspéryans yon transfòmasyon rapid ke yo pa fé ase pa nan lafwa pou fé ekspéryans la.

Se sa ki fé kesyon kle osijè mach pa lafwa a se:

“ Èske wap fé fwa ” ase tan pou ekspéryans transfòmasyon an ?

2. Satan ap tante w' pou ABANDONE mach pa Lafwa a

Dezyèm rezon ki fé n'ap lite kont « FÈ FWA » a sèke Satan pa vle pou nou transfòme epi libere. Pa konsekan, piske ou « fé fwa » l'ap tante w' pou w' abandone mach pa lafwa a pandan l'ap mete dekourajman ak dout nan panse w'. Rezon an sèke li pi fasil pou w' abandone lè w' dekouraje oubyen w' doute de Bondye. Nap pale plis sou wòl Satan pou bloke mach pa lafwa nou an nan leson senk la.

On panse final sou sijè a :

Pandan peryòd “ FÈ FWA a”, Sonje w’ dwe atire PASYANS avèk PÈSEVERANS jiskaske w’ fè eksperyans chanjman an.

Mwen konnen nan mach palafwa mwen an mwen t’ap pèdi pasyans, oubyen mwen t’ap abandone lè anyen pa sanble chanje vit. Lè moman sa yo t’a vini (e y’ap vini), mwen t’ap chèche Kris kòm pasyans mwen epi pèseverans mwen. Men yon egzanp nan ka sa a :

Egzanp : « Senyè, map mache pa lafwa depi yon bon tan pou rive jouk konnyè a, men mwen pa fè eksperyans okenn chanjman. Mwen santim pèdi pasyans. Mwen kwè nan ou kòm pasyans mwen epi pèseverans mwen. Deplase volonte mw pou m’’ ka toujou kontinye mache pa lafwa. »

Mwen t’a swete di ou konbyen tan sa pran pou KWÈ avan’w fè eksperyans chanjman yo, men mwen pa kapab. (Si Bondye di’w li fè’m konnen sa.) Yon bagay m’ te aprann sèke Bondye fè lafwa nou grandi nan moman kote nap tann chanjman an. Epi, piske wap kontinye rès leson sa a mete an pratik prensip depasman « FÈ FWA » a pou fè eksperyans travay transfòmasyon Bondye a. Avan nou antre nan pratik verite yo osijè de fo kwayans nou yo, de defèt koz peche nou yo, epi blesi nou yo, an n’ gade yon mo kle sou « LAFWA » ke mw itilize nan mach pèsoneel mwen.

[Tapez une équation ici.](#)

DEZYÈM JOU

ON MO Kle LAFWA Nan Posesis Transfòmasyon an : KONFYE



« Lè yo t'ap joure l', li pa t' reponn. Lè yo t'ap maltrete l', li pa t' mennase pèsonn. Men, li **renmèt** koz li nan men Bondye k'ap jije tout bagay san patipri. » 1 Pye 2 : 23

Si w' se kretyen, ou konnen kèk mo lafwa tankou : kwayans, demand, etc... Sepandan, gen yon lòt mo dapre mwen ki se yonn nan mo ki pi efikas yo, ki disponib pou nou e se mo « **KONFYE** ». Kisa konfyè vle di ?

KONFYE

Remèt Bondye on bagay oubyen on moun ki chè pou ou pou rezon sekirite.

Pwoblèm nan pou anpil kretyen sèke yo bay sa Bondye pa t' janm vle pou yo anpil enpòtans, tankou konfli nan relasyon yo oubyen lit avèk sikonstans yo. Bagay sa pote doulè, soufrans epi chagren. Bondye pa janm vle w' pran lit yo tankou se pa w'. Dezi li se pou konfyè l' chak lit, chak konfli epi chak sitiyasyon negatif. Poukisa ? Se paske se sèl limenm ki ka rezoud pwoblèm ou yo vrèman.

Yon egzanp mwen itilize plizyè fwa pou m' poze pwoblèm sa a sèke mwen gen on restoran meksiken kote mwen renmen ale. Lè yo pote manje a, yo pote tanpon cho a epi yo di m' asyèt la cho wi. Men on jou mwen bliye epi mwen kenbe asyèt la. Touswit mwen santi doulè a. Imajine ke asyèt cho a reprezante konfli anndan ak deyò yo ke w'ap viv yo. Sa k'ap pase si w'

pa lage asyèt la ? w'ap kontinye viv doulè ak mizè sa pote. Sa ki enpòtan sèke ou dwe trete chak lit oubyen chak konfli tankou asyèt cho sa a. Bondye pa vle pou kenbe l'. Li vle pou konfyè

l' yo epi se Limenm ki pou rrezoud yo pou ou.

**Verite a sèke ou pa t' vini pou te pran lit anndan ak deyò sa yo pou ou.
Bondye vle pou w' remèt li chak kesyon sa yo.**

Osijè de rès leson an, Bondye vle pou remèt li fo kwayans ou yo ak koz peche w' yo, epi blesi w' yo, epi se limenm k'ap transfòme yo. Pa konsekan, lè n'ap gade etap nan lafwa yo ak

pwomès transffòmasyon Bondye yo, m'ap itilize mo « konfyè » a pou w' ka mete an pratik pwomès sa yo.

Kijan sa ye lè w' fè yon pa nan Lafwa pou Fè Eksperyans Pwomès Transfòmasyon Bondye Yo ?

Nan fen leson sa a epi nan pwochèn leson an nou pral wè kijan sa ye osijè de mach pa lafwa a pou w' fè eksperyans pisans Bondye a :

- **RENOUVLE** lespri w' pou kwè verite a olye de fo kwayans yo. **Women 12 : 2**
- **Ba ou VIKTWA ak LIBÈTE** sou defèt koz peche w' yo ak konpòtman chanèl yo **1 Korentyen 15 : 57 ; Jan 8 :32**
- **Geri blesi w' yo.** Sòm 147 : 3

Kèk Verite kle pou w' Konprann Mach pa Lafwa a epi Pwomès Bondye yo

Avan w' kòmanse pratike mach pa lafwa a avèk pwomès Bondye yo, li enpòtan pou konprann kèk verite kle sou mach pa lafwa a avèk pwomès yo ke n'ap etidye. M'ap reprann sa plizyè fwa nan rèss Etid la.

1. Li enpòtan pou konprann ke mach pa lafwa a se yon **PWOSESIS**. Se yon pakou, se pa yon « Sprint ».
2. Sa rive ke w' ka bezwen fè kèk pa nan lafwa avan nenpòt chanjman nan fason w' panse, ou Santi, ou Chwazi oubyen ou Konpòte w'.
3. Sonje, ou p'ap oblije **SANTI** oubyen ou p'ap oblije **FÈ EKSPERYANS** pisans Bondye k'ap koule nan ou sito w' kòmanse fè kèk pa nan lafwa.
4. Sa Bondye vle aprann ou lè w' **KONTE** sou li pou reyalize chanjman nan lavi w' se Lafwa.
5. Si w' pa fè kèk pa nan lafwa, konsa, ou p'ap **JANM** fè eksperyans transfòmasyon Bondye yo.

Mach Pa Lafwa a Epi Lespri w' ki RENOUVLE



« Pa fè menm bagay ak sa moun ap fè sou latè. Men, kite Bondye chanje lavi nou nèt lè l'a fin chanje tout lide ki nan tèt nou. Lè sa a n'a ka konprann sa Bondye vle, n'a konnen sa ki byen, sa ki fè l' plezi, sa ki bon nèt ale » **Women 12 :2**

Nan kesyon lavi kretyèn nan, nou tout ap gwoumen avèk fo kwayans yo. Nou tout genyen fo kwayans osijè de Bondye, de lòt moun, de maryaj, de viv lavi kretyèn, pou m' site sa yo sèlman. (Gade kèk nan fo kwayans sa yo nan fen leson sa a.) Fo kwayans sa yo ka soti nan on konpòtman koupab, dout, mefians epi yo ka menm koz nou abandone mach pa lafwa a. an nou defini on fo kwayans :

ON FO KWAYANS

Se on kwayans ki di lekonntrè oubyen ki pa sou menm liy avèk verite Bondye a.

Sonje sa m' te di nan kòmansman, « ou p'ap ka viv deyò sa w' kwè. Si w' kwè nan manti se konsa lavi w' ap ye. » Si nou pa pèmèt Bondye renouvle Lespri nou nan verite a, konsa n'ap rete nan chèn fo kwayans nou yo. Chèn sa yo ap kenbe nou prizonye nan vye panse, vye chwa, epi konpòtman chanèl yo. Pa konsekan, objektif Bondye lè l' renouvle lespri w' se pou l' libere w' pandan l'ap mete verite li nan plas fo kwayans yo. Travay li fè a ap chanje panse w', chwa w' ak konpòtman chanèl ou yo.

Se pou sa pwomès renouvle lespri nou an selon Women 12 : 2 enpòtan anpil pou mach pa Lafwa nou an avèk transfòmasyon an. Gen yon verite kle pou w' konprann avan nou kontinye.

VERITE-KLE

**OU pa ka RENOUVLE Lespri pwòp tèt ou nan verite Bondye a.
SÈL Bondye ki ka renouvle epi transfòme.**

Sa a enpòtan anpil paske anpil kretyen kwè yo ka renouvle lespri pwòp tèt yo. Verite a sèke se Bondye sèl ki ka fè sa. Se yonn nan bagay Jezi te vle di lèl te di nan Jan 15 : 5, « San Mwen ou pa ka fè anyen. » Donk, an nou wè kèk egzanp fo kwayans epi kèk pa nan lafwa ke nou ka antreprann pou nou angaje pisans Bondye a pou renouvle Lespri nou.

Egzanp #1 : An n' sipoze ke jiska prezan ou kwè se oumenm ki pou viv iavi kretyèn nan, gras avèk èd Bondye. Konnyè a ou konn verite a ke Kris sèl ki nan ou ka viv lavi kretyèn. Selon Galate 2 : 20, ou kapab angaje Bondye pa lafwa pou renouvle Lespri w' nan verite a.

Pa nan Lafwa : « Senyè, mwen te toujou kwè nan manti ke m' ka viv lavi kretyèn nan pa gras ou. Verite a sèke mwen pa kapab. Pa konsekan mwen konfye w' fo kwayans mwen an epi m' mande w' pou renouvle Lespri m' nan verite a ki se oumenm sèlman ki ka viv lavi kretyèn nan nan mwen epi atravè mwen. »

Exemple#2 : An nou sipoze ke w' gen on fo kwayans ki se Bondye jije w' oubyen kondane w' lè w' peche oubyen lè w' echwe. Verite nou jwenn nan women 8 : 1 sèke pa gen

kondanasyon pou peche w' yo ankò paske tout ansyen peche w' yo, peche prezan yo ak peche demen yo, padone. Lanmò Kris la sou lakwa te peye yo, padone yo epi bliye yo.

Pa nan Lafwa : « Senyè, mwen toujou kwè nan manti ke ou kondane m' lè m' peche oubyen lè m' echwe. Mwen konfese ke m' repanti de peche sa a, e mwen konfye w' fo kwayans sa a. Mwen kwè nan ou pou renouvle Lespri m' nan verite ke ou pa kondane m' oubyen ou pa jije m' lè m' peche. »

❖ **Nòt enpòtan :** Lè w' peche, li nesesè pou w' konfese oubyen pou w' repanti de peche sa a. Konfese se sèlman dakò avèk Bondye ke w' peche e ke w' repanti pandan w' ap temwanyen ke w' dezole pou sa w' fè a epi w' chanje direksyon on fwa w' tounen nan Bondye.

Egzanp #3 : Ou kwè nan manti ki di ke se devwa madanm ou pou l' aksepte w' san kondisyon. Nou pa ka fè sa anndan nou ni deyò nou paske nou gen tandans pou nou aksepte yonn lòt sèlman si kèk kondisyon ranpli. Verite a sèke akseptasyon san kondisyon an ka soti sèlman bò kote Kris.

Pa nan Lafwa : « Senyè mwen kwè nan manti ki di se devwa madanm mwen pou aksepte m' san kondisyon. Mwen konfye w' manti sa a epi mwen mande w' pou renouvle Lespri m' nan verite ki se sèl ou menm ki ka satisfè bezwen akseptasyon san kondisyon an. »

Egzèsis : Gade lis ki rele « Fo kwayans » la nan fen leson sa a. Chwazi kèk nan fo kwayans sa yo kote w' vle renouvle Lespri w' oubyen mande Bondye pou l' revele w' on fo kwayans espesyal li vle libere w' anba l'. Alòs, kòmanse fè kèk pa nan Lafwa pou l' ka renouvle Lespri w'. Ou ka sèvi avèk egzanp sa :

Egzanp : « Senyè, mwen kwè nan manti ki di..... . Mwen konfye w' manti a epi mwen mande w' pou w' renouvle Lespri m' epi ranplase manti a pa verite a. »

Pandan ke w' ap chèche Bondye pou renouvle Lespri w' nan verite a, mande li pou l' revele w' chanjman li opere nan panse w' yo, nan kwayans ou yo epi nan chwa w' yo.

VERITE-KLE : Sou Mach Pa Lafwa ak Renouvle Lespri w'

1. Sonje ke renouvle Lespri w' la se yon PWOSIS. Sa p'ap rive on nwit.
2. Kèk nan fo kwayans ou yo pi FÒ pase lòt paske w' pase anpil tan ap kwè ladan yo.
3. Mach pa lafwa a ka pran tan avan w' fè eksperyans on chanjman nan panse w' ak nan konpòtman w'.

4. Ou ka pa pran konsyans de kèk nan fo kwayans ou yo. Konsa, mande Bondye pou l'revele w' yo.
5. Chèche Bondye pou l' ka revele w' on panse, on chwa oubyen on konpòtman ki chanje pandan w'ap chèche l' pou renouvle lafwa w' la. (sa enpòtan paske chanjman yo ka anba anba)

TWAZYÈM JOU

Mach Pa Lafwa Pou Fè Eksperyans VIKTWA Epi LIBÈTE Anba Fò w' yo ak Konpòtman Chanèl ou yo.

« Paske tout sa ki soti nan Bondye triyonfe sou mond la ; e viktwa ki triyonfe sou mond la, se lafwa nou » rce que tout ce qui est né de Dieu triomphe du monde ; et la **victoire** qui triomphe du monde, c'est **notre Foi** » 1 jeans 5 : 4



Nou tout gen koz ki fè nou peche ak konpòtman chanèl, nou vle viktwa oubyen libète sou yo. Sepandan, tandans la se jwenn viktwa a oubyen libète a atravè pwòp kapasite nou. Li pa enteresan pou jan pa t'a di nan vèsè anlè a ke se te pwòp fòs nou, pwòp kapasite nou ak volonte nou ki pwodui viktwa a. Viktwa a soti nan lafwa. Kris se viktwa nou ak libète nou, epi pandan nou kwè L' pa lafwa, Li pwodui viktwa sou koz ki fè nou peche yo ak sou konpòtman chanèl yo. Avan nou gade pwosesis viktwa ak libète Bondye a, mwen t'a vle gade sans mo sa yo :lachè, konpòtman chanèl, api fò.

Kisa Lachè Vle Di?

Pòl defini lachè tèt li konsa nan Women 7 : 14

«Nou konnen lalwa li menm, se yon bagay ki soti nan Lespri Bondye. Men, mwen menm, mwen **se yon kò ki tou fèb, peche fin anpare m'**, li fè m' tounen esklav li. » Women7 :14

«Sa se bagay mwen konnen : nanpwen anyen ki bon nan mwen, **nan tout kò mwen**. Mwen di sa, paske menm lè mwen vle fè sa ki byen, mwen pa santi m' kapab fè li. » Women 7 :18

Kijan nou defini lachè ?

Sans mo « lachè genyen nan Bib la se DEZI lòm pou l' viv LIMENM kòm Sous la, nan ENDEPANDANS de Bondye oubyen SAN Bondye.

Avan nou te sove, nou te aprann ke nou pa t' gen chwa, nou te depann de nou sèlman (de lachè nou) kòm sous pou rezoud pwoblèm nou yo, jere lavi a epi devni yon siksè. N'ap viv lavi avèk pwòp resous pa nou tèlke edikasyon, KE, Pèsonalite, aparans yo, talan yo, konpetans yo, kapasite yo, disiplin pa nou, epi pwòp fòs nou) **san** Bondye kòm sous nou. Konsa dezi nou pou nou sous la vini pi fò.

Lè nou sove, Bondye te gen 2 objektif nan sali a. Premyèman li te vle sove nou anba peche nou yo. Dezyèmman li mete pisans li ak lavi li nan nou pou sove nou anba « lavi-ego » nou an, se sa bib la rele « lachè ». Mwen defni « lavi-ego » tou senpleman tankou atitud sa a nan nou ki di « tout bagay soti nan mwen ! »

(Nòt : Li nesèsè pou nou note ke Bondye ba nou chak : KE, talan, konpetans, etc... sepandan, Bondye pa t' janm vle pou nou viv sou talan sa yo, sou konpetans sa yo **nan endepandans** de Li .)

Viv nan lachè ap TOUJOU kreye dezi pou nou viv nan endepandans de Bondye. Piske nou te FÈT pou viv nan depandans avèk Bondye, nou p'ap janm pwodui lavi ke Bondye pwomèt la si nou chwazi viv nan lachè.

Kite m' poze w' de (2) kesyon, « Èske l' posib pou itilize don Bondye yo (Talan, Konpetans Fòs, Volonte) san Bondye pou rezoud pwoblèm deyò yo, batay anndan yo ak lòt pwoblèm nan lavi w' ? » Èske w' eseye viv lavi kretyèn nan avèk pwòp fòs ou ? » Si se wi, mwen gen on lòt kesyon :

Kijan Sa Mache ?

Pou kèk nan nou sa ka sanble mache. Men, verite a sèke:

Bondye PLANIFYE l' konsa, lavi sa a p'ap JANM mache sof si nou viv nan DEPANN de Li.

Karakteristik Lachè

Pou nou ba w' on pi bon konprann sou lachè nou, an nou fouye kèk nan karakteristik lachè yo.



« Lachè » se yon atitud endepandan ki di:

- Mwen ka gen kontwòl la.
- Mwen ka satisfè bezwen mwen yo.
- Mwen ka jere epi simonte tout pwoblèm yo.
- Mwen ka trete tout sikonstans negatif nan maryaj, nan fanmi, nan travay, etc...
- Mwen kapab yon siksè.
- Mwen ka bondye tèt mwen.

**DEZI pou viv nan lachè tèlman fò ke li toujou kondui nou nan pw
KA » viv endepandan de Bondye.**

Viv Nan Lachè Pwodui on konpòtman chanèl.

Piske w'ap viv nan lachè, KONPÒTMAN CHANÈL yo se konsekans la.

«Men, zèv lachè yo parèt klè, se **enpdisite, enpite, disolisyon, idolatri, maji, inimitye, kerèl, jalouzi, animozite, dispit, divizyon, sèkt (sectes), anvi, ivòyri, eksè nan manje, epi bagay ki parèy yo...**» Galat 5 : 19-21a

Gen on lòt move kote lè w' viv nan lachè. L'ap pwodui sèlman « zèv lachè » ki se atitud chanèl oubyen konpòtman chanèl tankou sa yo ki nan lis sa a :

Nan Galat 5: 19-21, mwen defini on konpòtman chanèl konsa:

Konpòtman Chanèl :

Tout konpòtman afiche, ki soti nan viv ENDEPANDAN de Bondye.



Atitid yo ak konpòtman chanèl yo se konsekans fo kwayans nou yo. Yo prezante 2 fason:

Lachè **positif** ak lachè **negatif**. Men kèk egzanp Lachè positif ak lachè negatif.

Egzanp de lachè negatif : Kolè, refize padone, anvi, kontwòl, perèz, enkyetid.

Egzanp de lachè pozitiv : Konfyans nan tèt ou, depann de tèt ou, sifi pou tèt ou, siksè, pwòp fòs ou.

Nòt : Lachè pozitiv pi difisil pou rekonèt paske li ka atire w' anpil, men se toujou lachè. Mo kle pou defini lachè pozitiv se « ego. »

Egzèsis: Ale nan lis konpòtman chanèl yo nan fen leson sa a epi ekri senk konpòtman chanèl ki plis ale avè w'.

JOUR QUATRE

Ki Rezilta Viv nan Konpòtman Chanèl Bay ?

Si nou chwazi viv nan konpòtman chanèl, Labib di nou nan Women 8 : 6 ke rezilta a se « **lamò.** »

«... Lè ou kite **egzijans kò a** pran tèt ou, se mouri w' ap mouri. Men lè ou kite **egzijans Lespri** a pran tèt ou, se viv w'ap viv ak kè poze. »

Lamò sa a defini nan on lekssik ki fò tankou « **mizè nanm nou kòm fri peche.** » Si w' kontinye ap viv nan kapasite ak konpòtman chanèl ou yo, ou p'ap ka evite rezilta a ki se « mizè » nanm ou.

Ki egzanp mizè nanm ?

kondanasyon	Estrès	Anksyete	Wont	Refize padone
Malè	Kolè	Koupab	Awogans	Amètim
Pitye	Mank	Perèz	Enkyetid	Fristasyon
Endiyite	Blam	Refi	Ensekirite	Ensatisfaksyon

Kesyon : Nan moman w'ap gade lis la, èske w'ap viv kèk nan karakteristik mizè nanm yo ?

Lè m' kite ale konpòtman chanèl mwen epi mwen viv ladann pandan on tan, mwen rele sa : ale nan « pak kochon pwodig la » . Sonje anfan pwodig la ki te deside viv nan endepandans e ki te fini nan on pak kochon ? Se sa ki rive nou lè n'al nan lachè. Nou fini menm jan ak anfan pwodig la pandan n'ap benyen nan labou ak pousyè lachè nou. Pyè pale de verite sa a nan 2 Pyè 2 : 22 :



« Sa ki rive yo a montre sa pwovèb la di a se vre : **Chen an tounen vin manje sa li te vomi an**. Lave manman kochon, l'al **woule nan labou ankò**. »

Chyen ki retounen nan vomisman li oubyen on kochon ki retounen ap benyen nan labou se 2 gwo imaj ki reprezante viv nan konpòtman chanèl. Si se konsa, poukisa nou kontinye ap retounen nan lachè ? Men la ankò, se a sa nou abitye. Menm si sa parèt grav, nou aprann pou nou lakay epi pou nou konfòtab nan mizè lachè nou. Èske sa parèt on ti jan twoublan pou ou ? Mwen espere se wi.

Bondye vle libere w' anba konpòtman chanèl ou yo. Mache pa lafwa nan pisans li se sèl pòt ou pou soti nan pak kochon pwodig !

An nou gade konnyè a sans mo « Fò » yo.

FÒ – Se Yon Modèl Panse Chanèl, Kwayans Chanèl oubyen Konpòtman Chanèl ki Ranfòse epi ki Repete

Nou tout genyen konpòtman chanèl e chak nan konpòtman chanèl sa yo genyen degre enfliyans diferan sou lavi nou. Konpòtman chanèl sa yo genyen on gwo pouvwa sou nou ke mwen rele « Fò ». Mwen defini on fò, senpleman konsa :

FÒ:

Kompòtman chanèl yo ki tèlman gen pouvwa sou ou ke w' pa kwè w' ka soti anba yo yon jou.

Men kèk egzanp klè de fò : pònografi, eksè nan manje, epi dwòg yo. Sepandan, perèz kronik, anksyete, ògèy, konfyans nan tèt ou, epi kolè se egzanp de fò tou. Pa konsekan, an nou gade verite Bondye a osijè de liberasyon nou anba fò sa yo.

Pwomès libète Bondye a

Nou jwenn pwomès Bondye osijè de konpòtman chanèl yo ak fò yo nan Jan 8 :32



« **W’ap konn verite a, epi verite a ap rann ou lib. »**

« Konnen » nan vèsè sa a se pa sèlman on konesans entèlektyèl.

« Konnen » vle di ke Sentepri a ba nou on revelasyon pèsònèl verite bib la. Reflechi sou sa. Jezi di nan Jan14 : 6, « Mwen se verite a. » Pa konsékan, kòm Sentepri a ba nou revelasyon pawòl li, epi n’ap pwogrese nan lafwa, Kris kòm verite nou ap libere nou.

Piske n’ap pwogrese nan lafwa pandan n’ap ATIRE LIBÈTE Kris la ak PISANS Bondye pou libere nou, li POSIB pou n’ fè eksperyans nou vle a.

Bòn nouvèl la sèke pa gen fò ki pi gwo pase pisans Bondye pou libere w’. Mwen ka temwanyen sou sa paske Bondye libere m’ anba fò pònografi yo, perèz kwonik , anksyete, epi kritike ak jije tout tan. L’ap fè menm bagay pou ou. An nou gade kèk egzanp sou pa nan lafwa pou fè liberasyon anba konpòtman chanèl ak fò yo.

Kèk pa nan Lafwa osijè liberasyon anba konpòtman chanèl ak fò yo.

Egzanp #1 : An nou sipoze ke w’ gen on konpòtman chanèl ki se kolè, pwomès Bondye se pou libere w’ anba kolè w’ la. Pa konsekan, kisa on pa nan lafwa t’a ye pou rale pisans Bondye sou ou pou libere w’ ?

Pa nan lafwa: « Senyè, m’ap lite avèk kolè. Mwen remèt ou konpòtman chanèl kolè sa a, e mwen kwè nan ou pou libere m’ anba l’. Deplase volonte m’ nan kolè a. »

Pwen-Kle : Degre ak pwofondè kolè w’ la ap detèmine (pou pi plis) konbyen tan sa ap pran pou w’ libere anba l’

An nou gade egzanp on fò epi kijan mach pa lafwa a ye pou liberasyon an.

Egzanp #2 : An nou sipoze ke w’ gen on fò pònografi. Kisa mach pa lafwa a ka ye pou w’ libere anba lit sa a ?

Pa pa lafwa : « Senyè, mwen pa kapab libere tèt mwen anba fò pònografi sa a, mwen mande w' nan pouvwa w' pou kòmanse libere m'. »

Nòt : An nou sipoze ke w' fè kèk pa nan lafwa, men ou pa fè eksperyans okenn degre okenn degre libète. (Sonje ke pisans Bondye toujou ap travay atravè lafwa nou menm si nou pa ka fè eksperyans pisans li tout tan.) On mach pa lafwa kapab konsa :

Pa nan lafwa : « Senyè, mwen fè kèk pa nan lafwa epi mwen pa libere anba lit kont pònografi. Mwen kwè nan ou kòm fòs mwen ak pèsèverans mwen pou m' ka kontinye mache nan lafwa. »

On lòt pa nan lafwa, nan pwosesis sa a, ka konsa :

Pa nan lafwa : « Senyè, konvenk mwen ke w'ap travay pou libere m' anba pònografi menm si m' pa ka santi pisans ou k'ap travay. »

Piske ou kontinye ap mache pa lafwa, ou kòmanse pa ale nan pònografi. Sepandan, ou ka sikonbe epi retounen. Nan moman sa yo, sonje ke nan anpil nan lit nou yo n'ap viv kèk viktwa epi kèk echèk apre. Pa bat kò w' lè w' echwe. Echèk la nan jwèt la. N'ap pale de sa nan pwochen lesan an. Lè w' konnen siksè epi w' echwe apre, fè on lòt pa nan lafwa ki ka konsa :

Pa nan lafwa: « Senyè, mèsè paske w' kòmanse libere m'. Sepandan, mwen echwe epi mwen retounen nan pònografi. Mwen konfye w' sa epi mwen repanti. Kontinye fè m' sonje ke mach pou libète a se on pakou k'ap pran tan avan liberasyon total la. »

Verite kle osijè mach pa lafwa ak fè eksperyans libète Kris la

GWOSÈ konsekanse koz peche nou yo oubyen konpòtman chanèl nou yo ap detèmine, nan yon sans, konbyen tan sa ap pran pou w' santi oubyen fè eksperyans tout libète yo.

1. W'ap dekouvri plizyè fwa ke w' pèdi batay la devan koz peche w' yo oubyen konpòtman chanèl yo pandan w'ap mache pa lafwa. Se nòmal paske ou PA KA espere on libète enstantane. Nan moman sa yo, depi w' peche, REPANTI de peche a epi kontinye mache pa lafwa.
2. Verite a sèke w'ap echwe plizyè fwa nan mach pou fè eksperyans libète a. Sepandan, pandan ke w'ap kontinye mache pa lafwa w'ap fè eksperyans libète Kris la oframezi.
3. Fè VIGILANS epi mande Bondye pou revele w' kijan l'ap travay nan moman an pou libere w'.

Yon istwa pèsònèl sou liberasyon m' anba anksyete mwen an

Akoz anksyete kwonik la te maltrete m' pandan 40 an, sa te pran anpil pa nan lafwa pou m' te kòmanse fè eksperyans libète a. Mwen te ale lwen konsekanse verite Bondye a, ki se lapè mwen pou kwayans mwen grandi. Answit anksyete m' nan te kòmanse disparèt. Plizyè fwa nan pwosesis la mwen te santi bagay yo depase m'. Nan moman sa yo, mwen konfese epi mwen repanti de anksyete m' epi m' te kontinye fè pa nan lafwa.

Piske Bondy te kontinye ap konvenk mwen sou kesyon lapè mwen, eke li gen tout kontwòl la, mwen pa kwè ke m' dwe viv nan anksyete kwonik ankò. Sa pa vle di ke m' pa santi anksyete nan kèk lòt sitiyasyon. Sa vle di m' p'ap viv ankò nan eta oubyen atitid kwonik anksyete sa a. Se te yon pakou, men libète sa a m'ap viv la a merite mach pa lafwa mwen te fè yo.

Egzèsis : Ekri pou pi piti twa konpòtman chanèl epi kèk fò ranfòse ou vle libere tèt ou anba yo.

Angaje Bondye : Kòmanse fè pa nan lafwa epi mande Bondye pou l' libere w'. Mande Li pou l' sèvi fòs ou, pasyans ou ak pèsèverans nan moman sa yo kote w' vle abandone oubyen kote w' pa kwè ke Bondye ap travay pou ou. Mande li pou l' fè w' pran konsyans de chanjman anba anba yo ki ka rive nan pwosesis liberasyon an.

Mach Pa Lafwa a pou Fè Eksperyans Gerizon Blesi yo

« Li geri kè brize yo epi li panse blese yo.



« Se mwen menm k'ap ba nou remèd, k'ap geri tout maleng nou yo. Se Senyè a menm ki di sa. » Jeremi 30 :17

Anpil kretyen ap souffri jodi a, nan yon sans, anba blesi lavi yo. Blesi yo ka vini sou plizyè fòm :

- **Abi** – ki parèt sou fòm fizik, emosyon, sèks oubyen pawòl.
- **Twomatis** - Divòs, lamò, oubyen abandon.
- **Aksidan** – bay pwoblèm sante pi devan oubyen pwoblèm mouvman w' vle.

Kle pou konprann blesi a sèke pwoblèm nan se pa evènman an oubyen evènman yo ki lakoz blesi a, men pito, fo kwayans ki soti nan evènman ki blese moun yo.

Kite m' ba ou yon egzanp. Mwen t'ap travay avèk on dam ke papa l' te konn abize li nan zafè sèks. Li panse li te sal, initil akòz bagay sa a. Li te rankontre epi marye avèk on kretyen. Li te di mari a se te on mari ki soti nan Bondye ki te trete l' trèbyen. Sepandan, akòz de fo kwayans li yo, santiman salte ak endiyite, li pa t' ka viv okenn degre entimite nan zafè sèks. Sa fè maryaj la te echwe paske li pa t' janm geri anba fo kwayans ke vyòl la te lakoz.

Bondye pwomèt pou l' geri blesi w' yo pandan l'ap renouvle LESPRI w' nan verite a epi pandan l'ap libere w' anba fo kwayans ke blesi yo koze.

Konsa, an nou gade pwosesis gerizon an. Sonje, se pa evènman ki blese moun nan ki pwoblèm nan. Se fo kwayans yo ki soti nan evènman yo ki blese a.

SENKYÈM JOU

Pa nan lafwa osijè de gerizon blesi w' yo

Egzanp #1 : An nou sipoze manman w' oubyen papa w' te konn blese w' lè w' te piti epi sa te fè w' kwè ke w' se yon rejè oubyen yo pa aksepte w'. Men kèk pa nan lafwa ke w' ka fè pou atire pisans Bondye pou geri w'.

Pa nan lafwa : « Senyè, yo te konn di m' vye mo ki blese m' anpil. Sa fè ke mwen kwè yo pa aksepte m', ke yo rejte m'. Mwen konfye w' blesi m' nan epi mwen mande w' pa lafwa pou renouvle lespri mwen nan verite ki se, ou aksepte m' san kondisyon e mwen pa dwe kwè ke yo pa aksepte m' ankò. »

Egzanp # 2 : Se kapab on madanm abizan ki te blese w' epi sa te mennen divòs...

Pa nan lafwa : « Senyè, mwne santi m' endiy apre maryaj mwen epi divòs mwen. Mwen kwè nan ou kòm gerizon mwen epi pou konvenk mwen ke m' ka jwenn diyite m' sèlman nan ou. »

Sonje : Si blesi w' la dire plizyè ane, l'ap pran tan pou w' santi ak fè eksperyans gerizon Bondye a. Si jodi a ou nan on sitiyasyon k'ap kreye blesi, ou kapab mete plis entansyon pou fè kèk pa nan lafwa pandan w'ap mande Bondye pou l' sèvi w' pwoteksyon ak fòs nan sitiyasyon an.

Angaje Bondye: Èske w' pa fè okenn eksperyans blesi lontan ? Si wi, kòmanse fè kèk pa nan lafwa pou Bondye ka renouvle Lespri w' nan verite osijè de fo kwayans ki mache ak blesi w' la.

Nòt enpòtan : Ou ka pa konnen fo kwayans yo ki mache ak blesi w' la, men Bondye konnen yo. Pa konsekan, chèche li sèlman pou l' renouvle Lespri w' ak liberasyon w'.

Blesi ak Refize Padone

Blesi epi refize padone mache ansanm lè yon moun blese w'. Akòz fondè blesi a, ou ka pa ka padone moun nan pou sa l' fè a. Sepandan, se yon mansonj paske tout padon kris la disponib pou ou pou w' padone moun ki blese w' la. Labib di nou fòk nou padone, men volonte w' ap fè rezistans pou padone moun sa a. Mwen konn sa akòz mwen pa t' dispoze padone papa m' pandan 48 tan. Sepandan, Bondye montre m' yon fason sinatirèl kapasite l' genyen pou l' deplase m' nan zòn refize padone a epi mete m' nan zòn padon an. Kite m' pataje avèk ou jan Bondye te geri m'.

Egzanp Refize Padone Papa m'.

Akoz fondè blesi ki soti nan atak pawòl, atak fizik, atak emosyon papa m' yo, mwen te an kolè, mwen te amè, epi mwen pa t' pare pou padone l'. Senyè a te konnen natirèlman ke mwen pa t' pare pou m' padone. Sepadan, li pale avè m' nan yon refleksyon epi li di m', «Mwne konnen ke w' pa pare pou padone papa w'. Èske w' ka pèmèt mwen padone papa w' atravè oumenm ? » Nan nivo sa a, mwen te pare pou m' pèmèt li padone papa m' atravè m'. Men kèk egzanp pa nan lafwa ke m' te fè :

Pa nan lafwa : « Senyè, mwen pa ka padone papa m' ki te abize m' epi blese m'. Mwen mande w' pou SE padon mwen e pou fè sa atravè mwen. Mwen kwè nan ou pou w' deplase m' nan pa pare a pou w' mete m' nan pare pou padone. »

Pandan on peryòd 18 mwa ap chèche Bondye pa lafwa avèk tout entansyon pou l' padone papa m' atravè mwen. Bondye te kòmanse chanje atitid mwen. Espirityèlman Li te transfòme volonte m' tèlman ke nan fen 18 mwa a, Bondye mande m' si m' te vle padone papa m'. Mwen te di « wi ». Kòm mwen te toujou vle padone papa m' (sa pa rive on fwa sèlman), Bondye retire kolè a avèk gou amè a epi Li ranplase yo pa lanmou Li. Non sèlman mwen te padone papa m', men mwen renmen l' konnyè a gras a Sentespri a ki chanje kè m'. Se yonn nan travay pi sinatirèl ke Bondye reyalize nan lavi m' paske mwen pa t'ap janm panse ke li te posib pou m' padone papa m' pou sa l' fè m'. L'ap fè menm bagay la pou ou san l' pa konsidere fondè blesi w' genyen oubyen fondè blesi w'ap viv.

VERITE KLE:

Bondye ap deplase w' nan zòn pa pare pou padone a pou l' mete w' nan zòn vle padone a.

Nòt : Men on bagay pou w' kenbe sou padon. Ni Bondye ni mwen se pa pretèks nou pran osijè de atak papa m' yo. Se te bagay reyèl e ki blese anpil. Sepandan Bondye di l'ap mete tout bagay ansanm pou debon nan Women 8 : 28. Sa ki soti nan Bondye a sèke li chanje volonte m' pandan li deplase m' ale nan yon zòn padon. Toujou genyen kèk konsekans blesi a, men an majorite, Bondye libere m' anba fo kwayans yo ki mache avèk sa.

Angaje Bondye: Panse a yon moun, dapre oumenm, ou pa ka padone. Èske w' vle kwè nan Bondye pou padone moun sa a atravè oumenm ? Answit, kòmanse fè kèk pa nan lafwa ki sanble ak pa m' yo epi mande Bondye pou l' padone moun sa a atravè w'. Kòmanse konfyè Bondye volonte w' tou pou w' ka pare pou padone.

PANSE FINAL

Refize Padone KOUPE Kouran lavi Kris la nan ou.

Verite Kle Sou Mach Pa Lafwa a Epi Gerizon Blesi yo

1. Se pa evènman ki blese yo ki reprezante kesyon prensipal nan blesi a. Se fo kwayans ki soti nan evènman sa yo.
2. Pa gen gerizon rapid pou blese ki la lontan yo. Sa ap pran tan pou blesi w' ka genyen depi plizyè ane.
3. Fòk ou atire Kris kòm pèseverans ou ak pasyans ou pandan pwosesis gerizon an.
4. Bondye ka pran tan pou l' deplase w' soti nan pa pare ale nan pare pou w' padone, espesyalman si w' te viv lontan nan refize padone a.
5. Sepandan, piske Bondye renouvle Lespri w', w'ap kòmanse fè eksperyans gerizon Li a.

Depi kòmansman Mach Pa Lafwa pa w' la Ou Dwe fikse ENTANSYON W'.

Piske w' kòmanse mach pa lafwa a, fò w' fikse ENTANSYON w' pandan w'ap fè kèk pa nan lafwa.

Gade nan Matye 7 : 8 pou fè entèkansyon sa a :

« Moun ki **chèche jwenn...** »

Tan vèb « Chèche » a vle di ke aksyon an se yon aksyon tout enstan. Lòt bagay, sa Jezi vle di nan vèsè sa a sèke rechèch w'a dwe fèt san rete epi avèk entansyon. Depi kòmansman mach pa lafwa mwen an mwen te fè pa yo avèk entansyon.

Kite m' ba ou on egzanp pèsònèl pou montre w'. Lè m' aprann pou premyè fwa, verite sa yo m'ap pataje avèk ou jodi a, sèl bagay nan lavi m' mwen te vle pou Senyè a chanje se te konpòtman chanèl renmen jije ak rejte moun. Pa konsekan, mwen te vin anime avèk anpil entansyon pandan m'ap mande Senyè a chak fwa li te posib pou l' transfòme atitid kritik mwen yo ak renmen rejte a. On lòt fason nou ka defini « entansyon » se : on volonte fèm pou m' chèche Bondye pou l' chanje m' nan domèn sa yo.

Si n'ap konpare, sa sanble a lè w' t'ap aprann kondui premyè fwa. Depi nan demare a ou te dwe byen konsantre epi fikse sou kondui a, jan w'ap frennen, jan w'ap vire. Ou te dwe toujou ap panse a tout sa ki konsène sa w'ap fè a. Sepandan, piske w' kontinye ap fè bagay

sa yo, yo vin tounen yon abitud ki rive otomatik. Se sa Bondye vle fè nan ou depi nan kòmansman mach pa lafwa a. Li vle devlope yon « abitud sen » lakay oumenm k'ap chèche li san rete pou l' ka transfòme lavi w'.

Pa konsekan, lè n'ap chèche Kris kòm lavi, kòm renouvèlman lespri nou, kòm liibète oubyen vikwa, oubyen kòm gerizon, li enpòtan pou n' mete entansyon nou pou devlope on atitud san rete oubyen on abitud sen nan chèche ak nan depann de Bondye.

Verite Final Sou Mach Pa Lafwa

- Se atravè mach pa lafwa **ou aprann kijan pou w' viv pa lafwa.**
- Atravè mach pa lafwa pa w' reyalite viv pa lafwa a ap vini **on pi gwo reyalite** pase viv nan santiman ak eksperyans yo.
- Plis ou mache pa lafwa, plis w'ap kòmanse **wè chak sitiyasyon atravè zye Bondye** ; epi konsa, on pi bon konprann de objektif li yo.
- Plis ou mache pa lafwa, **plis, nan fen an, ou p'ap bezwen konnen** sa ki pral pase answit nan lavi w', paske w'ap gen plis konfyans nan souverènte ak kontwòl Bondye,
- **Si w' pèsevere** nan mach ou pa lafwa, w'ap fè eksperyans on travay sinatirèl Bondye k'ap chanje fason w' panse, fason w ; kwè, fason w' chwazi epi fason w' konpòte w'.
- Piske w' kontinye mache pa lafwa, relasyon w' avèk Bondye ap vin pi fò. **W'ap rejwi lè w' nan prezans li epi w'ap sou menm liy avèk plan Li, bi Li epi volonte Li** pou lavi w'.

Ramase

1. Bondye ka ba ou vikwa, libète, gerizon imedyat etc... oubyen sa k'ap yon pwosesis pi long avan w' fè eksperyans bagay sa yo. (se sa ki rive pi souvan.)
2. Konnen pa lafwa ke, menm si w' pa santi l', piske w'ap mache pa lafwa, Bondye ap travay nan lavi w' pou libere w', pou ba w' vikwa, pou geri w', epi pou transfòme lavi w'.
3. De Tanzantan, ou ka pèdi pasyans avèk orè Bondye a. Mande li pou l' SE PASYANS ou ak PÈSEVERANS ou lè bagay sa yo rive.
4. Espirityèlman fòk ou gen konsyans ke Bondye ap travay nan lavi w' chak jou. Sa kapab on chanjman anba anba oubyen on seri chanjman anba anba. Mande li pou l' fè w' santi chanjman yo l'ap fè a.

FO KWAYANS

Fo kwayans sou Bondye

Mwen kwè ke Bondye se

Oubyen,

Lontan, nan on sitiyasyon avèk anpil estrès mwen te konn santi kòm si Bondye te :

Fache
Frèt epi Lwen
Endiferan
Pa vrèman gen Kontwòl

Pare pou jije
Pare pou kondane
Pare pou Pini
Pa Sousye

Ayisab
Enkapab
San volonte
San Konpasyon

Fo kwayans sou lòt moun

Mwen gen dwa pou m' pa padone lòt moun.
Lòt moun ki dwe satisfè bezwen mwen.
Lòt moun dwe renmen mwen san kondisyon.

Mwen dwe jwenn akseptasyon lòt moun yo pou yo aksepte m'.
Se sa lòt moun panse ki fè valè m'
Yo dwe respekte prensip mwen pou m' aksepte yo

Fo kwayans sou fason pou n' viv lavi kretyèn

1. Mwen dwe travay pou Bondye :
 - a. Pou m' jwenn lanmou li.
 - b. Pou Bondye ka kontan avè m'.
 - c. Pou m' jwenn akseptasyon li.
 - d. Pou m' chape anba kondanasyon li.
 - e. Pou m' santi m' byen mwen menm.
 - f. Pou m' fè lòt moun plezi.
2. Se mwen ki pou sèvi ak entèlèk mwen epi kapasite mwen (avèk èd Bondye) :
 - a. Pou m' gade kòmandman li yo.
 - b. Pou m' reyalize pwomès li yo nan lavi m'.
 - c. Pou m' transfòme m'.
 - d. Pou m' gen bonè.
 - e. Pou m' gen siksè.

Kèk Konpòtman Chanèl

Ou bwè tèt ou

Twò repliye sou tèt ou – Regrèt pou tèt ou – Ou anba depresyon - Bat tèt ou – Pran pòz viktim / Matir – Konsantre sou soufrans ou pou w' atire atansyon ak senpati – Jalou siksè ak bonè lòt moun -

Retire tèt ou (izole w')

Ecate w' (mete w' lwen) – Pran distans sou lòt moun (yon solitè) – Antre nan yon kwoki – Moun pa ka abòde w' - Pa pale ak moun – Refize kominike

Pretèks (doulè/presyon) pandan w'ap sèvi avèk :

Pwomiskite kawousing - Dwòg ak alkòl - Bavadaj - Toujou okipe - lekòl - Lwazi/jwèt – lekti -
òdinatè – fantezi — televizyon - sinema – pònografi – somèy – Manje depase - relijyon -
travay/karyè/ - sèks

Ou Anksye (enkyè epi w' pè)

Ou pè (toujou doute) – Manke lapè ak repo – Retounen paralize (angoudi) – Ou paranoya
(sispèk anpil) – Refize wè sa ki pozitif – sipoze sa ki pi mal la

Chèche direksyon w' nan :

Astwoloji/ owoskòp – Divinò epi/ oubyen okiltis

Fè règ pa w' (Otonòm)

Aksepte tèt ou epi lòt moun sou baz rannman – w'ap chèche pèfeksyon sèlman – W'ap
eseye fò pou pa echwe – Pè fè erè - Lwayalis - Viv nan « liv » - Santi w' oblije (t'a dwe) –
Twò di avèk tèt ou / lòt moun – Bay tèt ou règ ki pa reyalis / lòt moun

Vini obsede avèk :

Reyalizasyon yo – Rekonesans / estati – Achte byen materyèl – Sa lòt moun panse de mwen
– A kisa fizik mwen sanble – Sante fizik mwen – pase a (espesyalman pase blesi ak echèk yo
– on devosyon pou yon koz, pou yon estrikti, pou kèk sistèm règ.

Devni dominan

Diktatè (patwon) – egzijan – sipòte (kontwòl) – entimide lòt yo - refize sede

Rete sou kontwòl nan :

Kourye nwa – (fè menas) – manipilasyon – (sèvi avèk kilpabilite, pitye, flatrè, etc...) – Pouvw
kontrenn (menas fizik) – Pwofane (sèmante) – Pasif (pran pòz enkapab) – Pa manje
(Anorepsi-boulimi)

Manke konpasyon, manke jantiyès

Konpreansyon, amabilite, lanmou, toujou ap defann tèt ou

Moralizatè (jistifye tèt ou)

Fè ekskiz (rasyonalize) – kouvri epi kache erè – Oblije pwouve opinyon w' – Panse ke w' pa
janm pwoblèm nan – Blame on lòt moun oubyen on lòt bagay pou pwoblèm nan – refize
pran responsablite paske w' pè echèk oubyen pwoblèm – Genyen difikilte pou mande
ekskiz, pou admèt ke w' te gen tò – mande padon – mande èd, epi/oubyen temwanyen
rekonesans – genyen yon atitid siperyè (di sa menm) – « mwen konnen sa k' pi bon » -
« chemen m' nan se chemen kòrèk la »

Renmen Kritike (renmen jije)

Jwenn fot la nan lòt moun yo, nan ou menm, epi tout sa ki nan anviwonman w' - Pare pou w' mouri pou bagay yo – fè tò (pa toleran) – plenyen anpil (anyen pa janm bon ase)

Ou otonòm (kwè nan tèt ou)

Depann de tèt ou olye de Bondye epi lòt moun – devni ògeye (prejije) – egosantrik (aksyon grandyoz) – vante tèt ou (vanta – devni awogan – devni vanite (ou sifi tèt ou)

Parèt kòm ensanse

Neglijan, antipatik, endiferan oubyen ensousyan

Volonte pou sèvi (pa sou sa)

Di de bagay tankou : « Sa va » oubyen « Se pa anyen »

Pesimis (negativis)

Manke konfyans ak optimis – doute (sispèk) – mefye lòt yo, oumenm, Bondye legliz epi gouvènman an – atann ou a sa ki pi mal – pa janm satisfè de tèt ou epi de lòt yo.

Devni agresif

Mechan – ensiltan – mokè – sanwont – (konfliktyèl) – ayisab – (mechan nan Lespri) – kriyèl (malen) – genyen on tanperaman voye moun ale – plenyen oubyen pale san rezon pou chase kolè – abizan fizikman – abizan vèbalman – kraze brize sa w' jwenn.

Rankinye (fache)

Min ou vin mare (boude) – amètim – refize padone – kenbe on kat ofans – chèche vanjans – vle pou lòt yo echwe oubyen pou yo fè tèt yo mal – pini tèt ou oubyen pini lòt yo.

Konbat enjistis

Akize san rezon – mal reprezante sitiyaasyon an – komeraj – (koze dèyè do) – angaje w' nan on konpòtman pasif agresif – sèvi ak min ou pou kache vrè santiman yo – bliye bagay yo – refize kominike – an reta – gen tandans pou ranvwaye pou demen.

Metriz tèt ou

Sipoze ke se ou ki toujou pwoblèm nan – ou defann pozisyon w' twòp – twò di avèk tèt ou – ou nan siksè epi w' pa alèz – genyen difikilte pou resevwa : lamou, konpliman, padon – pa ka padone tèt ou.

Bay lòt yo defi

Reziste avèk otorite – Pakopere (rete rèd) – refize aprann (lespri koridò) – koze divizyon (konfli) – enèvan (aggrave afè moun) – toujou ap bay agiman – tèt di (pa ka pliye) – derezonab.

Nye reyalite a

Inyore pwoblèm yo epi espere y'ap rezoud. – nye ke tout bagay pa bon – wè bagay nan santiman w' sèlman – desi lòt moun yo epi oumenm – bay tèt ou manti avèk lòt moun – egzajere (ogmante valè bagay yo) – fè mannèv pou kache entansyon reyèl la.

Mete devan

Kache sa m' panse reyèlman – pretann – eseye enpresyone lòt moun yo epi / oubyen atire atansyon yo – fè l' vin fo (aji kòm si w' konnen on bagay menm si w' pa konn anyen) – pretansye (fo, pa reyèl) – sipèfisyèl (pa janm kite on moun pwoche).

Pasif (manke inisyativ)

Abandone twò fasil (kite sa) – pa pran chans – tann on moun di kijan pou w'panse, kisa pou fè pou w' aji – (twò kamèleon) – pa ka deside – eviite echèk nenpòt kijan – ranvwaye (remèt bagay yo) – pa reponn (pa fyab) – parese (pa ka reyaji, nan fon soméy pwolonje)

Sou tansyon (« ap veye »)

Twouve l' difisil pou relakse w' – san repo – devni san pasyans – vin ajite fasil

Devni ensilte nan emosyon w'

Evite entimite – anbarase pou w' eksprime santiman ak opinyon difisil – siprime (istwa emosyon yo) – anpeche – (diminye) – anpeche aji

Viv nan santiman w' yo

Kwè ke verite a se sa w' panse a – twò sansib lè yo kritike w' – sansib depase – siseptib (pa mal pou an kolè) – Sa ki kontwòle w' se laperèz, kolè, dout yo ak ensekirite yo – pare otomatik pou refi.

Bay plezi (Janti)

Eseye kenbe tout moun nan kontantman – evite konfli yo / kenbe lapè – gen diffikilte pou w' di « non » - Pa ka leve kanpe pou tèt ou – pè pou w' pa desi lòt moun yo – sede twò fasil bay lòt yo

W'ap bay swen (Sekouris)

Ou se yon sipè pwotektè – ou toujou ka reponn – ou antre twòp nan zafè lòt moun / nan enkyetid yo – twò posesif (bay tèt ou twòp) – pale twòp epi koute on ti kras – pran desizyon nan plas lòt yo.

Twò serye (anpil fòs)

Ou analize twòp – ou pa kapab rejwi w' – ou manke lajwa oubyen lavi.

Senkyèm Leson

Konba Lafwa

PREMYE JOU

Apèsi sou Leson Senk la

- Kisa konba pa lafwa a ye ?
- Kèk verite sou konba pa lafwa.
- Ènmi yo nan batay la.
- Genyen batay la sou lachè, sou pouvwa peche, epi sou Satan/demon yo.
- Konba lafwa a epi mòd panse w'.

Entwodiksyon

Lè w' ap mache pa lafwa avèk entansyon, sa pa pran tan pou rankontre rezistans. Si w' deja fè kèk pa nan lafwa ou konnen deja de kisa m'ap pale. Rezistans sa a manifeste lè w'ap chase ènmi anndan tankou deyò k'ap chèche detounen w' nan mach pa lafwa a. Nan lesou sa a, n'ap pale de ènmi sa yo nan batay sa a, epi kijan nou ka angaje Bondye pou batay avèk ènmi sa yo pou w' genyen konba lafwa a.

Kisa konba pa Lafwa a ye ?

«... MENNEN BATAY POU LAFWA A BYEN. »

1 Timote 6 :12

Mwen defini konba lafwa a konsa :

KONBA LAFWA a:

Se lit ki soti nan rezistans ènmi w' yo kont mach pa Lafwa a.



Verite a sèke depi nan premye etap mach pa lafwa a w'ap rankontre rezistans. Kesyon ke mwen vle poze w', nan nivo sa a, gen 2 pati :

- Èske w' konsyan ke genyen on konba ?
- Èske w' angaje nan konba a ?

Mwen twouve ke anpil kretyen pa konprann gen yon batay ki deklanche kont yo. Pyè konfime batay sa a nan 1 Pyè 2 :11

« Zanmi m' yo, men sa m'ap mande nou. M'ap pale ak nou konnyè a tankou ak moun ki etranje, ki depasaj sou latè: Se pou nou kenbe tèt ak tout egzijans lachè a k'ap gwoumen kont nanm nou.»

Premye bagay pou w' konsyan de li sèke gen yon batay. Si nou pa konnen gen yon batay n'ap viv kòm si pa t' gen anyen ditou. Anplis si nou konnen gen yon batay epi nou pa konbat konba lafwa a selon 1 Timote 6 :12, twa bagay ka rive :

Premyèman, Nou ka abandone Bondye ak mach pa Lafwa a.

Dezyèmman, n'ap tounen sou tèt nou kòm sous lavi nou.

Twazyèmman, p'ap gen okennn transfòmasyon.

Pa konsekan, li enpòtan pou w' konprann nèt ale konba lafwa a, ènmi yo n'ap kwaze nan batay la, epi kijan pou nou genyen konba a. An nou pale avan de kèk verite kle nou dwe konnen sou konba lafwa a.

Verite Osijè Konba Lafwa a

#1- Ou pa ka konbat Konba Sa a.



kwaze !

« **Senyè a, Bondye nou an, ap mache avèk nou. L'a gwoumen pou nou kont lènmi nou yo pou l' fè nou genyen batay la . »** Detewonòm 20 : 4

Verite a osijè konba lafwa a sèke w' pa ka konbat konba sa a san Bondye. Poukisa ? Se paske fòs ou ak volonte w' pa ka konpare ak pisans ènmi w'ap kwaze yo. W'ap pèdi konba a chak fwa ou chwazi antre nan konba lafwa a san Bondye. Bòn nouvèl la sèke Bondye pwomèt pou konbat POU ou pandan l'ap mare chak ènmi w'ap

Bondye pa t' janm vle pou konbat on konba ke w' pa ka genyen. E w' pa ka genyen san Li.

#2- Wòl ou nan Konba Lafwa a

« **Senyè a ap konbat pou ou ; epi w'ap fè silans sèlman** » Egzòd 14 :14

Menm si Bondye ap konbat konba a jiskobou, sètènman ou gen on wòl enpòtan pou w jwe nan sa. Premye bagay sèke sa ka parèt pasif, men veriite a sèke « rete trankil » se yon fraz ki aktif anpil nan sans ke w' dwe kontinye kwè ke Senyè a, pa lafwa ap konbat konba a avèk rezilta a.

« Rete trankil » vle di ke w' ka repoze w' paske w' depann de kapasite ak pisans Bondye pou kraze baryè mach pa lafwa w' yo. Nou wè menm verite sa a nan Sòm 46 :10 :

« Rete an silans epi konnen ke m' se Bondye »

Mwen konnen Bondye gen kapasite pou l' pote viktwa sou ènmi m' yo. Mwen ka viv repo a pandan l'ap konbat pou mwen.

Lafwa w' aktive pisans Bondye pou detui ènmi mach pa lafwa w' yo.

#3- Itilize Pawòl Bondye kòm si l' fè pati batay lafwa a.

«Mwen gen lapenn, dlo ap koule nan je m'. Mete m sou de pye m' ankò **jan w' te pwomèt la** » Sòm 119 :28

« N'a konnen verite a, lè sa a, verite a va ba nou libète nou. » Jan 8 :32

On pati esansyèl pou konbat konba pa lafwa a se konnen epi angaje Bondye avèk verite li. Mo « konnen » an nan Jan 8 : 32 vle di plis bagay pase on konesans entèlektyèl. Li vle di « kwè ». Nou konnen tou ke Kris Li menm se verite a selon Jan 14 : 6. Pa konsekan, piske nou kwè nan verite Bondye a epi nou angaje Bondye pa lafwa, l'ap sèvi ak verite li pou l' detui ènmi mach pa lafwa w' yo epi libere w'. N'ap wè kijan sa mache nan pwochen pati etid sa a.


Egzanp ou ka wè sou mach pa Lafwa a

Nan desen anba a, nou wè ke pwen goch la se pwen kote nou te kòmanse mach kretyèn nou an. Pou kòmanse n'ap viv nan lachè pandan n'ap fè eksperyans konfli ki pa fini yo, pandan nou anba kòd defèt koz peche yo, etc... . Kote goch la genyen pwomès transfòmasyon Bondye nou vle viv yo. Pwen nan mitan 2 yo se lafwa. N'ap kontinye itilize desen sa a ofiramezi nan leson sa a.




Kiyès ki Ènmi Batay sa a ?

Piske nou te kòmanse mach pa lafwa a, n'ap kwaze ak ènmi epi baryè anndan tankou deyò. Twa ènmi prensipal konba pa lafwa nou an se : Lachè, pouvwa peche, epi Satan ak Demon li yo. Mwen rele ènmi sa yo trinite « enpi ». Desen anba a montre sa.



An plis trinite enpi sa a, on lòt gwo ènmi n'ap kwaze se pwòp jan nou panse. Lè nou kòmanse mache pa lafwa n'ap chase kat ènmi sa yo nan yon konba lafwa. Gade demonstrasyon apre a.



An nou gade chak ènmi sa yo grenn pa grenn epi an nou wè kijan pou n' angaje Bondye pou konbat konba lafwa a epi genyen batay la.

VERITE KLE

Fòs ou, kapasite w' ak volonte w' pa ka konpare ak pisans ènmi w' yo. Eseye gwoumen avèk yo san Bondye ap toujou fini pa yon echèk.


DEZYÈM JOU

Ènmi #1- Lachè

Dapre dènye leson nou an, ou t'a dwe byen konprann lachè avèk konpòtman li yo. Nan leson sa a n'ap wè kijan lachè kreye rezistans kont mach pa lafwa a.

Lachè ou ap TOUJOU Reziste kont Mach Pa Lafwa.

Lachè w' ap TOUJOU Reziste kont Mach Pa Lafwa. Nou wè sa nan Galat 5 : 17



« Kò a gen egzijans ki pa dakò ak egzijans Lespri Bondye a. Konsa tou, Lespri Bondye a gen egzijans ki pa dakò ak egzijans kò a. Se de bagay ki pa mache ansanm menm. Se sa k' fè nou pa kapab fè sa nou vle. » Galat 5 :17

N'ap lite tout rès lavi nou avèk lachè epi dezi li yo. Move nouvèl la sèke retounen nan lavi chanèl endepandan an se pwen fèb nou tout. Sa vle di, li fasil pou n' retounen nan lachè paske se konsa nou abitye viv. Sepandan, nou se kreyen konnyè a, nou gen yon lòt opsyon. Piske nou gen plenitid Bondye nan nou, nou kapab konnyè a, chwazi mache nan depann de pisans Bondye (ki TOUJOU gen kontwòl lachè).

Pwen FÈB chak kreyen se LACHÉ.

Men kèk egzanp rezistans lachè kont mach pa lafwa. Lachè vle :

1. Pou w' itilize pwòp kapasite w' pou transfòme tèt ou.
2. Pou w' doute de Bondye epi abandone l' ak kapasite Li pou transforme w'.
3. Pou w' retounen nan konpòtman « pak kochon chanèl » ou yo.
4. Pou w' sede bay pisans peche ak tantasyon Satan/demon yo.

Kesyon : Dapre Women 7 : 15, ki kèk bagay ou t'a vle rive men ki pa rive oubyen lekonntrè ? Éske w' eseye fè oubyen pa fè bagay sa a nan pwòp volonte w' ? Éske sa mache?

Konba Lafwa a avèk Lachè ?

Gen twa bagay Bondye vle reyalize osijè konba lafwa avèk lachè a. Bondye vle :

1. **MONTRE lè lachè w' reziste kont mach pa lafwa**

Piske pwen fèb nou se lachè nou ka pa ka wè lè lachè nou ap reziste kont travay Bondye nan nou. Pa konsekan, sa Bondye vle fè se montre a klè rezistans chanèl la. An nou wè nan vèsè k'ap vini an kijan David te chèche bondye pou montre lachè Li a klè.

« **Sonde m', Bondye ! Wè tout sa ki nan kè m' ! Fouye m' ! Wè tout sa ki nan lide m'. Gade wè si m' sou yon move chemen . Mennen m' sou chemen ki la pou tout tan an. » Sòm 139 : 23, 24**

Pa konsekan, an nou gade kijan yon pa nan lafwa ka ye pou Bondye ka montre rezistans chanèl nou a klè.

Pa nan lafwa : « Senyè, Mwen mande w' pou revele m' kijan lachè m' ap reziste kont travay ou nan lavi m'. »

2. Ou montre lamò lachè w'.

« Lè m' fè yon bagay, mwen pa konprann sa m' fè a. **Paske, sa m' ta vle fè a, se pa sa m' fè. Epi sa m' pa vle fè a, se li mwen fè.** » Women 7 :15

Pwoblèm lachè a gen 2 nivo. Premyèman, nou pa pare pou n' vire do bay lachè nou. Answit, nou pa genyen pisans ni anndan nou ni deyò nou pou nou libere tèt nou anba grif lachè nou. Pa konsekan Bondye dwe revele nou lamò lachè nou avan pou nou pèmèt li libere nou anba li.

Montre w' lamò lachè w' se Lespri ki revele w' senpleman dega rezistans chanèl ou ap fè anndan w'.



Pwoblèm nan pou anpil kretyen sèke y'ap viv nan mizè lachè pandan si lontan ke yo pa menm ka wè se mizè. Se pou sa nou chèche Bondye pou montre mizè a. Si se pa sa, n'ap kontinye menm jan a chyen an nan 2 Pyè 2 : 22 ki retounen nan voisman li pandan l'ap brase l', l'ap jete l'. (Mwen dezole pou egzanp desen an, men se yon imaj, mwen espere Senyè a ap sèvi avè l' pou touche pwen sa a.)

An nou sipoze pa egzanp, ke w'ap reziste nan lachè w', kont dezi Bondye pou libere w' anba kolè. Sa Bondye ap fè se revele « lamò » kolè w' epi fason li kreye on konfli san fini avèk madanm ou, pitit ou, kolaboratè w' epi zanmi w'. L'ap fwote nen w' nan vomisman kolè w' pou ka ale lwen kolè a.

#3. Ba ou Dezi pou w' mache nan Lamò ale nan lachè w'

Depi nou wè lamò (santi vomisman an) ke lachè nou lakoz, n'a prale lwen li epi n'ap retounen nan mach ki depann de Bondye a. Gade nan 2 Korentyen 4 : 11 :



« Nan lavi m' , **se tout tan m'ap pase toupren lanmò** poutèt Jezi, pou pouvwa lavi Jezi a ka parèt a klè nan kò mwen ki la pou mouri.» 2 Korent 4 :11

Sa Pòl vle di nan vèsè sa a sèke Bondye fè wè tout tan lamò lachè nou pou nou ka mache nan lamò ale nan lachè nou. Mache nan lamò ale nan lachè nou vle di n'ap reyalize mizè rezistans chanèl nou ap fè nou pase, epi n'ap retounen nan Bondye pou kontinye travay transfòmasyon L'ap fè nan nou. Lè nou mache nan lamò ale nan lachè nou se menm jan avèk Kloure lachè nou (Lavi-ego) sou kwa a.

Mache nan lamò ale nan lachè w' se yon lòt fason pou di ke w'ap mache nan vikwa sou lachè w'.

Angaje Bondye : Mande Bondye pou l' mete deyò domèn yo kote lachè w' ap reziste kont travay li nan lavi w'. Mande Li pou l' fè w' wè lamò ak mizè k'ap kreye yo epi kwè nan Li pou l' ba ou dezi pou retounen jwenn li epi kontinye mache pa lafwa.

TWAZYÈM JOU

Kèk Egzanp Sou Sa Sa Reprezante Lè w' « Angaje Pisans Bondye Pou Fè Eksperyans Vikwa Sou Lachè .»

Ènmi # 1 : Lachè

Pou fè eksperyans vikwa sou lachè :

Mande Bondye pou l' toujou mete rezistans chanèl ou deyò lè w'ap viv li.

1. Mande Bondye pou l' revele « lamò » (mizè) lachè ki touche lòt moun ki nan antouraj ou.
2. Mande Bondye nan pisans li, pou l' ba ou VOLONTE pou « mouri » nan lachè w' pandan w'ap ale lwen lavi ki mache avè l' la.

An nou gade 2 egzanp sou fason pou angaje Bondye pa lafwa pou w' ka fè eksperyans vikwa sou konpòtman chanèl ou yo :

Egzanp #1 : An nou sipoze ke w' angaje Bondye pou w' padone on moun ki te blese w' . Ou fè kèk pa nan lafwa, epi answit moun sa a parèt nan lavi w'. Lachè ap reziste kont travay nan lafwa a pou ka tounen nan pak kochon kolè, oubyen nan refize padone.

Kijan nou ka angaje Bondye pou mare lachè ?

Pa nan lafwa: « Senyè, mwen kòmanse vin fache avèk moun sa a. Mwen mande w' nan pouvwa w', pou montre m' lamò kolè mwen epi pou w' ban m' volonte pou m' ale lwen li.»

Egzanp #2 : An nou sipoze ke w' repouse madanm oubyen (mari w'). Konnyè a w'ap chèche Bondye pou renouvle Lespri w' pou ka aksepte l' san kondisyon. Pandan w'ap fè kèk pa nan lafwa, li di on bagay ki ajite rejè sa a anndan w'. Se nan moman sa a konba lafwa a kòmanse. Kijan w'ap angaje Bondye pou konbat konba lafwa a pou ou?

Konba lafwa : « senyè, mwen santi on rejè pou madanm mwen (mari m'). Mwen mande w' pou montre m' dega ke rejè m' nan lakoz nan mwen e nan li. Mwen mande w' nan pisans ou, pou w' mare santiman chanèl yo epi pou w' deplase m' bò kote volonte rejè sa a. »

Panse Final Sou « Angaje Bondye pou l' viktim Lachè w' »

1. Si w' pa chèche Bondye avèk ENTANSYON pou l' viktim rezistans chanèl w'a, l'ap viktim ou chak fwa.
2. Depi w' kòmanse chèche viktim, libète, oubyen gerizon nan yon domèn ou chwazi nan lavi w', rezistans lachè w' ap FÒ anpil.
3. Plis ou angaje pisans Bondye pou viktim lachè w', plis rezistans chanèl ou ap diminye tout tan tan ap pase.

Verite Kle:

W'ap chwazi retounen nan lachè plizyè fwa nan mach pa lafwa a. Sepandan, nan moman sa yo, Bondye vle montre w' lamò lachè w pou ka mache nan lamò ale jwenn li.

Angaje Bondye: Si w'ap chèche Bondye pou viktim oubyen pou gerizon nan yon domèn ou chwazi epi w'ap viv rezistans chanèl kont mach pa lafwa a, angaje Bondye pou l' viktim rezistans chanèl w'a.

Ènmi #2- Pouvwa Peche

« Epi , si m' fè mal mwen pa vle fè a, se pa mwen ki fè l' , men **se peche** ki nan mwen **an ki fè li.** » Women7 :20

Kisa ki pouvwa Peche a ?

POUVWA PECHE:

Se yon pouvwa anndan ki toujou la nan lavi w' k'ap chèche atire w' oubyen tante w' pou viv nan endepandans de Bondye.

Pouvwa peche nan ou se pou toujou tante w' pou viv nan pwòp entèlèk ou ak nan pwòp kapasite w' kont pisans ak lavi Bondye. Se yon pouvwa ou pa ka gen vikwa sou li paske volonte w' pa ka konpare ak pouvwa peche. Pa konsekan, si w' pa angaje pouvwa Bondye pa lafwa, w'ap toujou tonbe anba pouvwa peche.



Yon lòt verite kle sèke pouvwa peche nan asosye avèk lachè w' epi konpòtman chanèl ou yo.

Kite m' ba ou yon imaj sou jan yo fonksyone : imagine ou t'ap manje nan restoran w' pi renmen an. Moun k'ap sèvi a pote ba ou meni desè a avèk tout desè w' renmen yo. Ou pa ka reziste. Konsa, ou pran on desè an plis.

Pouvwa peche a nan egzanp sa a se moun k'ap sèvi a, epi desè yo reprezante konpòtman chanèl ou yo. Si w' pa angaje pisans Bondye, w'ap tonbe chak fwa anba pouvwa peche epi w'ap chwazi montre on konpòtman chanèl. An nou gade kèk egzanp sou jan pouvwa peche travay epi sou fason n'ap angaje pisans Bondye pou kraze pouvwa peche.

Egzanp sou Fason pou n' Angaje Pisans Bondye pou nou Fè Eksperyans Vikwa Sou Pouvwa peche

Egzanp #1 : W'ale nan biwo jodi a, epi w' wè yo bay on lòt moun pwomosyon ke w' te travay di anpil pou li a. Nan pwèn sa a, pouvwa peche a sèvi ak konpòtman chanèl kolè w' ak vanjans ou. Konnyè a, ou gen on chwa pou w' fè nan kafou sa a. Ou kapab oubyen tonbe anba pouvwa peche (k'ap kondui w' nan kolè ak vanjans), oubyen angaje pisans Bondye kont pisans peche. Se konsa on konba lafwa ye si w' deside mete Bondye nan batay la.

Konba lafwa « Senyè, mwen konnen mwen merite pwomosyon sa a, epi mwen kòmanse genyen santiman kolè, rejè, ak vanjans. Sepandan, mwen konfye w' santiman sa yo e mwen mande w' nan pouvwa w', pou w' viktim pouvwa peche nan mwen epi deplase m' lwen dezi ki vle pou m' manifeste konpòtman chanèl sa yo. »

Egzanp #2 : Ou dekouvri ke gen on zanmi k'ap pale w' mal. Lè w' aprann nouvèl la, pouvwa peche a la sou sèvis konpòtan chanèl rejè a. Si w' tonbe anba pouvwa chanèl pechel, w'ap jwenn plizyè mwayen chanèl pou w' rejte moun sa. Men kijan w' t'a ka « angaje pisans Bondye kont pouvwa peche ».

Konba Lafwa : « Senyè, mwen mande w' pou w' elimine pouvwa peche nan mwen pou m' pa tonbe nan revanj oubyen rejè zanmi m' nan. »

Egzèsis : Ekri kèk konpòtman chanèl ou nan gwoumen avèk yo. Reflech sou fason pouvwa peche a itilize yo kont ou lè li deklannche yo.

Angaje Bondye : Chèche Bondye pou elimine pouvwa peche epi voye w' lwen manifestasyon konpòtman chanèl sa yo.

Panse Final Osijè Mache Nan Viktwa Sou Pouvwa Peche

1. Nan kòmansman mach pa lafwa a, pouvwa Satan nan ou ap gen viktw. W'ap wè w' viktim anba pouvwa peche nan konba pa lafwa a.
2. Pa kite sa dekouraje w'. Lè w' tonbe nan peche, konfese epi repanti de sa, epi kontinye mache pa lafwa.
3. Bòn nouvèl la sèke, piske w' kontinye angaje Bondye pou viktim pouvwa peche, l'ap gen mwens pouvwa sou ou oframezi, epi w'ap wè w' pa tonbe rapid menm jan an oubyen ou pa tonbe ditou anba pouvwa peche.

POUVWA PECHE

Ap kontinye sèvi on baryè pou toujou tante w' pou tonbe anba konpòtman chanèl ou yo.

Ènmi #3- Satan/ Fòs demon li yo

« Paske, se **pa** ak moun **nou** gen pou nou gwoumen . Men, se ak **move lespri ki nan syèl la, ak chèf , ak pouvwa, ak otorite k'ap gwoumenen nan fènwa** ki sou latè. » Efezyen 6 :12

Mwen dwe onèt avèk ou, nan kòmansman lavi kreyen mwen nan legliz mwen, nou pa t' pale de Satan anpil. Nou pase on ti tan nan pale de demon. Sepandan, pandan dènye ane sa yo mwen dekouvri ke Satan ak demon li yo reyèl tout bon epi yo gen yon estrateji ki TOUJOU AP TRAVAY :

Pou VÒLÈ, TOUYE, epi DETUI mach pa lafwa w' la.

Nou pa pral nan antre nan on etid detaye sou Satan ak demon li yo, men mwen panse li enpòtan pou w' konprann omwen kijan ènmi sa yo kreye rezistans nan mach pa lafwa nou. An nou gade twa objektif Satan pou kretyen yo. Li vle :

Ou
yo
li yo
nan



1. Anpeche w' konnen Kris kòm lavi w'.
2. Anpeche w' konprann sa sa ye pou Kris, viv lavi Li nan ou.
3. Anpeche w' chèche Bondye pa lafwa kòm sous transfòmasyon lavi w'.

wè Satan konnen verite Bondye a avèk konsekans la si kretyen vin transfòme avèk verite sa. Se pou sa li menm ak fòs demon ap fè tout sa yo kapab pou anpeche w' konnen, kwè, epi libere verite Bondye a.

Pi GWO menas pou satan se verite Bondye a !

Pi gwo menas pou satan, pou sa ki konsène w', se lè w' chwazi MACHE epi w' KWÈ NAN verite Bondye a.

Pa konsekan, objektif Satan avèk demon li yo se anpeche nou mache pa lafwa nan pisans Bondye pou n' ka kontinye viv nan prizon fo kwayans nou yo, konpòtman chanèl nou yo ak pouvwa peche. Satan konnen si l' fè nou kwè nan manti, nou p'ap fè eksperyans transfòmasyon an avèk lavi an abondans Bondye pwomèt la. Premye estrateji li pou l' reyalize objektif sa a se kontwole panse nou.

Premye estrateji Satan/ demon li yo kont kretyen yo se ANTRE mansonj, desepsyon, tantasyon, kondanasyon, panse chanèl nan lespri yo.

Nou konnen Satan/demon yo gen kapasite sa a akòz sa ki te pase ant Pyè ak Jezi nan Matye 16 :21-23. Pyè te di Jezi Li pa t'a pral sou lakwa. Jezi te reponn konsa, « Retire w' sou mwen Satan. » Jezi te pale avèk Satan dirèkteman paske l' konnen se Satan ki antre panse mansonj sa a nan Lespri Pyè. Pa konsekan, an nou gade kijan Ènmi an antre panse nan Lespri nou pou eseye fè nou abandone mach pa lafwa a.

KATRYÈM JOU

Kèk Egzanp Sou Fason pou n' Angaje Pisans Bondye Pou Nou Fè Eksperyans Viktwa Sou Satan/Demon Yo



Egzanp #1 : An nou sipoze ou nan lit avèk finans ou. Dezi espiyèl ou se kwè nan Bondye pou l' voye finans nesesè. Men apre kèk pa nan lafwa, sitiyasyon finans ou pa chanje, Satan (oubyen fòs demon li yo vini, jan w' wè l' nan foto a, li antre panse konsa yo nan ou, « mwen te bay Bondye on semèn pou rezoud pwoblèm sa a, li pa fè anyen pou l' rezoud li. Pwoblèm mwen pa vrèman konsène l', alòs mwen t'ap fè pi byen si m' te chèche (san Bondye) pou m' soti tèt mwen nan petren sa a.

Sonje : Lè Satan / fòs demon yo antre panse nan Lespri w', panse yo vin reyèl nan premyè pèsòn (Mwen, mwen menm, etc...) epi sa sonnen tankou vwa w'.

Si w' kwè ou se mèt panse sa yo, alòs, estrateji ènmi an mache e li reyisi retounen w' sou oumenm (lachè) kòm sous la. Sepandan, ou ka chwazi angaje Bondye pou konbat konba lafwa a epi viktim Satan/ demon l' yo. Men egzanp yon fason w' ka fè sa :

Konba lafwa: « Senyè, mwen konnen ènmi an ap tante m' pou m' abandonew' epi abandone kapasite w' pou rezoud pwoblèm finans mwen yo. Mwen kwè nan pouvwa w' sou tantasyon. Kontinye fè m' sonje ke w' gen kontwòl la, eke w' gen solisyon pou pwoblèm sa a. »

Egzanp # 2 : « kolè w' toujou genyen w'. Lè kolè monte w', Satan/demon yo mete panse nan lespri w' tankou : “mwen se kretyen, men gade kijan kolè monte m'. Mwen santi kolè m' kondane m'. Li posib pou m' kite sa. »

Li enpòtan pou n' konnen verite Bondye a paske Women 8 : 1 di, « Kounyè a, nanpwen okenn kondanasyon pou moun ki fè yon sèl kò ak Jezikri. » Pa konsekan, piske Bondye pa kondane w' ankò, ou pa gen pou kondane tèt ou oumenm nan konpòte w' kòm mèt panse kondanasyon sa yo ke Satan ak demon yo glise anndan w'. Alòs, kijan n' t'a fè konba lafwa a pandan n'ap sèvi ak egzanp sa a ?

Konba lafwa: « Senyè, verite a sèke selon Women 8 : 1, mwen pa dwe kondane tèt mwen. Pa konsekan, mwen kwè nan pisans ou pou w' mare panse kondanasyon sa yo epi pou konvenk mwen pou m' pa konpòte m' kòm mèt panse kondanasyon sa yo ankò.

Kesyon: Èske w' genyen sitiasyon negatif k'ap reparèt, kèk mansonj oubyen kèk panse kondanasyon ? Èske l' posib ke Satan ak fòs demon li yo t'a ka antre panse sa yo nan lespri w' ?

Angaje Bondye: Mande Bondye pou l' revele w' sous panse sa yo. Chèche li nan pisans li pou l' mete panse sa yo anba kòd epi anpeche w' vin mèt yo oubyen tonbe anba panse sa yo.

Verite Pou w' Sonje, nan Mach pa Lafwa, Osijè de Satan/Demon yo

1. Pi gwo estrateji Satan sèke li se yon TWONPÈ. Lè li antre panse nan lespri w', li vle fè w' desi pandan li fè w' kwè panse sa yo se pa w'.
2. Nan kòmansman mach pa lafwa a, w'ap KONTINYE ap pran pòz mèt panse sa yo ke Satan/demon yo mete nan lespri w' paske disèneman w' pa fò ase.
3. Sepandan, piske w' kontinye ap mache pa lafwa, DISÈNEMAN w' AP GRANDI epi w'ap genyen yon pi gwo sansiblite pa rapò a sous panse sa yo.

Ènmi #4 – Mòd Panse w'

«Poukisa ? Paske , lè egzijans kò a fin pran tèt yon moun, li pa vle wè Bondye ankò, li p'ap soumèt devan lafwa Bondye a, li p'ap ka soumèt menm . » Women 8 :7

Yonn nan pi gwo baryè mach pa lafwa ou a se vi panse'w. Menm jan ou te wè'l nan kèk egzanp site pi wo a, lespri'w ka desi pa satan/ demon yo. Menm jan tou lespri'w ka fè manti, panse ki enkwayab epi panse kondanasyon nan li menm menm. Panse sa yo ka toujou ap travèse lespri'w e kreye lyen ak ou. An nou al wè kat panse ki ka retire nou nan mach pa lafwa nou an.

Panse Laperèz



« Paske, lespri Bondye ba nou an **pa fè nou wont moun**. Okontrè, Lespri Bondye a ba nou fòs, renmen ak pouvwa pou kontwòle tèt nou. » 2 Timote 1 :7

Mwen kwè ke yonn nan baryè mach pa lafwa nou an se perèz. Poukisa ? se paske li ka paralize nou fasilman pou anpeche nou mache pa lafwa. Pa konsekan, an n' gade kèk modèl perèz n'ap fè fas ak yo nan mach pa lafwa nou e nou angaje Bondye nan batay ak panse nou yo.

Perèz sou ENKONI

Kesyon mwen tande plis la se : » kisa ki rive si mwen fè yon pa nan lafwa ? » se yon pè ki valab paske nou pa ka konnen egzakteman sa ki pral rive si nou fè yon pa nan lafwa. Pè enkonni sa a ka anpeche nou fè premye pa a. Pa gen kontwòl sa ki pral pase lè nou fè pa nan lafwa a se sous perèz.

Verite a : Verite a sèke Bondye konnen sa ki pral pase lè nou fè kèk pa nan lafwa. Menm jan kwayans nou nan Bondye ak nan pwomès li yo ap grandi, perèz nou genyen sou sa ki t'a ka pase lè nou fè kèk pa nan lafwa ap diminye. Priz la sèke konfyans nou nan karaktè ak nan kapasite Bondye p'ap janm ogmante si nou pa fè kèk pa nan lafwa.

Konba Lafwa: « Senyè, mwen pè fè pa nan lafwa paske mwen pa konnen sa ki ka rive. Revele m' ke m' pa gen anyen pou m' krenn paske w' pran pi bon enterè m' yo a kè, epi w' gen kontwòl bagay yo. Retire perèz sa a epi ban mwen on volonte pou m' mache pa lafwa. »

Perèz pou ECHÈC

Yon lòt kesyon mwen tande souvan tou, se: « Sa ki pase lè nou fè pa nan lafwa epi anyen pa pase oubyen Bondye pa patisipe ? » Pè echwe se yon moman ki kouran anpil nan mach pa lafwa a (epi nan lavi). Nou p'ap fè pa nan lafwa si nou pè echwe oubyen si Bondye kite nou echwe.



Verite a : Verite a sèke Bondye p'ap fè w' echwe, e w' pa ka echwe sof si w' deside PA kontinye fè pa nan lafwa. Wi, w'ap retounen nan lachè plizyè fwa, men pa gade sa kòm on echèk. Sèlman gade retou nan lachè a kòm yon pati nan pwosesis transfòmasyon an, e sa pa fè w' yon echwe pou sa. Piske se pa ou menm ki dwe pwodui chanjman w' vle yo, ou pa ka echwe si w' mache pa lafwa.

Konba Lafwa: « Senyè, mwen pè echwe si m' fè pa nan lafwa. Senyè, mwen remèt ou perèz mwen an epi m' mande w' fè m' konprann ke mwen pa ka echwe si m' kontinye mache pa lafwa. »

Konba Lafwa : « Senyè, mwen konfese mwen retounen nan lachè. Fè m' sonje mwen pa bezwen gade sa kòm yon echèk. Nan pouvwa w', ban m' volonte pou m' pike pou pi devan. »

Pè DOULÈ oubyen SOUFRANS

Sou mach pa lafwa a, anpil fwa mwen tande, « Mwen pa vle mache pa lafwa, paske mwen pa vle konnen doulè ak soufrans Bondye. »

Verite a: Verite a sèke n'ap viv nan yon mond k'ap degrengole, plen avèk doulè epi soufrans. Ou ka pa ap soufri Jodi a, men w'ap konnen kèk doulè ak soufrans nan lavni ; ke w' fè pa nan lafwa ke w' pa fè. Verite a sèke se pa on pa nan lafwa k'ap bay doulè ak soufrans la paske se pa Bondye ki lakoz. Sa Bondye pwomèt si w' mache pa lafwa, se delivre w' anba soufrans oubyen transfòme atitid ou nan mitan soufrans la.

Konba Lafwa: « Senyè, mwen pè pou pa gen soufrans oubyen doulè si mwen fè pa nan lafwa. Fè m' konprann ke doulè ak soufrans fè pati mond k'ap degrengole sa a. Lè m'ap souffri vrèman, mwen kwè nan ou pou w' delivre m' nan sa oubyen transfòme lavi m' nan mitan soufrans la. Fè m' konprann tou, nan moman soufrans sa yo, nesesite prezans ou tout tan. »

Angaje Bondye : Ki sitiyasyon laperèz ou rankontre nan mach pa lafwa a ? Kòmanse fè pa nan lafwa epi mande Bondye pou l' fè w' chase perèz ou yo avèk lapè Li epi konfyans Li.

Lè w' konpòte w' kòm mèt perèz ou yo, y'ap vòlè mach pa lafwa w' la.

Kèk panse kote w' kondane Tèt ou



Nou konnen, gras a sa nou pale deja osijè de Satan, ke Satan/demon yo kapab antre panse kondanasyon nan lespri nou. Sepandan, nou ka pwodui panse kondanasyon pwòp tèt pa nou san Satan. Apre plizyè ane predikasyon, mwen twouve ke anpil kretyen pase plis tan nan kondane tèt yo lè yo fin peche pase tan peche a li menm. Mwen sonje se te sitiyasyon lavi m'.

Verite a : Kondane tèt w'a soti nan pa konnen oubyen pa kwè ke Kris te pran kondanasyon w' nan sou do li sou lakwa. Se aksyon sa a ki fè nou pa kondane ankò. Èske w' sonje Women 8 : 1 ?

« Pa konsekan, pa gen kondanasyon ankò pou moun ki nan Jezi Kris. »

Paske w' te delivre anba tout fòm kondanasyon atravè Kris, ou pa dwe ap kondane pwòp tèt ou oumenm.

Sepandan, li pi fasil pou w' di pase pou w' fè. Pa konsekan, an nou gade kijan nou ka mennen pisans Bondye pote panse kondanasyon nou yo epi konbat yo.

Egzanp : Ou kontinye ap echwe nan yon domèn nan lavi w' k'ap pote panse kondanasyon pwòp tèt ou. Ou deside angaje Bondye pou jere panse sa yo.

Konba Lafwa: « Senyè, mwen te konpòte m' kòm mèt panse kondanasyon sa yo. Mwen remèt ou yo konnyè a epi m' mande w' pou pou mare panse sa yo epi pou w' libere m' anba kondanasyon. Renouvle lespri m' nan verite ke mwen pa kondane ankò. »

Angaje Bondye : Èske gen kèk domèn kote w' santi w' echwe nan lavi w' epi ki pote panse kondanasyon pwòp tèt ou ? Kòmanse chèche Bondye pou mare panse sa yo epi renouvle lespri w' nan verite Women 8:1.

SENKYÈM JOU

Panse Dout Yo

«Menm lè a,p apa tibway la di byen fò : Mwen gen konfyans nan Bondye ! **Men, vin ede m' pou m' sa gen plis konfyans toujou.** » Mak 9 :24



« Nou wè vre, yo yonn pat kapab mete pye yo kote sa a, paske **yo pa t' gen konfyans.**» Ebre 3 : 19

Nan Ebre 3 :19 yo te prevwa pou jwif y yon tè pwomiz. Sepandan, nan dout yo, yo te chwazi pou yo pa t' antre. Se te tè pwvizyon an abondans epi pwoteksyon, men yo te di « non » ! Kisa ki te pwblèm nan ? Yo te wè gwo jeyan yo sou latè kòm on pi gwo bagay pase pwomès Bondye a. Yonn nan baryè osijè jeyan yo, ki t'a ka anpeche w' kwè epi fè eksperyans transfòmasyon an

se **dout**. Poukisa ?

Dout kenbe nou NAN PRIZON fo kwayans nou yo, nan lyen atitid ak konpòtman chanèl nou yo.

Mwen te di avan, ke nou tout nou se « kwayan kip a kwè ». Avèk sa mwen vle di nou kwè nan Kris pou Sali a men gen anpil bagay osijè Bondye ak verite li a nou pa kwè nan yo. Sonje gen yon diferans ant « konnen » (konesans entèlektiyèl) verite a epi « kwè » (revelasyon pèsone ki kondui nan transfòmasyon an) verite a. Lè nou kòmanse on mach pa lafwa, genyen on gwo dout soou kèk kesyon, men mwen kwè dout sa a parèt an priyorite nan 2 domèn :

#1- Dout sou MOUN Bondye ye a

#2- Dout sou sa Bondye ka fè (oubyen vle fè) nan lavi nou.

Egzanp : An nou sipoze ke w'ap lite avèk kwayans ki se Bondye vle vrèman travay nan lavi w'.


Konba Lafwa: « Senyè, m'ap lite avèk panse ke w' vle vrèman transfòme lavi m'. Mwen mande w' pou mare panse sa yo epi renouvle lespr m' nan verite ke w' gen volonte fè pou w' transfòme lavi m'. »

Konba Lafwa: « Senyè, mwen nan lyen fò sa a pandan si lontan ke m' pa kwè vrèman ke w' ka libere m' anba l'. Mwen remèt ou panse dout yo, epi m' mande w' pou w' fè m' konprann si m' mache ase tan pa lafwa, ou ka libere m' vrèman. »

Angaje Bondye : Chwazi on domèn kote w' gen dout. Mande Bondye pou l' kòmanse deplase w' kote dout la pou l' mennen w' kote kwayans la nan domèn nan.

Tout DOUT ap deplase w' pou l' mennen w' nan yon zòn kote w'ap abandone mach pa lafwa a.

Panse Dout



« Sèpan se bèt ki te pi rize nan tout bèt raje Senyè a, Bondye a, te kreye. Li di fanm nan konsa : **Èske Bondye te janm di** piga nou manje donn tout pyebwa ki nan jaden an ? » Jenèz 3 :1

« Men, se pou li **mande ak konfyans** , **san l' pa gen dout.** **Paske, moun ki gen dout, li tankou lanm lanmè** van ap boulvèse. » Jak 1 : 6

Mwen kwè ke dout se asasen nimewo 1 lafwa. Dout la se premye taktik Satan nan jaden Dedenn avèk Èv. Li te konnen depi l' te ka fè Èv doute sou Bondye, li te ka tante l' pou l' pran on desizyon nan endepandans li pou l' peche kont

Bondye. Mwen vin konprann anpil, atravè konsèy mwen bay lòt moun, ke dout la ka mennen nou lwen lavi pa lafwa a.

Mwen tande e mwen tande ankò gen dout sou lamou Bondye, pisans Li, dezi Li pou rann nou lib, etc... . Tout tan kretyen yo ap viv nan dout, yo p'ap mache pa lafwa. Dout sa yo kòmanse avèk kèk panse. Konsa, kijan pou n' chèche Bondye pou l' mare panse sa yo ?

Eggzanp : An nou sipoze w'ap mache pa lafwa nan on domèn, men ou poko fè eksperyans okenn chanjman. Panse dout yo kòmanse ap monte nan lespri w'.

Konba lafwa : « Senyè, mwen kòmanse ap doute si wi ou non w'ap travay vrèman nan lavi m', paske mwen pa santi okenn chanjman. Mwen kwè nan ou pou bloke panse sa yo epi pou w' se pasyans mwen ak andirans mwen pou yon lòt pa nan lafwa. »

Angaje Bondye: Nan ki domèn ou doute de dezi ak kapasite Bondye pou l' chanje bagay yo? Mande li pou l' retire dout w'a pou l' ranplase l' pa konfyans li. Mande li pou l' se pèseverans ou nan mitan dout ou.

Viv nan DOUT pa kite okenn plas pou lafwa.

Verite Final Sou Konba Lafwa

Kòm konklizyon leson sa a, mwen vle pataje kèk verite final sou konba lafwa a.

1. Nan kèk konba li posib pou w' kontinye konbat pandan kèk tan.

Tan li dire a pa janm menm nan konba lafwa. Gen kèk baryè w' rankontre, ou ka detui yo rapid si w' angaje Bondye pou konbat. Sepandan, anpil sitiyasyon nou rankontre ka egzije on konba lafwa ki pi long. Kite m' bay on egzanp pou montre sa :

An nou sipoze ou gate nan manje anpil, nan bwè alkòl, nan pònografi, etc... Lè w' kòmanse on santye pou liberasyon w' anba adiksyon sa yo, w'ap rankontre tout sòt opozisyon. Nati lachè w' ap kontinye atire w' kote adiksyon an. Satan oubyen fòs demon li yo ap tante w' san rete. Lè w' angaje Bondye pou konbat konba sa a epi pou libere w', sa kapab on batay long, di, fatigan. Pa konsekan, ou ka bezwen angaje Bondye tout tan kont baryè sa yo ki p'ap tonbe fasil.

2. Y'ap tante w' pou w' abandone konba a

«**Konbe tan ankò** w' a bliye m', Senyè ? Gen lè ou bliye m' nèt ? **Konbe tan ankò** m' a rete san m pa wè ou ? **Konbe tan ankò** pou m' souffri ? **Konbe tan ankò** pou m' gen lapenn

lajounen kou lannwit ? **Konbe tan ankò** lènmi m' yo va pilonnen m anba pye yo ? » Sòm 13 :1,2



Èske w' pa janm santi w' menm jan ak David nan Sòm 13? Èske w' pa tande batay la nan mo li yo? Verite a sèke anpil fwa ou t'a vle abandone konba lafwa a tou, espesyalman lè w nan on sitiyaasyon difisil ki sanble pa ka fini. Sepandan, nan moman sa yo, ou bezwen pèsevere pandan w'ap angaje pisans Bondye pou konbat pou ou

« Se konsa , tou sa ki te ekri nan liv la depi nan tan lontan, yo te ekri yo pou montre nou anpil bagay, wi, pou bagay nou jwenn ekri nan liv la ka ba nou **pasyans** ak ankourajman pou n' ka mete tout espwa nou nan Bondye. **Se pou Bondye ki bay pasyans ak ankourajman.** » Women 15 : 4 , 5a

Sa w' bezwen konnen sèke OU pa ka pwodui pèseverans. Bondye sèl ki kapab. Pa konsekan,, mande li pou l' se pèseverans ou pou w' ka rete nan konba a.

« Men, si n'ap **tann** sa nou pa wè, n'ap tann li avèk **pasyans** » Women 8 : 25

Women 8 : 25 di nou si nou gen « Espwa » (yo tradui pa « atant konfidansyèl ») nan sa Bondye pwomèt pou l' fè, alòs, n'ap pèsevere nan nou oubyen nan konba pa lafwa nou. Piske n'ap fè eksperyans libète, viktwa, gerizon etc... sa, ap bati konfyans nou nan Kris pou nou kontinye mache pa lafwa epi kontinye konbat konba lafwa a.

PWEN KLE

Piske w' PÈSEVERE nan konba lafwa epi li posib pou w'ap fè eksperyans on chanjman sinatirèl ki soti nan Bondye, KONFYANS-KRIS ou ogmante epi l' ba ou DEZI pou w' fè on lòt pa nan lafwa.

3. Sonje kote w'ap fini si w' abandne konba a

«Sa ki rive yo a moutre sa pwovèb la di a se vre :**Chen an tounen vin manje sa li te vomi an.** Lave manman kochon, l' **al woule nan labou ankò** . » 2 Pyè 2 :22



Verite a sèke si w' abandone konba a, tout sa nou te kite yo ap tounen nan lachè kòm sous nou. N'ap retounen nan « pak kochon pwodig » ego pandan nou depann de nou epi n'ap amize nou nan pwòp kapasite nou ak pwòp volonte nou pou nou transfòme lavi

nou, rezoud pwoblèm nou yo, epi satisfè bezwen nou yo. Si nou chwazi opsyon sa a, sonje ke l'ap bay plis menm bagay yo oubyen pi mal.

Verite Kle:

Si w' pa angaje Bondye pou konbat konba lafwa a, ou DEJA viktim. Sepandan, si w' mande Bondye pou konbat pandan w' RETE nan konba a, li posib pou w' fè eksperyans VIKTWA LI sou baryè mach pa lafwa w' yo.

Ramase

Mwen kwè w' gen on pi bon lide sou sans konba lafwa a epi ènmi yo k'ap gwoumen avè w' san rete pou detui mach pa lafwa pa w' la. Bòn nouvèl la sèke w' ka gen batay la epi rezilta a se libète, viktwa, gerizon, epi transfòmasyon. Pa konsekan, mwen ankouraje w' pèsevere nan konba lafwa a pou w' ka di avèk Pòl :

« Mwen fin mennen batay la byen mennen, mwen rive nan bout kous mwen, mwen kenbe konfyans mwen fèm nan Bondye. » 2 Timote 4 :7



Sizyèm Leson

Atant Sou Mach Pa Lafwa

Verite Final Sou Mach Pa Lafwa

PREMYE JOU

Apèsi sou Leson Sis

Nan leson final sa a mwen panse li enpòtan pou nou voye je sou atant yo osijè de mach pa lafwa a. Men atant n'ap pale de yo :

Atant Sou Mach Pa Lafwa a

- Genyen ON Mach pa Lafwa san relach
- Fè eksperyans Echèk
- Lafwa kont Santiman
- kronomèt Bondye a
- Doulè ak Soufrans
- Dekouvri sa Bondye ap fè konnyè a
- Rive nan on Pwen San Lit

Entwodiksyon

W'ap wè, nan mach pa lafwa a, ke w'ap gen kèk atant sou jan sa t'a dwe ye. N'ap genyen atant ki reyalis ak atant ki pa reyalis. Nan leson sa a, nou pral wè 7 nan atant ki pa reyalis ki pi kouran n'ap frappe ak yo. M'ap konpare atant ki pa reyalis yo avèk verite a. Answit, m'ap fini leson sa a nan pataje kèk verite osijè de mach pa lafwa.

Atant #1- W'ap Chwazi Mache pa Lafwa Nan Bondye san Relach.

Atant ki pa reyalis : W'ap chwazi mache pa lafwa nan Bondye san relach.



Verite a (Atant Reyalis) : Nan kòmansman mach pa lafwa a w'ap chwazi plizyè fwa pou retounen nan ego w' (lachè kòm sous pou eseye jere pwobèm ou yo), jwenn solisyon, fè lavi w' fonksyone. Sepandan, piske w' kontinye mache pa lafwa, w'ap dekouvri ke w' retounen nan lachè mwens.

Se atant ki pa reyalis ki pi grav nou gen pou n' chase. Nan kòmansman mach pa lafwa w'ap retounen nan ego w' (lachè) plizyè fwa kòm sous pou, oubyen rezoud pwobèm oubyen fè fas a pwobèm ou yo. Poukisa ? Dabò, sonje ke lachè w' se pwen sansib ou. Mwen vle di se avèk viv nan lachè ou abitye. Se yon tandans natirèl sa ye lè w' vle sèvi avèk entèlèk ou, kapasite w', epi volonte w' pou w' viv lavi a san depann de Bondye.

An plis, nan kòmansman mach pa lafwa a ou gen sa mwen rele yon « feblès » lafwa oubyen sa Jezi rele « ti » lafwa. Feblès lafwa w' la se yon konsekans nivo w' nan manke kwayans nan Bondye epi sa l' ka fè oubyen sa l'ap fè. Feblès lafwa w' mache avèk lachè ki « fò ». Lachè w' ap gen gwo otorite sou ou byen bonè, men kòm ou kontinye ap egzèsè fwa w', l'ap vin pi fò pase fòs lachè w'.

An plis, lè w'ap mache pa lafwa nan Bondye w'ap kòmanse fè eksperyans lavi Li epi pouvwa Li pou l' transfòme lavi w', epi w'ap fini pa reyalize verite a ki se ego a pa gen ni solisyon, ni pisans, ni kapasite pou rezoud pwoblèm lavi yo. Lè Sentespri revele w' ke w'ap mache selon lachè, konfese sa bay Bondye sèlman epi tounen kote l' nan moman an. Si w' egzèsè lafwa w', w'ap wè ou retounen nan lachè mwens chak fwa.

SONJE:

Verite a sèke w'ap tounen nan ego a (lachè) kòm sou PLIZYÈ FWA, Men sonje PWOCHÈN FWA a, ou ka repanti de lachè w' epi retounen jwenn Bondye kòm Sous ou.

Angaje Bondye : Si w'ap chèche Bondye pou transfòme on domèn nan lavi w', èske w' dekouvri kijan l' fasil pou ale lwen Bondye pou retounen nan lachè ? Si wi, mande Bondye pou l' kontinye ba w' volonte pou mache pa lafwa.


Atant #2- Echèk SE PA Yon Opsyon !

Atant ki pa reyalis : Mwen pa ka pèmèt mwen echwe nan mach pa lafwa pa m' nan. Si sa rive mwen dwe kondane tèt mwen pou sa epi kwè ke m' se yon echèk.

Verite a (Atant reyalis) : w'ap echwe plizyè fwa nan mach pa lafwa a. Sepandan, sa pa fè w' on echèk pou sa e li pa ba w' on lisans pou w' kondane tèt ou.

VERITE A:

Bondye ap atann ou echwe



Te gen plizyè gwo sen nan labib ki te echwe plizyè fwa, men Bondye te itilize yo an pisans. Li pa nesesè pou n' gade pi lwen pase David pou nou konprann ke nou ka echwe plizyè fwa nan chemen an. Sepandan, kisa Bondye te di David ? Se te yon nonm selon kè mwen. Pa konsekan, Li te atann li echwe souvan. (Mwen defini echèk tou senpleman kòm on retou nan ego kòm sous la.) Ou wè, Bondye ap atann ou

echwe, paske li konsyan de dout ou, de fòs lachè w', de pouvwa peche, epi de pouvwa Satan nan lavi w'.

Menm si w'ap echwe plizyè fwa, sa pa vle di w' se yon echèk pou sa epi pa gen okenn rezon pou w' kondane tèt ou oumenm. Poukisa ? Women 8 : 37 di ke w' pa yon echèk nan zye Bondye men ou « plis pase on konkeran nan Kris ». Lè w' echwe, konfese echèk w'a senpleman bay Bondye, epi repanti w' (Retounen) pwochèn fwa depann de Li.

On lòt pwèn kle pou w' sonje sèke Bondye pa wè kòm echèk sa w' rele echèk la. Li wè w' tounen nan lachè kòm yon « opòtinite » pou l' montre w' lamò lachè w' epi nesesite w' genyen pou retounen jwenn ni. Mwen espere lè w' echwe w'ap tandè vwa Bondye k'ap di w' :

« Vini jwenn mwen, nou tout ki bouke, nou tout ki anba chay, m'a **soulaje** nou. » Matye 11 :28

Verite kle pou w sonje a se sa a :

Verite Kle:

Kantite fwa w' echwe a pa enpòtan. Sa ap rive. Sepandan Bondye ap itilize echèk ou yo kòm yon OPÒTINITE pou montre w' lamò lachè w' epi nesesite w' genyen pou w' depann de Li moman pa moman.

Medite : Sou verite ke Bondye pa wè w' kòm on echèk lè w' retounen nan lachè.

Angaje Bondye : Si w'ap gwoumen avèk santiman echèk nan mach pa lafwa a, chèche Bondye pou fè w' konprann se pa echèk. Men se pito yon opòtinite pou wè lamò lachè w' epi retounen jwenn Bondye.

Atant #3- W'ap santi oubyen w'ap fè eksperyans Transfòmasyon an

« Si n'ap mache, **se pa paske nou wè tout bagay klè, men se paske nou gen konfyans nan Kris la.** » 2 Korent 5 :7

Atant ki pa reyalis Si w'ap fè pa nan lafwa oubyen w'ap mache pa lafwa, w'ap santi oubyen w'ap fè eksperyans travay Bondye nan lavi w'.

Verite a (Atant reyalis) : Pou pi gwo pati nan mach pa lafwa pa w' la, ou p'ap santi, ou p'ap fè eksperyans pwosesis transfòmasyon Bondye a nan lavi w' jiskaske w' viv rezilta pwosesis sa a (c'.à. d. libète, viktwa, gerizon, etc...). W'ap mete lafwa plis w'ap viv li, plis w'ap santi l'.

Mwen konnen ke nou pale de sa déjà men, lè n'ap konsidere dimansyon lit la pou atant sa a nan mach pa lafwa a, mwen vle pale de sa on ti jan pi plis. Se yon pwoblèm paske nou santi oubyen nou viv lavi tout tan atravè sans imen nou yo. Sepandan lè pou nou viv pa lafwa nou ka pa santi oubyen nou ka pa fè eksperyans travay Bondye a nan lavi nou



Mwen konpare travay Bondye nan lavi w' avèk yon IV. An nou sipoze ou lopital epi yo ba ou yon antibyotik nan yon IV. Tandiske oumenm w'ap eseye epi gade gout la, gout, gout nan IV la, ou pa ka santi travay antibyotik la nan kòmanman. Sepandan, ou kwè ke sa mache piske ou gen lafwa nan doktè w' ki te pwomèt ou ke sa t'ap geri w'. Gen posiblite pou lè w' pral geri pou w' santi konsekans gerizon sa yo nan kò w'.

Menm jan an, lè w' kòmanse mache pa lafwa, travay Bondye nan ou se menm jan avèk IV la nan sans ke w' kapab pa santi l'ap travay, men ou konnen pa lafwa Li la paske Li se sa L' pwomèt. Si w' mache tan nesèsè pou w' mache a, w'ap kòmanse santi konsekans travay Bondye sou fòm libète, viktwa, gerizon, transfòmasyon, ak entimite. Kle a se kenbe IV espirityèl la tan nesèsè a pou w' ka fè eksperyans Bondye yo.

Kòm Imen, nou santi epi nou fè eksperyans tout lavi a. Sepandan, lè se lafwa, nou ka pa santi oubyen fè eksperyans transfòmasyon Bondye a.

Angaje Bondye : Lè w' santi dout oubyen dekourajman nan mach pa lafwa a, chèche Bondye pou l' fè w' sonje ke se yon pwosesis. Mande li pou l' deplase w' ale nan yon zòn kote kwayans ou nan aksyon li ogmante menm si w' pa ka santi oubyen fè eksperyans travay li.

DEZYÈM JOU

Atant #4- Pwogramasyon Bondye Kont Pwogramasyon Pa w'.

Atant ki pa realis : Lè m' kòmanse mach pa lafwa a, Bondye ap apwouve pwogramasyon m' nan pou chanjman mwenn vle viv yo.

Verite a (atant reyalis) : Bondye gen yon pwogramasyon san fot pou volonte li akonpli nan lavi w' (e li pa di w' sa pwogramasyon sa a ye).



Mwen pa konnen pou ou, men mwen pa espere m'ap tann lontan pou granmesi. Lè m' mete kle a nan seri a epi m' vire l' mwen atann mwen ke machin nan estat touswit. Lè machin nan ap « mache » epi m' peze pedal la mwen atann mwen ke l' reponn rapid.

E ou menm ? Malerezman, pou majorite a, sa pa mache konsa avèk Bondye. Lè w'ap mache nan santye lafwa sa a, dezi w' nesesè pou ba ou libète, viktwa epi gerizon blesi w' yo rapid. Sepandan, w'ap dekouvri byen vit ke pwogramayon Bondye a avèk pwogramasyon pa w' la ka pa menm.

An nou sipoze ke w' kontinye ap chèche Bondye pandan on tan pou l' transsfòme w' nan kèk domèn, men anyen pa chanje. Ou santi ke w' pase tèlman tan pa lafwa ke w' te dwe ap viv kèk chanjman. Lè Bondye pa apwouve pwogramasyon pa w' la ou ka tante pou abandone mach pa lafwa a oubyen ou ka fristre kont Bondye. Okenn nan opsyon sa yo p'ap pote chanjman rapid ou swete a. Kle a se kontinye fè pa nan tan nesesè a pou fè eksperyans chanjman ou dezire a. Mèt kle pou w' sonje lè w pa gen siksè nan pwogramasyon Bondye a se sa a :

Menm si Bondye ka pa ap travay vit pou ou, L'ap travay !

« Gen yon lè pou chak bagay. Bondye fikse yon tan pou chak bagay k'ap fèt sou latè. »

Eklezyas 3 :1

Yonn nan kesyon ke nou gen tandans poze Bondye se, « Poukisa sa pran anpil tan pou n' viv chanjman an ? » Nou dwe konprann nan kèk domèn nan lavi nou n'ap chanje « pi vit » pase lòt. Poukisa ? Men kèk rezon ki ka fè chanjman an pran plis tan pou l' rive nan kèk domèn nan lavi w' pase lòt :

- Fo kwayans nou yo anrasine anpil akòz anpil ane nou pase ap kwè nan mansonj sa yo.
- Fò w' yo oubyen atachman yo genyen yon gwo otorite sou ou akòz tan yo pase kenbe w' nan kòd.
- Pwofondè blesi yo epi dire tan ou viv avèk blese yo ka fè pwosis gerizon an pi long.
- Kèk dmèn nan lachè w' epi gen plis rezistans a travay Bondye a pase lòt.

- Kwayans negatif ou, dout ou epi perèz ou ka fè w' bay on rezistans ki koz on reta nan travay transfòmasyon Bondye a nan lavi w'.

Nan lafwa mwen kwè pwen kle a se sa a :

“ Konbyen tan w' ka kontinye kwè nan Bondye san w' pa viv chajman an nan lavi w' ? »

Kesyon : Ki bagay ou ka eseye fè si Bondye pa apwouve pwogramasyon w' nan ?

Angaje Bondye : Si w' lage w' nan on mach pa lafwa depi on sèten tan avèk on sijè, e w' pa fè eksperyans chanjman, mande li pou l' se pasyans ou ak pèseverans ou jiskaske w' viv chanjman an.

Sonje:

Lafwa se kwayans ke Bondye ap travay, menm si w' pa wè l' oubyen w' pa fè eksperyans travay sa a nan lavi w'. Lafwa se bagay kle Bondye montre nou lè nou konte sou Li.

Atant #5- P'ap gen ni Doulè ni Soufrans.

«Menm jan nou soufri ak Kris la nan tout soufrans li yo, konsa tou, gremesi Kris la, nou resevwa yon gwo ankourajman . » 2 Korent 1 :5

« Frè m' yo, **nou pa bezwen sezi** devan gwo eprèw sa yo k'ap tonbe sou nou tankou yon **gwo dife**. Nou pa bezwen konprann sa se yon bagay ekstraòdinè **k'ap rive nou la a**. Okontrè, fè kè n' kontan. **Paskemenm jan nou patisipe nan soufrans Kris yo**, Konsa tou n'a kontan nèt ale lè gwo pouvwa Kris la va parèt. 1 Pyè 4 : 12,13

Atant ki pa reyalis : Si m' jwe wòl pa m' nan mach pa lafwa a, Bondye ap anpeche doulè, soufrans ak konfli nan lavi m'.

Verite a (atant reyalis) : Ap gen doulè, soufrans oubyen konfli, **MEN** Bondye ap satisfè bezwen w' lè moman sa yo rive nan lavi w', epi l'ap revele w' nan kwonòmèt li, « bon diven » an k'ap travay nan soufrans ou.



Mwen pa renmen (mwen pa t'ap janm renmen) doulè, soufrans, oubyen konfli. Mwen konnen ke nou gen menm santiman an. Sepandan, Bondye pa janm pwomèt ke mach pa lafwa a ap san doulè oubyen san soufrans. Poukisa ? N'ap viv nan yon mond k'ap degrengole, e nan degrengolad sa a, ap tooujou gen soufrans nan yon nivo.

Genyen twa sòt moun: sa yo ki te souffri, sa yo k'ap souffri, sa yo ki pral souffri byento oubyen pi ta. N'ap adapte nou a tout kategori sa yo. Sepandan, pou kreyen an k'ap mache pa lafwa pandan soufrans la, Bondye pwomèt pou l' satisfè bezwen yo, (Filipyen 4 : 19) pou l' travay on objektif bon diven nan sa (Women 8 :28) epi itilize l' pou yo rive nan yon depandans pi avanse de Li (Jan 15 : 5).

« Tansèlman, nou konn sa byen: nan tout bagay, **Bondye ap travay pou byen tout moun ki renmen l'**, pou byen tout moun li te fè lide rele. » Women 8 :28

Sa m' twouve vre nan mach pèsònèl mwen an sèke :

PI GWO moman transfòmasyon mwen yo rive nan doulè oubyen nan soufrans.

La a tou, sa pa vle di mwen envite doulè ak soufrans. Sepandan, lè m' gade dèyè m' travay Bondye nan lavi m', « bon diven » an (chanjman yo) se yon konsekans doulè oubyen soufrans. Kite m' pataje yon istwa pèsònèl kòm eksplikasyon.

Mwen te gen on mal kwonik ki te ka pa janm fini. Nan kòmansman sitiyasyon sa a, mwen te mande Bondye pou l' voye pikan sa a lwen mwen. Lè m' kòmanse mache pa lafwa vrèman mwen te rive nan lojik ke Bondye ap retire pikan sa a. Sepandan, nan moman m'ap rakonte istwa a la a, m'ap souffri toujou anba sitiyasyon sa a. Diferans la sèke mwen fini pa reyaliize « bon diven » an ki soti nan sa. Bondye sèvi ak soufrans mwen pou l' anseye m' depandans, konpasyon, epi pèsèverans pou m' site sa yo sèlman. Mwen pa mande Bondye pou l' retire pikan an ankò. Okontrè, mwen anbrase pikan m' nan konnyè a paske atravè li mwen viv on pi gwo depandans de Bondye epi on transfòmasyon ki, menm jan Pòl di sa, « depase abondans epi ki ale pi lwen pase tout sa m' te ka mande oubyen imajine »

Nan mitan soufrans, li fasil pou w' eseye kouri, pou w' ba li anestezi oubyen eseye nye l'. Veritte a sèke w' pa gen kote pou w' ale pou Bondye pa wè w'. Se sèl limenm ki ka sèvi konfò w', andirans ou epi espwa w' nan mitan soufrans ou. Mwen swete pwomèt ou on mach pa lafwa san doulè, men mwen pa ka fè pwomès sa a. Sepandan, mwen ka di avèk yon gwo

konfyans-Kris ke soufrans sa a se konsekans mach pa lafwa pa w' la e l'ap toujou gen on objektif « bon diven ».

“ BON DIVEN” Bondye ap itilize chak pati nan doulè w' la ak soufrans w'a pou atire w' nan yon pi GWO DEPANDANS de Li, pou TRANSFÒME lavi w' epi pou REVELE W' kisa gras li ak mizèrikòd li ye nan tan soufrans yo.

Nòt enpòtan: Si w' chwazi mache nan pwòp lachè w, Bondye ap itilize soufrans la kòm on fason pou disipline w' epi mennen w' nan dependans de Li.

Angaje Bondye: Nan ki domèn nan lavi w' w'ap viv konfli oubyen soufrans ki sanble pa ka fini ? Mande Bondye pou l' atire w' nan yon pi gwo dependans de Li osijè soufrans la. Mande Li pou l' revele w' ki « bon diven » l'ap pare si doulè a pa kite w'. Mande Li pou l' transfòme atitud ou nan mitan doulè a.

TWAZYÈM JOU

Atant #6- W'ap Dekouvri Sa Bondye ap fè nan Moman an Nan Pwosesis Transfòmasyon an.

«**Lide pa m' pa menm ak lide pa nou.** Chemen pa nou pa menm ak chemen pa m'. Se Senyè a menm ki di sa. **Menm jan syèl la byen lwen anwo latè, se konsa lide pa m' byen lwen anwo lide pa nou, chemen pa m' byen lwen chemen pa nou.**» Ezayi 55 :8,9

«Li fikse yon lè pou chak bagay byen fèt. Li mete nan kè moun lanvi pou yo konnen sa ki gen pou rive demen . **Men, li pa janm kite yo finn konprann nèt travay l'ap fè a.** » Eklezyas 3 :11



Atant ki pa reyalis : M'ap konprann **POUKI**, epi kisa Bondye ap fè nan lavi m'.

Verite a : (Atant reyalis) Anpil fwa ou p'ap konprann poukisa Bondye fè sa l' fè yo nan lavi w'. Finalman, entansyon Bondye se rampli destine esprityèl ou epi transfòme w' an modèl-Kris. Bondye ap deside si w' dwe konnen pouki, oubyen sa l' fè, oubyen sa l' pa fè nan lavi w'. Li toujou gen yon objektif lè li di w' oubyen li pa di w' sa l'ap fè.

Pòl di sa nan 2 Korentyen 4 : 8 :

«Mwen jwenn tout kalite difikilte men mwen pa janm kwense nèt. Mwen konn rive nan sitiwayon mwen pa konn ni sa pou m' fè, ni sa pou m' di. **Men mwen pa janm pèdi espwa.** »
2 Korent 4 : 8

Mwen kwè nou tout ka idantifye tèt nou avèk Pòl. Mwen konnen m' gen dout sou rezon Bondye pou l' fè oubyen pa fè on bagay. Verite a sèke nou tout, nan kèk pwen diferan nan pakou nou, n'ap doute osijè de travay Bondye a nan lavi nou.

On pati nan plan Bondye pou nou se pou nou gen dout paske dout la kreye on bezwen pou n' depann de Bondye. Nan dout mwen an Bondye anseye m' pou m' pa eseye dekouvri mistè sa. Sa li fè, li te planifye l'. Li konnen lafen apati kòmansman, epi tout sa li mande oumenm avèk mwen se kwè nan li epi renonse nan eseye dekouvri sa l'ap fè epi poukisa. (Èske l' nòm al pou n'ap chèche konnen « kisa » epi « poukisa » paske nou vle gen kontwòl ?)

Ou ka REPOZE w' nan dout ou paske Bondye KONNEN EGZATEMAN sa l'ap fè epi poukisa, epi Li gen kontwòl

Lòt kesyon nou tout poze se : « POUKISA ? » Poukisa sa rive oubyen poukisa sa pa rive ? Poukisa w' pa kanpe sou sa oubyen poukisa w' pa fè sa ? » Nou tout gen kesyon sa yo « poukisa » epi nou bezwen repons. Sepandan, anpil nan kesyon « poukisa » nou yo rete san repons paske nou gen tandans bliye nan moman sa yo ke Bondye se Bondye, eke l'ap revele nou poukisa oubyen kisa li ye si l' jije sa nesesè. Se privilèj Bondye pou l' di nou poukisa oubyen kisa l'ap fè nan lavi nou. Nan reponn oubyen pa reponn ou Bondye toujou gen yon objektif diven.



Si w' ka kontinye avèk anestezi epi kwè nan yon chirijyen sèvo ki konnen sa l' dwe fè avèk presizyon nan domèn chirijji sèvo, alòs, èske nou pa ka kwè nan « chirijyen syèl la » ki konnen sa nou bezwen avèk presizyon epi poukisa nou bezwen sa ? Pandan ke n'ap aprann kwè li, n'ap repoze nou sou konesans reyèl li nan sa l'ap fè a e se pou benefis etènèl nou.

Mwen konnen repons sa a ka pa satisfè w', men mwen rive nan on konklizyon enpòtan anpil :

**Si Bondye kwè ou dwe konnen POUKISA oubyen KISA, alòs l'ap di w' sa.
Sinon, wòl ou se kwè ke li konnen POUKISA oubyen KISA epi repoze w' sou sa !**

LAFWA = REPO !

Angaje Bondye : Èske gen yon evènman nan lavi w' kote w' pa konprann poukisa oubyen kisa Bondye ap fè ? Mande Bondye pou l' fè w' konprann ke w' pa bezwen vrèman konnen sof ke li chwazi di w'. Mande li pou l' ba ou yon atitid lapè ak repo sou kesyon sa yo.

Atant #7- Nou Rive Nan Yon Pwen Kote Lit anndan an ap Fini

Atant ki pa reyalis : M'ap rive nan yon pwen nan mach pa lafwa a kote p'ap gen lit anndan ankò.

Verite a (Atant reyalis) : Ap toujou gen yon lit anndan jis lè w'ap fas a fas avèk Jezi. Sepandan, Kris ki anndan w' te deja genyen tout lit anndan ak deyò sa yo w'ap kwaze a. Piske w'ap mache pa lafwa nan Bondye, w'ap konnen plis vikwa, plis libète epi plis transfòmasyon nan lit anndan (ak deyò) w' yo.



Anpil kretyen anba enfluyans on fo lide ke si yo mache tan nesèsè a pa lafwa, y'ap rive nan yon zòn kote p'ap gen lit ankò. Mwen t'a renmen di w' se vre, men malerezman sa p'ap rive jiskask nou rive nan syèl. Lit anndan yo avèk lachè nou, pouvwa peche epi konpòtman chanèl yo ap dire tout lavi.

Sepandan, avan depresyon pran w' kite m' asire w' ou kapab viv kèk vikwa enkwayab sou lachè w' oubyen libète reyèl sou koz peche yo ki toujou viktim w'an. Ou ka konnen on gwo gerizon blese w' yo. An plis si w' kontinye mache pa lafwa nan Kris, ou kapab konnen on transfòmasyon de latètopye piske Bondye transfòme konpòtman chanèl w'a an konpòtman modèl-Kris. Pratikman w'ap rive nan yon zòn menm jan ak Pòl ki te di nan Efezyen 3 : 20 :

« Tout lwaj se pou Bondye. Paske, ak pouvwa k'ap travay nan nou an, li kapab fè pi plis pase tout sa nou ka mande, pi plis pase tout sa nou ka mete nan lide nou. »

Bòn nouvèl la sèke si w' pèsevere nan mach pa lafwa a :

Bondye ap mennen w', nan tout chemen an, nan kèk zòn kote w'ap viv on jwa INEKSPRIMAB (1 Pyè 1: 8) epi on LAPÈ ki depase TOUT konprann

(Filipyen 4 : 7)

Angaje Bondye : Chèche Bondye pou l' ba ou konfyans li pou w' ka fè eksperyans, nan yon pwen, pwomès libète, vikwa, gerizon ak transfòmasyon li yo.

Ramase

Zanmi m' yo, mwen fè eksperyans tout atant sa yo e menm plis. Mwen tounen nan lachè plizyè fwa. Sepandan, chak fwa mwen tounen nan « pak kochon pwodig » mwen an, mwen rann mwen kont byen vit ke anyen pa t'ap vin pi bon (e sa te vin pi mal an jeneral). Mwen te rann mwen kont ke sèl vrè opsyon m' sete tounen kote Senyè a epi kontinye fè pa nan lafwa. Mwen pran plezi pou m' ale de tanzantan men mwen wè lamò lamò lahè m' rapid, e sa fè m' tounen fè on pa nan lafwa ankò.

KATRIYÈM JOU

Verite Final Yo Sou Mach Pa Lafwa a

Verite # 1- Mach Pa Lafwa a ap vin pi NATIRÈL

Nou te déjà pale depi nan kòmansman de entansyon w' ki dwe nan mach pa lafwa a. Nan moman an w'ap aprann kijan pou w' viv pa lafwa, epi jan m' te di avan se menm bagay avèk lè w' deplase ale nan on lòt peyi epi aprann on lang tou nèf avèk on lòt kilti. Mwen espere, nan pwen sa a, ou konprann se yon kesyon de pakou ke w' pa janm fè avan. Se difisil. Ap gen rezistans, men rekonpans transfòmasyon an merite l'. Bòn nouvèl la sèke aprann mache pa lafwa ap vin pi fasil tout tan w' kontinye ap mache pa lafwa.

Yon egzanp mwen t'a itilize pou m' prezante sa se lèm' t'ap aprann kondui on machin estanda oubyen on machin a klòtch (clutch). Lè m te kòmanse premyè fwa a, mwen te konprann kijan pedal klòtch la ak pedal gaz la te fonksoyane, men an reyalyte mwen pa t' konn eseye yo avan. Apre anviwon 3 mèt ap kouri, motè a te etenn. Answit, pwochèn fwa a mwen woule jiska 6 mèt anviwon avan motè a etenn. Plis mwen te kondui, plis li te vin fasil pou m' itilize pedal klòtch la avèk levye a. Se menm bagay avèk mach kretyèn nan. Nan kòmansman an ou dwe anime avèk entansyon pou w' franchi kèk etap nan lafwa. Motè « espiyityèl » ou ap etenn pandan w' retounen plizyè fwa nan lachè. Sepandan, rive nan on pwen, mach pa lafwa a ap vini tankou respire. W'ap dekouvri tèt ou :

- **Retounen nan lachè mwen souvan.**
- **Pase mwens tan nan pak kochon chanèl ou lè w' retounen nan lachè.**
- **Rekonèt lamò lachè w' pi rapid epi retounen kote Bondye.**
- **Ki vle mache plis pa lafwa.**

Angaje Bondye : Lè w' dekouvri mach pa lafwa a ba ou fristrasyon, chèche Senyè a pou sèvi pasyans ak pèsèverans ou epi konsa, w'ap dekouvri ke mach pa lafwa a vin pi natirèl sou plan espiyityèl.



Verite #2 – Transfòmasyon w’ Se Yon Pwosedè CHIRIJI ki Pran Tan

« Nan lavi m’, se tout tan m’ap pase toupre lanmò poutèt Jezi, pou pouvwa lavi Jezi a ka parèt aklè nan kò mwen ki la pou mouri. » 2 Korènt 4 :11

Nan minit ou kwè nan Kris Bondye, gen on pwosedè transfòmasyon chiriji lavi w’ ki kòmanse. L’ap travay pou mete w’ lwen lachè w’ ak fo kwayans ou yo epi konpòtman chanèl ou yo. Sepandan, pa gen anestezi pou doulè pwosesis sa a. Nan plizyè etap nan chiriji sa a w’ap vle sote sou tab operasyon an epi retounen nan lachè. Sepandan, Bondye renmen w’ tèlman ke l’ap atire w’ tout tan vè limenm pou chiriji a ka kontinye.

Sentespri konnen chemen egzakt pwosesis chiriji w’ la. Antan ke chirijyen l’ap kontanple sa ki pral pase aprè nan pwosesis transfòmasyon w’ nan. Si w’ kontinye mach pa lafwa a, w’ap dekouvri ke w’ rete plis chak fwa sou tab la paske w’ap fè eksperyans libète, viktya epi gerizon li pwomèt yo. W’ap plis konprann tou ke Bondye konnen sa l’ap fè e tout sa l’ fè se akòz lanmou li pou ou.

Chiriji Bondye a fèt SOUVAN san anestezi. Sepandan, rete sou tab operasyon an epi kite Bondye travay.


Angaje Bondye: Nan ki operasyon nan chiriji ou twouve w’ jodi a e ki t’a pouse w’ kouri kite tab operasyon an ? Mande Bondye pou l’ ba ou volonte pou w’ rete sou tab la pou l’ ka fini operasyon an nan domèn sa a.

Verite #3- Tandans la Se Pral MEZIRE Pwogrè w’. Non !

Mwen krenn ke nou pa konnen nan ki pwen lespri nou anrasine nan « pèfòmans ». Mwen vle di, nan anpil domèn nan lavi nou, nou gen tandans ap mezire nou oubyen konpare nou avèk yon estanda oubyen yon lòt moun. Nan mach pa lafwa pa w’ la w’ap tante pou mezire pwogrè w’ epi konpare mach esprityèl pa w’ la avèk pa lòt moun. Silvouplè, pa fè sa pou 2 rezon :

1. Ou pa ka mezire vrèman pwogrè esprityèl ou. Sèl Bondye ki ka fè sa.
2. Chak moun gen pakou pa w’. Pa konsekan, ou pa gen pyès baz pou konpare pa w’ la avèk pa yo a.

Malerezman, nan kòmansman ou plis pare pou sede anba tantasyon ki vle pou w' kòmanse mezire epi konpare mach pa lafwa pa w' la. Rezilta a p'ap lòt ke tonbe nan kondanasyon pwòp tèt ou si w' pa pwogrese selon pwogramasyon pa w' oubyen fè eksperyans kondanasyon an (sètadi ògèy) si w' panse ke w' pwogrese pi vit pase lòt moun. W'ap dekouvri byen vit ke mezire ak konpare retounen w' sèlman nan pak kochon chanèl kondanasyon oubyen ògèy. Pa konsekan, depoze mèt (riban metrik) espiyèl w'a epi fè kè w' kontan de pakou w' la.



Menm si w' pa ka mezire pwogrè w' la, panse a pakou espiyèl w'a.

Menm jan nan yon bato kwazyè. Si w' nan yon bato kwazyè ki kite waf la epi w' devan bato a, ou pa ka gen on lide egzat de distans ou fè. Sepandan, si w' dèyè bato a, w'ap wè klè ki distans

ou fè pa rapò a waf la. Pa konsekan, si w'ap mache pa lafwa, on koudèy dèyè kote w' soti a ap ba w' on lide de distans ou fè a sou santye transfòmasyon an. W'ap etone pou wè kijan Bondye deplase ' vit de waf la.

Nòt : Rive nan on pwen, ou ka gade dèyè pou wè ki kote Bondye mennen w'.

Angaje Bondye : Èske w' te eseye mezire pwogrè espiyèl ou ? Si wi, mande Bondye pou l' fè w' konprann ke w' p'ap janm ka mezire l'. Tandiske w'ap mache pa lafwa, gade dèyè bato w' la epi w'ap kòmanse wè ki distans ou fè nan pakou transfòmasyon w' nan.

Verite #4- Kòm ou Kontinye ap Mache pa Lafwa, W'ap genyen Zye Espiryèl pou wè sa Bondye ap Reyalize nan Lavi w'.

« Paske, mwen p'ap konsidere **bagay moun wè**, men **bagay moun pa wè**. **Sa moun wè, se bagay ki pa la pou lontan, men sa moun pa wè, se bagay ki la pou tout tan.** » 2 Korint 4 :18



Nonm avèg la te di, « otrefwa mwen te avèg men konnyè a mwen wè » (Jan 9 : 25). Lè nou kòmanse mach pa lafwa sa a, nou sanble a nonm avèg la. Tout sa nou ka wè se sa 5 sans nou ba nou. Sepandan, kòm linèt ba nou on vizyon pi klè, si n'ap mache pa lafwa, Bondye ap ba nou linèt « espiyèl » pou n' wè lavi nou. Ki bagay n'ap ka kòmanse wè nan linèt « espiyèl » sa yo ?

Nou kòmanse wè « bon diven » an k'ap kontinye menm nan mitan doulè ak konfli. Nou wè objektif Bondye yo pi klè epi kijan l'ap reyalize destine espiyèl pou nou transfòme. Nou wè

feblès ènmi mach nou an lè nou mache nan pisans Bondye. Nou wè tou lamou Bondye pou nou lè sikonstans nou yo t'a vle di lekonntrè.

On lòt konparezon ke m' itilize se wè lavi w' nan pèspektiv 30.000 pye Bondye a. Nan kòmansman mach pa lafwa a se kòm si w' atè a. Sepandan, piske w' grandi nan lafwa w', ou rive nan yon otè ou kapab wè pi byen sa Bondye ap fè e pou ki rezon li fè l'. Sa k'ap pase nan lavi w' ap vin pi klè a 30.000 pye.

BONDYE ap ba ou zye espiyèl pou wè sa lòm natirèl pa ka wè.

Egzèsis : Ki pwoblèm ki devan w' eke w' vle wè apati 30.0000 pye ? Mande Bondye pou l' rann tout verite anlè yo reyèl pou sa ki konsène pwoblèm w'an.

Verite #5- Ou Pa ka Konekte on sèl Pa nan Lafwa pou w' Fè Eksperyans Transfòmasyon an Demen.

On lòt verite pou nou konprann sèke nou pa ka konekte on sèl pa nan lafwa avèk transfòmasyon an demen. Se yon lit paske nou vle konekte pwen espiyèl yo epi dekouvri kijan tout sa k'ap pase nan lavi nou konekte. Verite a sèke Bondye konnen e wòl nou se kwè nan li epi repoze nou nan sa. On pati nan pakou lafwa a se aprann kijan pou n' repoze n' nan verite ki se Bondye konnen kijan pwen yo konekte, nou pa bezwen konnen.

SENKYÈM JOU

Verite #6- Mach Pa Lafwa Pa w' La ap Bati yon MOMENTUM Piske Konfyans ou nan Kris ap Grandi

« **Aslrans** sa a, nou genyen li **soti nan kris** bò kote Bondye » 2 Korentyen 3 : 4

Tankou m' te di sa avan, mwen wè anpil kretyen k'ap viv avèk on mank « konfyans nan Kris ». Jan m' te mansyone sa avan, se paske anpil nan yo mache on bon tan pa lafwa pou yo te fè eksperyans travay sinatirèl la pandan yo renouvle lespri yo nan verite ki rann yo lib la.

Sepandan, kòm w'ap kontinye mache pa lafwa, travay espiyèl w'a ap tankou yon boul nèj k'ap desann sou kolin nan. Kòm konfyans ou nan Kris grandi, ou jwenn momentum espiyèl la paske dezi w' ak volonte w' grandi pou w' viv transfòmasyon Bondye a chak fwa plis.

DEFI a:

Fè ase pa nan lafwa pou w' fè eksperyans chanjman sinatirèl yo pou w' konstui KONFYANS-KRIS pa w' nan kapasite Bondye epi dezi li pou transfòme lavi w'.

Verite #7- Transfòmasyon an ap OGMANTE tout tan L'ap vini

Piske pwosesis transfòmasyon an ap ogmante, kijan m'ap fè konnen si chanjman an ap rive nan moman an ? Nan Women 15 : 8, Pòl di nou ke Bondye ap konfime pwomès li yo anvan nou.

«Men sa m vle di :Kris la te fè tèt li sèvitè jwif yo pou l' te ka fè pwomès Bondye te fè zansèt nou yo rive vre, epi pou l' te montre jan **Bondye kenbe pawòl li.** » Women 15 : 8

Nou konnen pa lafwa ke Bondye ap travay nan lavi nou. Sepandan Bondye vle konfime chanjman yo nan panse nou, chwa nou, konpòtman, ak santiman nou yo. Pa konsekan, mwen fè yon lis ki t'a ka gen rapò avèk lis Bondye a pou konfime travay li nan lavi w' :

- 1. Lespri w' kòmanse panse epi kwè nan verite Bondye a pase l' kwè nan mansonj ou yo.**
- 2. Volonte w' ap kòmanse fè chwa ki baze sou verite Bondye ke w' panse epi w' santi konnyè a. Sa ap mete nan ou yon pi gwo volonte pou vin jwenn Bondye pou yon renouvèlman ki pouse lespri w' pi fon nan verite Li.**
- 3. Ou kòmanse fè eksperyans on chanjman sinatirèl nan atitid ou ak konpòtman w'.**
- 4. W'ap kòmanse fè eksperyans gerizon blesi w' yo.**
- 5. W'ap kòmanse fè eksperyans libète ak viktya nan domèn kote w' te konn fè sèlman eksperyans lyen ak defèt avan.**
- 6. Dezi w' pou mache pa lafwa nan Bondye ap grandi, epi dezi w' pou retounen nan ego a ap diminye.**
- 7. W'ap dekouvri ke lamou w' ak dezi w' pou Bondye ogmante.**
- 8. Chak jou plis w'ap dekouvri w' toudi, koule, epi nan krentif sou kiyès Bondye ye epi sou sa li fè nan lavi w'.**

Piske bagay sa yo kòmanse rive nan lavi w', alòs, konfyans ou nan Bondye ap grandi, sa ap ogmante momentum ou ak dezi w' pou kontinye mache pa lafwa

Verite #8- Pakou Espirityèl ou Vin Redui Senpleman a yon Chwa moman pa moman.

Pou rès lavi w', w'ap fè yon chwa CHAK moman pou W' gen Lafwa nan TÈT OU, pou w' gen Lafwa nan BONDYE.

lafwa nan tèt ou kòm Sous ou


San èd Bondye =

***San mouvman, Feblès,
Lavi san chanjman (plis menm bagay yo)***

Fwa nan Bondye kòm

Sous ou =

***Lavi, Pisans,
Transfòmasyon***



Quel Choix Ferez-vous ?

Lafwa nan tèt ou ap kondui nan:

- Pa gen vikwa
- Pa gen libète
- Pa gen gerizon
- Pa gen transfòmasyon
- Pa gen lajwa
- Pa gen entimite

Lafwa nan Bondye ap kondui nan:

- Vikwa
- Libète
- Gerizon
- Transfòmasyon
- Lajwa
- Entimite

Sonje Ap Gen Moman Nan Pakou w' la Kote W'ap :

- **Doute de kapasite ak volonte Bondye pou transfòme lavi w'.**
- **Fristre epi fache avèk Bondye.**
- **Kondane tèt ou oumenm menm.**
- **Vle abandone.**

Avèk tristès, mwen wè moun abandone mach pa lafwa yo a. Sa fè m' tris anpil paske lè yo fè sa, yo vire do bay sèl moun ki ka fè diferans la nan lavi yo. Tout sa ki rete lè w' vire do bay Bondye se afwonte lavi a. Mwen defini « afwonte » tankou sa lòt ap eseye fè pou nye, pou kouvri, pou pase anestezi sou doulè a lè efò li yo pou rezoud pwoblèm lavi l' yo se anven. Kidonk, lè w' vle abandone :

Fè ON LÒT pa nan Lafwa

Lè tout bagay nan ou di, « Retounen », fè on lòt pa nan Lafwa. W'ap chèche repons ki soti nan Bondye, epi lè w' jwenn yo, fè on lòt pa nan lafwa. Lè doulè w' la ensipòtab, fè on lòt pa nan lafwa. Lè w' gen dout, ou nan konfizyon, ou pèdi, fè on lòt pa nan lafwa. Si w' fè sa, konsa w'ap fè eksperyans tout pwomès Bondye yo epi plis toujou. Nou jwenn on pati nan « plis toujou » a nan Women 5 :17 :

« Se vre wi. Poutèt peche yon sèl moun, lanmò te domine akòz li menm sèlman. **Men, grenmesi yon sèl moun tou**, Jezikri, nou jwenn plis toujou : tout moun ki resevwa favè Bondye a an kantite, tout moun ki resevwa kado Bondye a lè li fè yo gras, **yo gen pou yo viv, pou yo domine akòz Kris la.**» Women 5 : 17

RENYER nan lavi a se viv nan, atire vè, epi transfòme pa lavi Kris la menm.

Èske w'ap vini on Kreyen Jan 6 : 66 Oubyen on Kreyen Jan 6 : 68 ?

Mwen vle fini etid sa a avèk konparezon on kreyen Jan 6 : 66 epi on kreyen Jan 6 : 68. Avan, an nou gade nan Jan 6:66-68 :

« **Depi lè sa a, anpil nan disip yo wete kò yo, yo pa mache avè l' ankò.** Lè Jezi wè sa, li di douz disip yo : **nou menm, nou pa vle ale tou ?** Simon Pyè reponn li : **Senyè, ki moun pou n' al' jwenn ? Se ou menm ki gen pawòl k'ap bay lavi ki p'ap janm fini an.**» Jan 6 :66-68

Kisa on kreyen Jan 6 : 66 ye ?

« **Depi lè sa a, anpil nan disip yo wete kò yo, yo pa mache avè l' ankò.** » Jan 6 :66

Malerezman, anpil kreyen vire do bay Kris alafen epi yo retounen kote pwòp tèt yo kòm sous la. Se yo mwen rele kreyen jan « 6 : 66 ». Kisa ki fè on kreyen se on kreyen jan 6 : 66 ?

- Yo pa konnen verite ki se Kris k'ap viv lavi li nan yo, alòs, yo kontinye ap viv nan lachè yo olye yo viv nan Kris.
- Yo pa konnen kijan pou yo mache pa lafwa nan Kris vrèman, alòs yo kontinye ap mache pa lafwa selon pwòp kapasite yo san èd Bondye.
- Yo mache pa lafwa nan Kris, men yo pa mache ase tan pou yo fè eksperyans on transfòmasyon. Yo dekouraje epi yo retounen nan ego kòm sous la.

On kreyen Jan 6:66 ki di tèt li alafen ke mach pa lafwa a pa fonksyone e ke l'ap kite mach pa lafwa a pou retounen nan ego kòm SOUS la.

Kisa on kretyen Jan 6 : 68 ye ?

« Simon Pyè reponn li: **Senyè, ki moun pou n' al' jwenn ? Se ou menm ki gen pawòl k'ap bay lavi ki p'ap janm fini an » Jan 6 : 68**

Kisa Pyè ak rèss douz disip yo te di pou fini:

Jezi se sèl CHEMEN pou n' viv lavi kretyèn.

« Mwen se chemen an.... » Jan 14 : 6

Disip yo te reyalize pa t' gen lòt chemen ke sa ki depann de Jezi a. Yo te fè ase pa nan lafwa Kris la paske yo te kwè ke se te sèl sous pou viv lavi.

Pa konsekan, m'ap defini on kretyen jan 6 : 68 kòm on moun ki :

- **KONNEN verite ki se, lavi kretyèn se on kesyon de Kris k'ap viv lavi Li nan moun nan.**
- **MACHE pa lafwa nan Kris.**
- **FÈ EKSPERYANS transfòmasyon esprityèl san rete a.**
- **KONNEN pa gen LÒT altènativ pou n' viv lavi kretyèn ke viv nan Kris.**

On kretyen Jan 6: 68 se yon moun ki fè eksperyans transfòmasyon an tèlman ke se JEZI sèlman li vle. Donk, l'ap TOUT BAGAY pou li nan TOUT BAGAY.

Dènye pwèn an enpòtan anpil paske on moman ap rive nan pakou w' la kote w'ap reyalize ke sèl mwayen pou w' viv reyèlman lavi kretyèn nan se nan Kris. Se kote sa a Pòl rive nan Filipyen 3 : 8 lè li di:

« Men, se pa sa sèlman. Se tout bagay menm ki pa vo anyen pou mwen, lè m' konpare yo ak gwo avantaj mwen genyen lè m' konnen Jezikri tankou Senyè mwen. Poutèt li, mwen voye tout bagay jete, mwen gade yo tankou fatra pou m' sa gen Kris la.»

Nan nivo sa a, mwen kwè ke w' wè klè diferans ant yon kretyen Jan 6 : 66 epi yon kretyen Jan 6 : 68. M'ap priye pou Bondye rive avèk ou nan menm konklizyon ak Pyè epi Pòl lè yo te konprann pa t' gen lòt chemen ke « CHEMEN » an ki se Kris.

Mo Ankourajman Final

Mwen vle remèsye w' paske w' tèmine etid la. Mwen kwè nan Sentespri a pou pran verite sa yo epi revele yo epi transfòme lavi w'. Dezi mwen ak priyè mwen san relach pou ou se 2 mo Pòl te itilize nan Fiipyen 3 : 14.

« PEZE »

Priyè m' pou ou sèke w'ap peze epi w'ap fè on lòt pa nan lafwa. Peze epi pa abandone pou w' retounen nan lachè. Peze epi viv zèv sinatirèl Bondye mèvèy sa a, Bondye lanmou sa a ki abite nan ou. Peze bouton an kote w'ap di avèk Pòl nan Fiipyen 1 : 21

« Kris ap Viv Nan Mwen »
